देशक गप गामक भाषा मे

समदिया मिथिला

समदिया मिथिला


देशक पहिल मैथिली दैनिक

बुध

04 नवंबर, 2026

पटना

कार्तिक, कृष्ण पक्ष, दशमी, संवत् : 2083



RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 55 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com मूल्य : 4:00

अवैध संबंधक आरोप मे घेरल गेल एएसआइ तं केलक अंधाधुंध फायरिंग, एक गोटेक मृत्यु, तीन घायल

बाबूबरहीक बलिराजगढ़ मे राति करीब 1 बजे भेल घटना, आरोपी एएसआइ फरार, गिरफ्तारी लेल पांच विशेष टीम गठित

- फरार एएसआइ केर सूचना देनिहार व्यक्ति कें देल जायत 25 हजारक ईनाम : एसपी
- डीएम संग ग्रामीण केलनि धक्का-मुक्की

मधुबनी, समदिया

मधुबनी जिलाक बाबूबरही थाना क्षेत्रक बलिराजगढ़ गाम मे सोमदिन राति एकटा सनसनीखेज घटना सामने आयल। भारतीय पुरातत्व सर्वेक्षण (एएसआइ) मे तैनात सहायक पुलिस अवर निरीक्षक (एएसआइ) चंद्रमोहन सिंह पर अवैध संबंधक आरोप लगलाक बाद ग्रामीण सभक घेराबंदी पर अपन सर्विस रिवॉल्वर सं अंधाधुंध गोली चलेबाक आरोप अछि। गोलीबारी मे अशोक यादव (45) सहित एक व्यक्तिक मृत्यु भए गेल, जखन कि तीन गोटे घायल भए गेलाह। घटनाक बाद आरोपी एएसआइ फरार अछि।

मधुबनीक पुलिस अधीक्षक योगेंद्र कुमार आरोपी एएसआइ कें तत्काल प्रभाव सं निलंबित कए देलनि छथि। हुनका सेवा सं बर्खास्त करबाक कारबाइ सेहो चलि रहल अछि। आरोपीक गिरफ्तारी लेल पांच विशेष पुलिस टीम गठित कएल गेल अछि। पुलिस ओकरा पर 25 हजार टाकाक इनाम सेहो घोषित कयने अछि। एसपी योगेंद्र कुमार कहलनि जे आरोपीक विरुद्ध बाबूबरही थाना मे हत्याक मामिला दर्ज कयल गेल अछि। गिरफ्तारी लेल लगातार छापामारी कयल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे गिरफ्तारीक बाद मामिलाक त्वरित विचारण करा कए कठोरतम सजा दियेबाक प्रयास कयल जायत।

महिलाक घर मे गेल छल एएसआइ

एसपीक अनुसार, सोमदिन राति करीब 1 बजे बाबूबरही थानाक डायल 112 पर बलिराजगढ़ गाम मे गोलीबारी आ एक व्यक्तिक मृत्यु होयबाक सूचना भेटल। सूचना भेटिते एसपी पुलिस टीमक संग सदर अस्पताल पहुंचलाह। ओतय घायल सभक परिजन सं घटना संबंधी जानकारी लेलनि। तकर बाद घटनास्थल पहुंचि स्थानीय ग्रामीण सभ सं पूछताछ कयलनि। जांचक क्रम मे जानकारी भेटल जे बलिराजगढ़ गाम मे भारतीय पुरातत्व सर्वेक्षण द्वारा उत्खननक काज चलि रहल अछि। ओतहि एएसआइ चंद्रमोहन सिंह तैनात छलाह। एसपीक अनुसार, आरोपी एएसआइक गामक एक महिला सं कथित संबंध छल। एहि कारण ओ बेसी काल गाम अबैत-जाइत छल। ग्रामीण सभ ओकर एहि गतिविधि सं तमसायल छलाह। घटनाक राति सेहो ओ ओहि महिलाक घर गेल छल। एएसआइ कें घर मे प्रवेश करैत देखि पड़ोसक एक महिला साहस देखबैत बाहर सं दरबज्जा बंद कए देलक आ हल्ला करय लागल। हल्ला सुनि राति मे पैघ संख्या मे ग्रामीण ओतय जुटि गेलाह।



एमहर सीएम कहलनि, बिहार मे क्राइम भए सकैत अछि अपराध नहि

पटना। बिहार मे अपराधक मुद्दा पर मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक बयान सं राजनीतिक सरगर्मी तेज भए गेल अछि। दिल्ली दौराक तेसर दिन सम्राट चौधरी कहलनि जे बिहार मे अपराधक अवधारणा समाप्त भए गेल अछि। ओ कहलनि जे क्राइम भए सकैत अछि, मुदा अपराध नहि। मुख्यमंत्रीक एहि बयान पर नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव सोशल मीडिया पर पोस्ट कए निशाना साधलनि। ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री प्रदेश कें बर्बाद करबाक सुपारी लेने छथि। बिहार मे बाढ़िक समस्या सं निपटबाक लेल केंद्र आ राज्य सरकार एकटा महत्वपूर्ण पहल कयने अछि। केंद्रीय सड़क परिवहन आ राजमार्ग मंत्रालय तथा बिहार सरकारक बीच समझौता ज्ञापन (एमओयू) पर हस्ताक्षर कयल गेल अछि। एहि समझौता अंतर्गत बिहारक नदी सभ मे वैज्ञानिक तरीका सं गादि निकालल जायत। निकालल गेल गादि आ माटिक उपयोग राष्ट्रीय राजमार्गक निर्माण मे कयल जायत। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी दिल्ली दौराक क्रम मे केंद्रीय मंत्री नितिन गडकरी संग बिहारक सड़क परियोजना पर बैसार केलनि। एहि दौरान करीब 330 किलोमीटर लंबाइ बला चारि प्रमुख राष्ट्रीय राजमार्ग आ एक्सप्रेस-वे परियोजना कें केंद्रीय मंत्रिमंडल (सीसीईए) सं शीघ्र स्वीकृति देबाक आग्रह कयलनि। एहि परियोजना सभक लेल 49,751 करोड़ टाकाक मांग कयल गेल।



एक नजरि

सीतामढ़ी सं अयोध्या धरि चलत वंदे भारत एक्सप्रेस

पटना : सीतामढ़ी स्थित मां जानकीक जन्मस्थली आ उत्तर प्रदेशक अयोध्या स्थित भगवान रामक जन्मभूमि कें जोड़बाक लेल शीघ्र वंदे भारत एक्सप्रेस ट्रेन चलाओल जा सकैत अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी मंगलदिन नई दिल्ली मे रेलमंत्री अश्विनी वैष्णव सं भेंट कए एहि मार्ग पर ट्रेन शुरू करबाक आग्रह कयलनि। मुख्यमंत्री कहलनि जे दीपावली आ छठि पर बिहार लौटयबला यात्रिक सुविधा लेल पिछला साल जकां एहि बेर सेहो विशेष ट्रेन चलय, एहि विषय पर बात भेल अछि। पिछला बेर रेलवे करीब 10 हजार विशेष ट्रेन चलौने छल।

सीएम आ एसपी कार्यालय पर फेर धरना पर बैसली खगड़िया एसपीक पत्नी

खगड़िया : खगड़िया एसपी भानु प्रताप सिंह आ हुनकर पत्नी पूजा सिंहक बीच पारिवारिक विवाद बढ़ैत जा रहल अछि। तीन दिनक भीतर दोसर बेर पूजा सिंह धरना पर बैसल छथि। अपन 6 वर्षीय बेटी सं भेंट आ पति संग फेर परिवार बसा रहबाक मांग लए ओ खगड़िया स्थित एसपी आवासक बाहर धरना देलनि।

8.44 करोड़क चारि योजना मे अनियमितताक आरोप, नगर आयुक्त प्रभात झा निलंबित

पांच सदस्यीय जांच समितिक रिपोर्ट पर सामान्य प्रशासन विभाग केलक कारबाइ

- 68 छोट-छोट योजना मे बांटि टेंडर प्रक्रिया सं बचबाक मामिला

समदिया इंपैक्ट

सहरसा, राजीव झा



नगर निगम मे 8 करोड़ 44 लाख टाकाक चारि पैघ विकास योजना मे कथित अनियमितताक मामिला मे बिहार सरकार पैघ कारबाइ केने अछि। सामान्य प्रशासन विभाग नगर आयुक्त प्रभात कुमार झा कें तत्काल प्रभाव सं अगिला आदेश तक निलंबित कए देलक अछि। निलंबन अवधि मे हुनकर मुख्यालय मगध प्रमंडल, गयाक आयुक्त कार्यालय निर्धारित कएल गेल अछि। एहि संबंध मे विभाग द्वारा 03 नवंबर 2026 कए संकल्प जारी कएल गेल। सामान्य प्रशासन विभाग द्वारा जारी संकल्पक अनुसार, नगर आयुक्त प्रभात कुमार झा पर आरोप अछि जे नगर निगमक चारि पैघ विकास योजना कें 68 छोट-छोट योजना मे विभाजित कए काज कराओल गेल। आरोप अछि जे निर्धारित निविदा प्रक्रिया (टेंडर) सं बचबाक उद्देश्य सं योजना सभ कें छोट-छोट हिस्सा मे बांटल गेल। एहि योजना सभ मे कुल 8 करोड़ 44 लाख टाकाक राशि शामिल छल। मामिलाक गंभीरता कें देखैत नगर विकास एवं आवास विभाग द्वारा पांच सदस्यीय जांच समितिक गठन कएल गेल छल। समितिक जांच पूरा करबाक बाद 21 सितंबर 2026 कए अपन प्रतिवेदन विभाग कें सौंपलनि। जांच प्रतिवेदन मे नगर आयुक्त प्रभात कुमार झा कें दोषी मानैत हुनका विरुद्ध विभागीय आ कानूनी कारबाइ करबाक अनुशंसा कएल गेल छल। एकर बाद अनुशासनिक प्राधिकार मामिलाक समीक्षा करैत बिहार सरकारी सेवक (वर्गीकरण, नियंत्रण एवं अपील) नियमावली, 2005 केर नियम-9क अंतर्गत निलंबनक निर्णय लेलक। निलंबन अवधि मे हुनका नियमानुसार जीवन निर्वाह भत्ता देल जायत।

उल्लेखनीय अछि जे एहि मामिला कें लए समदिया मिथिला द्वारा प्रमुखता सं समाचार प्रकाशित कएल गेल छल। समाचार प्रकाशनक बाद संबंधित विभाग मामिलाक संज्ञान लैत जांच प्रक्रिया आगू बढ़ौलक। जांच रिपोर्ट आधार पर नगर आयुक्तक विरुद्ध कारबाइ कएल गेल। एहि कारबाइक बाद नगर निगम मे विकास योजनाक क्रियान्वयन, निविदा प्रक्रियाक पालन आ सरकारी राशि खर्च करबाक पारदर्शिता कें लए एक बेर फेर सवाल उठल अछि। सरकारी योजना मे निर्धारित प्रक्रिया आ वित्तीय नियमक पालन सुनिश्चित करबाक जरूरत पर सेहो चर्चा तेज भए गेल अछि।

दू करोड़ सं बेसीक अवैध संपत्ति अर्जित केलनि डीपीओ रूबी, ईओयू केलक खुलासा

- किशनगंज मे डीपीओ पद तैनात छथि रूबी कुमारी

किशनगंज/कटिहार, समदिया

बिहारक आर्थिक अपराध इकाइक (ईओयू) टीम किशनगंज आ कटिहार मे शिक्षा विभागक जिला कार्यक्रम पदाधिकारी (डीपीओ) रूबी कुमारी सं जुड़ल चारि स्थान पर एकहि संग छापेमारी कए रहल अछि। रूबी कुमारी शिक्षा विभागक सर्व शिक्षा अभियान मे डीपीओ पद पर कार्यरत छथि। प्रारंभिक जांच मे हुनका आ हुनकर पति गौरव कुमारक नाम पर आय सं बेसी संपत्ति अर्जित करबाक साक्ष्य भेटल अछि।

किशनगंज मे छापेमारी लेल पहुंचल आर्थिक अपराध इकाइक डीएसपी जानीफुद्दीन कारबाइक जानकारी देलनि। हुनकर अनुसार, रूबी कुमारी पर आय सं बेसी संपत्ति अर्जित करबाक आरोप अछि। किशनगंज, कटिहार आ पटना सहित अन्य स्थान पर सेहो जांच आ छापेमारी कयल गेल। रूबी कुमारी मूल रूप सं कटिहार जिलाक निवासी छथि आ वर्तमान मे किशनगंज मे पदस्थापित छथि।



कटिहारक घर आ निजी अपार्टमेंट मे सेहो छापामारी

आर्थिक अपराध इकाइक टीम कटिहारक ऑफिसर्स कॉलोनी स्थित हुनकर आवास आ निजी अपार्टमेंट मे सेहो छापेमारी कए रहल अछि। छापेमारीक दौरान सभ ठाम भारी संख्या मे पुलिस बल तैनात कयल गेल अछि। डीएसपी जानीफुद्दीन कहलनि जे रूबी कुमारीक ज्ञात आयक तुलना मे करीब 70 सं 80 प्रतिशत बेसी संपत्ति अर्जित करबाक मामिला सामने आयल अछि। करोड़ो टाकाक जमीन किनबाक जानकारी सेहो भेटल अछि।

बिहार बाढ़ि सेहो झेलय आ सुखाड़ सेहो आखिर ई कोन व्यवस्था अछि : संजय झा

- संजय झा कहलनि 1996क जल संधिक नवीकरण नहि हो, 2050 धरि बिहारक जरूरत कें भेटय प्राथमिकता
- उमेश कुशवाहा कहलनि- संधिक 73 प्रतिशत भार बिहार पर

भागलपुर, समदिया



गंगा मे बाढ़िक कहर सेहो बिहार झेलय आ पानिक किल्लत सेहो एहि राज्यक हिस्से पड़य, आखिर ई कोन व्यवस्था अछि? फरक्का जल संधि कें लए आब जनता दल (यूनाइटेड) बिहारक जल अधिकारक सवाल पर आवाज तेज करबाक घोषणा कयने अछि। एहि मुद्दा पर मंगलदिन भागलपुरक टाउन हॉल मे जदयू द्वारा आयोजित फरक्का जल संधि पर नीतीश संवाद कार्यक्रम मे पार्टीक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष संजय कुमार झा आ प्रदेश अध्यक्ष उमेश सिंह कुशवाहा बिहारक जल अधिकारक मुद्दा उठौलनि।

नेता सभ कहलनि जे फरक्का जल संधि आ बराजक प्रभाव पर नव ढंग सं विचार करबाक समय आबि गेल अछि। कार्यक्रम मे फरक्का जल संधिक प्रभाव पर आधारित वृत्तचित्र देखाओल गेल आ लोक सभक बीच जानकारीपरक पर्चा सेहो बांटल गेल। राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष संजय कुमार झा अपन संबोधन मे कहलनि जे शुष्क मौसिम मे जखन बक्सर लग गंगाक जलप्रवाह घटि कए करीब 400 क्यूमेक रहि जाइत अछि, तखनहुं संधिक प्रावधानक अनुसार फरक्का सं बांग्लादेश लेल 1500 क्यूमेक पानि छोड़बाक व्यवस्था अछि। हुनकर कहब छलनि जे एकर प्रभाव मात्र गंगाक जलप्रवाह धरि सीमित नहि रहैत अछि, बल्कि बिहारक आंतरिक नदी सभक जल प्रबंधन पर सेहो पड़ैत अछि।

संजय झा आरोप लगौलनि जे एहि व्यवस्थाक कारण बिहारक किसानक सिंचाइ, पेयजल, उद्योग आ लाखो लोकक आजीविका प्रभावित भए रहल अछि। ओ कहलनि जे तत्कालीन सरकार सभ संधि करैत समय बिहारक दीर्घकालीन जल आवश्यकता कें पर्याप्त महत्व नहि देलक। आब राज्यक हित आ भविष्यक जरूरत कें ध्यान मे रखैत संधि पर पुनर्विचार आवश्यक अछि। हुनकर मांग छलनि जे 1996क जल संधिक नवीकरण नहि हो आ 2050 धरि बिहारक जल आवश्यकता कें प्राथमिकता भेटय।

प्रदेश अध्यक्ष उमेश सिंह कुशवाहा कहलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार बहुत पहिने सं फरक्का बराज आ जल संधि सं बिहार कें होमयबला नुकसानक मुद्दा उठबैत रहल छथि।

मैथिली सम्मान समारोह

समदिया मिथिला आओर द स्येक्द्रमक प्रस्तुति

जय मिथिला जय मैथिली

तिथि : 13 दिसंबर • स्थान : विद्यापति भवन पटना • समय : 11 बजे पूर्वाह्न

कार्यक्रम :

- मिथिला विभूति सम्मान
- सांस्कृतिक कार्यक्रम
- समदिया मिथिलाक संग्रहणीय विशेषांक "भविष्यक मिथिलाक" लोकार्पण
- मिथिला व्यंजनक भोज
- मिथिलाक भविष्य पर चर्चा.

पटना मे 15 करोड़ सं बनि रहल बिहार गौरव पार्क, 21 नवंबर धरि होयत तैयार

22 नवंबर कें भए सकैत अछि उद्घाटन

पटना, समदिया

बिहारक ऐतिहासिक, सांस्कृतिक आ गौरवशाली विरासत कें एकहि परिसर मे प्रदर्शित करबाक उद्देश्य सं बिहार गौरव पार्क तैयार कएल जा रहल अछि। गंगा पथ आ डॉ. राजेंद्र प्रसादक समाधि स्थल बीच करीब 9 एकड़ जमीन पर बुडको एकर निर्माण करा रहल अछि। करीब 15 करोड़ रुपैयाक लागत बला एहि परियोजनाक 85 प्रतिशत काज पूरा भए चुकल अछि।



पार्कक निर्माण आखरी चरण मे अछि। 21 नवंबर धरि रंग-रोगन, फिनिशिंग आ आन बचल काज पूरा करबाक लक्ष्य तय कएल गेल अछि। एकर बाद 22 नवंबर कें पार्कक उद्घाटन संभावित अछि। हालांकि, उद्घाटनक तिथि कें लए आखरी आधिकारिक पुष्टि होयबाक प्रतीक्षा अछि। निर्माणक दौरान गंगाक जलस्तर बढ़ला सं पार्क परिसर मे पानि पहुंचि गेल छल। एहि कारण किछु समय धरि काज प्रभावित रहल। भविष्य मे एहि तरहक स्थिति सं बचबाक लेल पार्कक चारू कात रिटेनिंग स्ट्रक्चर बनाओल जा रहल अछि।

बुडकोक एमडी सह नगर विकास एवं आवास विभागक सचिव अनिमेष कुमार पराशर बतौलनि जे पार्कक चारू कात रिटेनिंग स्ट्रक्चर बनाओल जा रहल अछि। एहि व्यवस्था सं गंगाक जलस्तर उच्च बाढ़ि स्तर पार कए गेलाक बादो पानि पार्कक भीतर नहि पहुंचत। बिहार गौरव पार्कक निर्माण पूरा भेलाक बाद एतय जेपी पार्क बनाओल जाएत।

बिहार गौरव पार्कक सबस खास बात एकर 'वेस्ट टू वंडर' थीम अछि। दिल्ली सं आनल गेल कबाड़ आ स्क्रैपक उपयोग कए एतय बिहारक ऐतिहासिक आ सांस्कृतिक विरासत कें कलाकृतिक रूप मे उकेरल गेल अछि। पार्क मे कुल 38 स्ट्रक्चर आ कलाकृति तैयार कएल गेल अछि।

पार्क मे मधुबनी पेंटिंग, मंजूषा कला, टिकुली कला आ सुजनी कला प्रदर्शित कएल गेल अछि। एकर अतिरिक्त 34 आन स्मारक आ मूर्तिक प्रतिकृति सेहो तैयार कएल गेल अछि। एहि कलाकृति सभक माध्यम सं पर्यटक बिहारक अलग-अलग कला आ ऐतिहासिक पहचान कें नजदीक सं देखि सकताह।

पार्कक बीचोबीच आधुनिक ओपन एयर थिएटर (ओएटी) बनाओल जा रहल अछि। एकर चारू कात सीढ़ीनुमा बैसबाक व्यवस्था तैयार कएल गेल अछि। थिएटरक आसपास चाणक्य, सम्राट अशोक, दशरथ मांझी, लोकनायक जयप्रकाश नारायण, आर्यभट्ट, वीर बाबू कुंवर सिंह, रामधारी सिंह दिनकर आ विद्यापति जेहन महान विभूति सभक संरचना आ प्रतिमा स्थापित कएल जा रहल अछि।

पार्कक मुख्य प्रवेश द्वार कें बिहार गौरव पार्क द्वार नाम देल गेल अछि। एकरो खास थीम पर तैयार कएल जा रहल अछि। द्वार पर अशोक स्तंभ, लाल किला, संसद भवन आ देश-राज्यक अन्य प्रमुख धरोहर सभक आकृति उकेरल जाएत। पार्क मे पर्यटक सभक सुविधा लेल पार्किंग, शौचालय आ प्रशासनिक भवन सेहो बनाओल जा रहल अछि। एकर अतिरिक्त आगंतुक सभक खान-पान आ विश्राम लेल फूड लाउंज तैयार कएल गेल अछि। निर्माणक आखरी चरण मे एहि सुविधा सभक काज पूरा करबाक दिशा मे सेहो जोर देल जा रहल अछि। बिहार गौरव पार्कक काज पूरा भेलाक बाद एहि परिसरक आगू जेपी पार्कक निर्माण कराओल जाएत। एहि सं गंगा पथक आसपास पर्यटन आ सार्वजनिक सुविधाक विकास कें विस्तार भेटबाक आशा अछि। फिलहाल बुडकोक लक्ष्य 21 नवंबर धरि बिहार गौरव पार्कक बचल काज पूरा करबाक अछि।

पटनाक न्यू मार्केट मे अवैध पटाखाक भंडारण 15-20 लाख टाकाक पटाखा रखबाक अनुमान

सीवान सं पैघ दुर्घटनाक खतरा, अग्निशमन विभाग कएलक जांच



पटना, समदिया

पटना कें न्यू मार्केट मे अवैध रूप सं भारी मात्रा मे पटाखाक भंडारण कएल गेल अछि। पटना जंक्शन सं सटल एहि इलाका मे 8 सं 10 गोट एहन दोकान भेटल अछि, जे पूरा तरहे पटाखा सं भरल छल। एतय करीब 15 सं 20 लाख टाकाक पटाखा राखल रहबाक अनुमान अछि। घनी आबादी आ संकीर्ण गलीक बीच एहि तरहे पटाखाक भंडारण पैघ दुर्घटना कें आमंत्रण दैत अछि।

अनुमंडल अग्निशमन पदाधिकारी कएलनि जांच

दीपावली कें देखैत अनुमंडल अग्निशमन पदाधिकारी लोदीपुरक अजीत कुमार बुधदिन न्यू मार्केट मे जांच करय पहुंचलाह। जांचक दौरान कतेको दोकान मे भारी मात्रा मे पटाखा राखल भेटल।

अग्निशमन पदाधिकारी बतौलनि जे दीपावली कें लए लगातार जांच आ निरीक्षण कएल जा रहल अछि। एखन धरि भेल जांच मे कोनो दोकानदार लग पटाखा बिक्री वा भंडारणक लाइसेंस नहि भेटल अछि।

ओ चिंता व्यक्त करैत कहलनि जे न्यू मार्केटक गली सभ बहुत संकीर्ण अछि आ पटना जंक्शन बिल्कुल लग मे अछि। एहन संवेदनशील इलाका मे पटाखाक भंडारण बेहद खतरनाक अछि। पटाखा मे आगि लगेबाक लेल एकटा चिनगारीए पर्याप्त अछि। जं आगि लागि गेल तं अग्निशमन गाड़ीक घटनास्थल पर पहुंचबाक पहिनहि पैघ नोकसान भए सकैत अछि।

सीवान सं पैघ दुर्घटना भए सकैत छल

अग्निशमन पदाधिकारीक अनुसार, विभागक टीम अलग-अलग इलाका मे घूमि-घूमि कए जांच कए रहल अछि। सवाल ई अछि जे पटना जंक्शन जेकां महत्वपूर्ण स्थानक लग बिना लाइसेंस एतेक पैघ मात्रा मे पटाखाक भंडारण कोना भए रहल अछि? लापरवाही भेल तं सीवान सं सेहो पैघ दुर्घटना भए सकैत अछि।

राज्यक 2 जिलाक खनिज ब्लॉक सं होयत खनन

सरकारक निर्णय सं रोजगार आ राजस्व बढ़बाक आशा

पटना, समदिया

बिहारक खनिज संपदा आब राज्यक अर्थव्यवस्था कें नव गति देबाक तैयारी मे अछि। खान एवं भूतत्व विभाग रोहतास आ गया जिलाक खनिज ब्लॉक सभ सं उत्पादन शुरू करयबाक प्रक्रिया तेज कए देने अछि। सरकारक ध्यान खनिजक वैज्ञानिक अन्वेषण, नीलामीक बाद उत्पादन आ खनिजक प्रेषण पर अछि। एहि सं राज्य मे रोजगार आ राजस्व बढ़बाक आशा अछि।



सोमदिन खान एवं भूतत्व मंत्री डॉ. प्रमोद कुमारक अध्यक्षता मे विभागीय बैसार भेल। एहि मे रोहतास आ गया जिलाक प्रमुख खनिज ब्लॉक सभक प्रगतिक समीक्षा कएल गेल। मंत्री अधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे नीलाम भए चुकल खनिज ब्लॉक सभ मे उत्पादन शुरू करयबाक लेल सभ आवश्यक वैधानिक आ प्रशासनिक प्रक्रिया शीघ्र पूरा कएल जाए। बैसार मे रोहतासक पिपराडीह-भुरवा आ चुटिया-नौहट्टा ग्लूकोनाइट ब्लॉकक संग भोरा-कथरा लाइमस्टोन ब्लॉकक स्थिति पर चर्चा भेल। गया जिलाक गेंजाना निकेल-क्रोमियम एवं पीजीई ब्लॉक मे उत्पादन आ खनिजक प्रेषणक प्रगतिक सेहो समीक्षा कएल गेल।

मंत्री डॉ. प्रमोद कुमार स्पष्ट कएलनि जे मात्र खनिज ब्लॉक सभक नीलामी सं राज्य कें वास्तविक आर्थिक लाभ नहि भेटत। एहि लेल खदान सभ सं उत्पादन आ खनिजक प्रेषण शुरू होयब आवश्यक अछि। ओ अधिकारी सभ कें काज मे अनावश्यक देरी नहि करबाक निर्देश देलनि।

बैसार मे पत्थरक खनिज भूखंड सभक ई-नीलामीक प्रगतिक सेहो समीक्षा भेल। मंत्री भारतीय भूवैज्ञानिक सर्वेक्षण (जीएसआई)क अधिकारी सभक संग समन्वय बढ़ा वैज्ञानिक खनिज अन्वेषण करबाक निर्देश देलनि। सरकारक एहि पहल सं बिहार मे खनन क्षेत्र मे निवेश, रोजगार आ राजस्वक नव अवसर पैदा करबाक लक्ष्य अछि। बैसार मे विभागक सचिव अवनीश कुमार सहित कतेको वरिष्ठ अधिकारी उपस्थित छलाह।

ग्रामीण सड़क पर टोल टैक्स लगेबाक विरोध मे सड़क पर उतरल माले कार्यकर्ता

पटना : दुल्हिन बाजार-पालीगंज मार्ग पर दू लेन बला सड़क पर लाला भदसारा गांवक लग प्रस्तावित टोल प्लाजा कें लए मंगलदिन विरोध तेज भए गेल। भाकपा (माले)क नेतृत्व मे स्थानीय ग्रामीण आ कार्यकर्ता सभ सड़क जाम कए सरकारक विरुद्ध जोरदार प्रदर्शन कएलनि। प्रदर्शनकारी सभ ग्रामीण सड़क पर टोल टैक्स लगयबाक निर्णय कें जनविरोधी बतबैत एकरा तत्काल वापस लेबाक मांग कएलनि। प्रदर्शनक दौरान पालीगंजक माले विधायक डॉ. संदीप सौरभ सहित आन नेता सभ सरकारक नीति सभ पर सवाल उठौलनि। ओ कहलनि जे की राज्य सरकारक खजाना खाली भए गेल अछि, जेकर कारण आब ग्रामीण सड़क सभ पर सेहो आम जनता, गरीब आ किसान सभ सं टोल टैक्स वसूलबाक तैयारी कएल जा रहल अछि। वक्ता सभ कहलनि जे जनता द्वारा देल गेल टैक्सक पाइ सं सड़क बनाओल जाइत अछि। तकर बाद ओहि सड़क पर आवागमन करबाक लेल जनता सं टोल वसूलब अनुचित अछि।

छठि घाट पर डबल लेयरिंगक संग क्रॉस बैरिकेडिंग गहींर पानि सं बचाव लेल बैरिकेडिंग मे लागत जाल

भीड़ नियंत्रण लेल बनत अलग-अलग रस्ता

पटना, समदिया

छठि महापर्व कें लए पटना नगर निगम गंगा घाट सभ पर तैयारी तेज कए देने अछि। घाट सभ पर सुरक्षा व्यवस्था मजबूत करबाक लेल बांस-बल्ला सं डबल लेयरिंग आ क्रॉस बैरिकेडिंग कएल जाएत।

एकर संग बैरिकेडिंग मे जाल लगयबाक निर्देश सेहो देल गेल अछि, जाहि सं श्रद्धालु अनजाने मे गहींर पानि दिस नहि जा सकथि। भीड़ नियंत्रित करबाक लेल घाट सभ पर प्रवेश आ निकासक अलग-अलग रास्ता बनाओल जाएत। नगर आयुक्त यशपाल मीणा कच्चा घाट सभ पर एहि व्यवस्था कें विशेष रूप सं लागू करबाक निर्देश देने छथि, जाहि सं एक्के जगह भीड़क दबाव नहि बढ़य।

नगर आयुक्त 52 गंगा घाटक कएलनि निरीक्षण

नगर आयुक्त पथरी घाट सं दीदारगंज बालू घाट तक 52 गंगा घाटक निरीक्षण कएलनि। एहि दौरान घाट सभक स्थिति, गंगाक जलस्तर, बैरिकेडिंग, पहुंच पथ आ श्रद्धालु सभक लेल उपलब्ध सुविधाक जायजा लेल गेल। नगर आयुक्त छठि सं पहिने सभ जरूरी काज पूरा करबाक निर्देश देलनि।

निरीक्षणक दौरान नरकट घाट, लोहरवा घाट, हनुमान घाट, जजेज घाट आ कंटाही घाट सहित कतेको जगह पर पछिला दू दिन मे गंगाक जलस्तर बढ़बाक जानकारी भेटल।



एकरा देखैत नगर आयुक्त पानिक गहींराइ आंकलन करौलनि आ अधिकारी सभ कें जलस्तर पर लगातार नजरि रखबाक निर्देश देलनि। ओ निर्देश देलनि जे नहाय-खाय सं पहिने सभ संवेदनशील आ दुर्घटनाक आशंका बला स्थान पर लाल कपड़ा लगा घेराबंदी कएल जाए।

निरीक्षणक दौरान अजीमाबाद अंचलक टेढ़ी घाट पर पहिने सं चिह्नित स्थान दलदली भेटल। श्रद्धालु सभक सुरक्षा कें ध्यान मे रखैत छठि घाट कें एकटा पिलर आगू स्थानांतरित कए देल गेल अछि।

नगर आयुक्त टेढ़ी घाट, महाराज घाट आ केशव घाटक पहुंच पथ कें बिहार राज्य सड़क विकास निगम (बीएसआरडीसी) दिस सं निमार्णाधीन सड़क सं जोड़बाक निर्देश देलनि, जाहि सं लोक सभ कें घाट तक पहुंचय मे परेशानी नहि हो।

गाय घाट सं हटाओल जाएत निर्माण मशीन

गाय घाट पर महात्मा गांधी सेतुक समानांतर पुलक निर्माण काज चलि रहल अछि। छठि महापर्वक दौरान श्रद्धालु सभक लेल पर्याप्त जगह उपलब्ध करयबाक उद्देश्य सं नगर आयुक्त संबंधित निर्माण एजेंसी कें घाट क्षेत्र सं मशीन आ अन्य उपकरण हटेबाक निर्देश देने छथि। एजेंसी छठि महापर्वक बाद फेर निर्माण काज शुरू करत।

कच्चा घाट सभक मरम्मत आ सफाइ पर जोर

निरीक्षणक दौरान कतेको कच्चा घाट पर माटिक कटाव सं पैघ-पैघ खड्ढा बनबाक आ पहुंच पथ पर गाद आ माटि जमा होयबाक समस्या सामने आयल। नगर आयुक्त अभियंता सभ कें गड्ढाक मरम्मत, सीढ़ी निर्माण आ रास्ता सुगम बनेबाक काज प्राथमिकता सं पूरा करबाक निर्देश देलनि।

नगर निगम दिस सं बिजलीक खंभा, खड्ढा आ दलदली हिस्सा कें चिह्नित कए लाल कपड़ा सं घेरबाक काज कएल जा रहल अछि। ओतहि, पक्का घाट सभ पर बाढ़िक बाद जमा गाद हटेबाक आ पोर्टिको सहित अन्य संरचना सभक रंगाई-पुताईक काज सेहो जारी अछि।

धनतेरस-दीपावली पर पटना मे बदलत यातायात व्यवस्था

पटना। धनतेरस आ दीपावलीक अवसर पर बाजार सभ मे होमय बला भीड़ कें देखैत यातायात पुलिस विशेष व्यवस्था केने अछि। 6 आ 7 नवंबर 2026 कें शहरक कतेको प्रमुख रास्ता पर वाहनक परिचालन प्रतिबंधित आ परिवर्तित रहत। हालांकि, अग्निशमन वाहन, एंबुलेंस, रोगी आ शव वाहन कें एहि प्रतिबंध सं छूट देल गेल अछि।

छज्जूबाग मोड़ सं सिटी सेंटर मॉल जाय बला रास्ता एकतरफा रहत। आपातकालीन वाहन सभ कें एहि प्रतिबंध सं छूट देल जाएत।

बुद्ध मार्ग मे कोतवाली दिस सं आबय बला ऑटो आ ई-रिक्शा कें छज्जूबाग दिस जेबाक अनुमति रहत। सिटी सेंटर मॉल आ ताज होटलक पार्किंग सं निकलय बला वाहन बामा मुड़ि नवीन पुलिस केंद्र दिस जेताह। एहि ठाम सं अशोक राजपथ वा मरीन ड्राइव होइत अपन गंतव्य तक पहुंचि सकताह। अशोक राजपथ सं सिटी सेंटर मॉल जाय बला वाहन नवीन पुलिस केंद्रक गेट नंबर-1 सं बैंक रोड होइत जा सकत। छोट चारि पहिया वाहन सभ लेल जेपी गंगा पथ पर पार्किंगक व्यवस्था कएल गेल अछि।

सोन नदी पर बनत फोरलेन रेल पुल, एक संग गुजरत 6 ट्रेन, शीघ्र निकलत टेंडर

पटना, समदिया

बिहार मे रेल संपर्क व्यवस्था मजबूत करबाक लेल कतेको रेल परियोजना पर काज कएल जा रहल अछि। एहि मे कोइलवर मे सोन नदी पर बनय बला फोरलेन रेल पुल कें बहुत खास मानल जा रहल अछि। सोन नदी पर शीघ्र रेल पुल तैयार होयत, जाहि सं लोक सभक आवागमन पहिने सं बहुत आसान भए सकत। रेलवे बोर्ड दिस सं एहि परियोजना कें मंजूरी सेहो देल जा चुकल अछि।



भेटल जानकारीक अनुसार, एहि परियोजना पर करीब 3500 करोड़ रुपैया खर्च होयबाक अनुमान अछि। नव वर्ष धरि एहि पर काज शुरू भए सकैत अछि। पूरा परियोजना लेल करीब 400 किलोमीटरक मेगा प्लान तैयार कएल गेल अछि। डीडीयू सं झाझा धरि एहि परियोजना कें 6 चरण मे पूरा करबाक योजना अछि। राशि मंजूर भेलाक बाद टेंडर निकालल जाएत आ एजेंसीक चयन कएल जाएत।

पहिल चरण मे डीडीयू सं दानापुर धरि करीब 203 किलोमीटर लंबा रेल लाइन बनाओल जाएत। एहि चरण मे कोइलवर मे सोन नदी पर फोरलेन रेल पुल बनयबाक सेहो योजना अछि। एकर संग दानापुर-फतुहा, फतुहा-बख्तियारपुर, बख्तियारपुर -पुनारख आ पुनारख-किऊल खंड मे तेसर-चारिम लाइन बिछयबाक काज कएल जाएत। कहल जा रहल अछि जे जे एजेंसी रेल लाइन बनाओत, ओही एजेंसी रेल पुल सेहो बनाओत।

जानकारीक अनुसार, जुलाई 2029 धरि पुनारख-बाढ़ि-बख्तियारपुर काज पूरा करबाक लक्ष्य तय कएल गेल अछि। 2030 धरि बख्तियारपुर-फतुहा काज, जखनकि 2031 धरि पुनारख-किऊल, डीडीयू-दानापुर आ किऊल-झाझा काज पूरा करबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। एहि परियोजना सं लोक सभ कें विशेष लाभ भेटत। एखन अप आ डाउन लाइन पर एक बेर मे एक-एक ट्रेन गुजरैत अछि। ट्रेन सभक बेसी दबाव रहबाक कारण बिहटा वा दानापुर लग गाड़ी सभ कें रोकय पड़ैत अछि। मुदा परियोजना पूरा भेलाक बाद 6 लाइन तैयार भए जाएत।

प्रदर्शन सं पहिने पुलिस छात्र सभ कें हिरासत मे लेलक

गांधी मैदान सं सीएम आवास धरि मार्च करबाक छल तैयारी

पटना, समदिया

बिहार मे भर्ती परीक्षा मे धांधली, प्रश्नपत्र लीक, लंबित नियुक्ति आ शिक्षा व्यवस्था सं जुड़ल मुद्दा कें लए आइ छात्र आ दरोगा अभ्यर्थी सरकारक विरुद्ध प्रदर्शन करय बला छलाह।

छात्रसभक कहब अछि जे सरकार दिस सं मात्र आश्वासन देल जा रहल अछि। छात्र सभ कहलनि जे आब आश्वासन नहि, बल्कि ठोस जवाब चाही। आब अनियमितता नहि, पारदर्शिता चाही। तारीख पर तारीख नहि, बल्कि समय पर परीक्षा आ नियुक्ति चाही।

छात्र सभ बतौलनि जे मार्च पटना कें गांधी मैदानक गेट नंबर 10 सं निकलि मुख्यमंत्री आवास तक जेबाक छल। पुलिस छात्र सभ कें रोकबाक लेल जेपी गोलंबर पर बैरिकेडिंग केने छल आ गांधी मैदान संए छात्र सभ कें हिरासत मे लेब शुरू कए देलक। पुलिसक सख्ती के बीच छात्र गांधी मैदान मे एकत्रित नहि भए सकलाह आ प्रदर्शन लेल बाहर नहि निकलि सकलाह। छात्र आइ अपन मांग कें लए गांधी मैदान सं मुख्यमंत्री आवास तक मार्च करय बला छलाह। छात्र गांधी मैदान मे एकत्रित नहि होथि, एहि लेल पुलिस ओतहि सं छात्र सभ कें हिरासत मे लेब शुरू कए देलक। प्रदर्शन लेल छात्र गांधी मैदान मे जुटि रहल छलाह। पुलिस छात्र सभ कें गांधी मैदान संए हिरासत मे लेबाक लेल पहुंचि गेल छल।



दीपावली आ छठि मनाबय जयपुर सं घर लौटि रहल 5 वर्षीय बालकक बस सं खसि कए मृत्यु

चालक फरार, आक्रोशित लोकनि कयलनि सड़क जाम, बेनीपट्टीक बसैठ हाईस्कूलक लग भेल हृदयविदारक घटना

बेनीपट्टी, समदिया

स्थानीय थाना क्षेत्रक बसैठ हाईस्कूलक लग मंगलदिन सांझ एकटा हृदयविदारक सड़क दुर्घटना भेल। बस सं खसि गेलाक बाद पाछू चक्का तर मे आबि एक 5 वर्षीय बालकक घटनास्थले मृत्यु भए गेल। दुर्घटनाक बाद बस चालक गाड़ी छोड़ि फरार भए गेल। मृत बालकक पहिचान साहरघाट थाना क्षेत्रक त्रिमुहान गाम निवासी राहुल ठाकुरक पुत्र काशीनाथ कुमार (5 वर्ष) केर रूप मे भेल अछि।

भेटल जानकारीक अनुसार राहुल ठाकुर जयपुर मे मजदूरी करैत छथि। ओ दीपावली आ छठि महापर्व मनेबाक लेल अपन परिवार संग जयपुर सं गाम लौटि रहल छलाह। पूरा परिवार जयपुर सं मधवापुर आबि रहल राजलक्ष्मी नामक बस मे सवार छल। हुनका सभ के बसैठ सं आगू त्रिमुहान चौक पर उतरबाक छलनि। एहि लेल परिवारक सदस्य सभ अपन सामान समेटि बसक गेट लग आबि ठाढ़ भए गेल छलाह।



एहि बीच बसैठ हाईस्कूलक लग चालक अनचोके जोरदार ब्रेक लगा देलक। झटका लगला सं काशीनाथ अपन संतुलन नहि बना सकल आ बसक खुजल गेट सं सड़क पर खसि पड़ल। परिवारक लोक आ अन्य यात्री दुर्घटनाक बाद चालक बस छोड़ि फरार भए गेल। घटना सं आक्रोशित ग्रामीण आ परिजन शवक संग मुख्य सड़क जाम कए देलनि। एहि कारण यातायात पूर्णतः ठप भए गेल आ सड़क पर गाड़ी सभक लंबा लाइन लागि गेल। परिजनक कानि-कानि कए गंभीर हाल छल। पर्वक खुशीक बीच बालकक मृत्यु सं गाम मे शोक पसरि गेल अछि।

सूचना भेटिते बेनीपट्टी थाना पुलिस घटनास्थल पर पहुंचल। पुलिस आक्रोशित लोक आ शोकाकुल परिजन कें समझा-बुझा किछु बुझितथि, ताहि सं पहिनहि बालक बसक पाछू बला चक्का तर आबि गेल। चक्का माथ पर चढ़ि गेला सं ओकर माथ गंभीर फाटि गेल आ घटनास्थले ओकर मृत्यु भए गेल।

दीपा मिश्रा कें मैथिली उपन्यास 'डीह' लेल भेटतनि ज्योत्स्ना सम्मान

- **अनुप्रास प्रकाशन सं प्रकाशित भेल अछि ई उपन्यास**

पटना, समदिया



मैथिली आ हिंदी साहित्यक सृजनधारा मे अपन विशिष्ट पहचान स्थापित कयनिहार बहुभाषी लेखिका, उपन्यासकार आ संपादक दीपा मिश्रा कें हुनकर मैथिली उपन्यास डीह लेल चेतना समिति, पटना द्वारा 2026क प्रतिष्ठित ज्योत्स्ना सम्मान देबाक घोषणा कयल गेल अछि। अनुप्रास प्रकाशन सं प्रकाशित एहि उपन्यासक माध्यम सं दीपा मिश्र अपन सृजनात्मक प्रतिभा आ साहित्यिक दृष्टिक एकटा महत्वपूर्ण परिचय देलनि अछि। हुनकर एहि उपलब्धि सं मैथिली साहित्य-जगत मे हर्षक वातावरण अछि। मूलतः मधुबनी, बिहारक निवासी दीपा मिश्रा वर्तमान मे मैसूर मे रहैत छथि। हिंदी आ मैथिली दुनू भाषा मे निरंतर साहित्य-सृजन करैत ओ कविता, कथा, उपन्यास आ संपादनक क्षेत्र मे सक्रिय छथि। हुनकर साहित्यिक यात्रा बाल्यावस्थे सं प्रारंभ भेल। 1994 ई. मे हुनकर पहिल कविता आख्यायिनी प्रकाशित भेल छल। तकर बाद हुनकर रचना सभ विभिन्न प्रतिष्ठित पत्र-पत्रिका मे प्रकाशित होइत रहल।

हुनकर लेखन मे स्त्री-चेतना, आत्मबोध, प्रेम, प्रकृति, पर्यावरण आ सामाजिक संवेदनाक गंभीर अभिव्यक्ति भेटैत अछि। शिक्षण क्षेत्र मे सेहो ओ अपन उल्लेखनीय योगदान देलनि अछि। नव मिथिला नव मैथिली संगठनक संस्थापिकाक रूप मे मैथिली साहित्यक प्रचार-प्रसार आ नवलेखक सभ कें प्रोत्साहित करब हुनकर साहित्यिक सक्रियताक महत्वपूर्ण पक्ष थिक।

चेतना समितिक सचिव जयदेव मिश्र द्वारा जारी पत्रक अनुसार, 22 सं 24 नवंबर 2026 धरि आयोजित 73म विद्यापति स्मृतिपर्व समारोह मे 24 नवंबर कें हुनका ग्यारह हजार टाका नगद, प्रशस्ति-पत्र आ अंगवस्त्र प्रदान कयल जायत। ई सम्मान दीपा मिश्राक साहित्यिक अवदानक महत्वपूर्ण स्वीकृति थिक।

नींद शरीर कें नियंत्रित करयबला जटिल जैव-रासायनिक प्रक्रिया : प्रो. अंसारी

सीएम साइंस कॉलेज मे मासिक व्याख्यान श्रृंखलाक तेसर व्याख्यान आयोजित



दरभंगा, समदिया

सीएम साइंस कॉलेजक स्नातकोत्तर रसायन विज्ञान विभागक मासिक व्याख्यान श्रृंखलाक तेसर व्याख्यान मंगलदिन आयोजित भेल। एहि अवसर पर मुख्य वक्ता सेवानिवृत्त प्राध्यापक प्रो. ए. एस. अंसारी ह्यनींद : अहांक जीवन कें नियंत्रित करयवला एक रासायनिक प्रक्रियाह्न विषय पर व्याख्यान देलनि। ओ कहलनि जे नींद विभिन्न न्यूरोट्रांसमीटर आ हार्मोन द्वारा नियंत्रित होयवला जटिल जैव-रासायनिक प्रक्रिया अछि। ई शरीरक जैविक घड़ी, ऊर्जा, मनोदशा आ स्वास्थ्य कें प्रभावित करैत अछि। नींदक दौरान शरीर मे होयवला जैव-रासायनिक परिवर्तन शारीरिक आ मानसिक स्वास्थ्य लेल महत्वपूर्ण अछि। कार्यक्रमक अध्यक्षता करैत प्रधानाचार्य प्रो. संजीव कुमार मिश्र नींदक विभिन्न चरणक चर्चा केलनि। ओ नीक स्वास्थ्य लेल गुणवत्तापूर्ण नींद आ स्वस्थ जीवनशैली कें आवश्यक बतौलनि।

एहि अवसर पर डॉ. निधि झाक पुस्तक एन इंट्रोडक्शन टू सिंथेसिस ऑफ हेटरोसाइक्लिक कंपाउंड्स यूजिंग कार्बोक्सिलिक एसिड एंड हाइड्राजीनक लोकार्पण कयल गेल। पुस्तक मे कार्बोक्सिलिक अम्ल आ हाइड्राजीनक उपयोग सं हेटरोसाइक्लिक यौगिकसभक संश्लेषणक नवीन आ पर्यावरण अनुकूल विधिसभक वर्णन कयल गेल अछि। स्वागत विभागाध्यक्ष डॉ. विश्व दीपक त्रिपाठी केलनि। कार्यक्रमक संचालन डॉ. निधि झा आ धन्यवाद ज्ञापन डॉ. अनित कुमार केलनि। एहि अवसर पर विभागक शिक्षक, शोधार्थी आ विद्यार्थी उपस्थित छलाह।

54म मिथिला विभूति पर्व कें ऐतिहासिक बनेबाक तैयारी तेज

दरभंगा। आगामी 22, 23 आ 24 नवंबर कें आयोजित होमयवला तीन दिवसीय 54म मिथिला विभूति पर्व समारोहक तैयारी कें लए' विद्यापति सेवा संस्थान पहल तेज कए देने अछि। संस्थानक महासचिव डॉ. बैद्यनाथ चौधरी बैजू के नेतृत्व मे एक प्रतिनिधिमंडल शुक्रदिन पटना मे पूर्व केंद्रीय मंत्री डॉ. सीपी ठाकुर, बिहार सरकारक कैबिनेट मंत्री नीतीश मिश्र आ प्रदेश भाजपा अध्यक्ष संजय सरावगी सं हुनका सभक आवास पर भेंट केलक। एहि दौरान समारोह कें ऐतिहासिक आ यादगार बनेबाक विभिन्न पहलू सभ पर विस्तार सं चर्चा भेल। प्रतिनिधिमंडल मे समारोहक स्वागत महासचिव प्रो. जीवकांत मिश्र आ मीडिया संयोजक डॉ. प्रवीण कुमार झा शामिल छलाह। डॉ. बैजू कहलनि जे सभ नेता सभ समारोहक सफलता लेल हरसंभव सहयोगक भरोस देलनि। ओ कहलनि जे मिथिला संस्कार, लोक व्यवहार, दर्शन आ सृजनक समृद्ध परंपरा वला भूमि रहल अछि। सांस्कृतिक महाकुंभक रूप मे प्रसिद्ध एहि आयोजन कें सफल बनयबाक जिम्मेदारी प्रत्येक मिथिलावासीक अछि।

20 सं 22 नवंबर धरि होयत 15म अहिल्या-गौतम महोत्सव, तीन दिन चलत सांस्कृतिक कार्यक्रम

दरभंगा, समदिया



15म अहल्या-गौतम महोत्सवक आयोजन आगामी 20, 21 आ 22 नवंबर 2026 कें तीन दिवसीय कार्यक्रमक रूप मे होयत। महोत्सवक भव्य आ सुव्यवस्थित आयोजन कें लए' जिलाधिकारी कौशल कुमारक अध्यक्षता मे बैसार आयोजित कयल गेल। एहि मे आयोजनक तैयारी, सांस्कृतिक कार्यक्रम, सुरक्षा आ अन्य व्यवस्था सभ पर विस्तार सं चर्चा भेल।

बैसार मे जिलाधिकारी कहलनि जे अहल्या-गौतम महोत्सव जिलाक धार्मिक, सांस्कृतिक आ ऐतिहासिक विरासत सं जुड़ल महत्वपूर्ण आयोजन अछि। एहि महोत्सवक माध्यम सं क्षेत्रक समृद्ध सांस्कृतिक परंपरा, धार्मिक आस्था आ ऐतिहासिक महत्व कें व्यापक पहचान भेटैत अछि। ओ संबंधित पदाधिकारी सभ कें आपसी समन्वयक संग निर्धारित समय सीमा मे सभ तैयारी पूरा करबाक निर्देश देलनि। सांस्कृतिक कार्यक्रम कें आकर्षक आ गुणवत्तापूर्ण बनेबाक लेल अपर समाहर्ता (आपदा प्रबंधन) सलीम अख्तर कें कलाकारसभक चयन लेल समिति गठित करबाक निर्देश देल गेल। सदर एसडीओ कुमार गौरव कें तीन दिवसीय आयोजनक दौरान विधि-व्यवस्था, सुरक्षा आ भीड़ प्रबंधनक समुचित व्यवस्था सुनिश्चित करबाक जिम्मेदारी देल गेल। डीएम कहलनि जे महोत्सव मे पैघ संख्या मे श्रद्धालु आ आम नागरिकक शामिल होयबाक संभावना अछि। एहि लेल सभ आवश्यक व्यवस्था पहिनहि पूरा कय लेल जाए, जाहि सं आयोजन शांतिपूर्ण आ व्यवस्थित ढंग सं संपन्न भए सकय। ओ जनप्रतिनिधि सभ कें आमंत्रित करबाक आ शोभायात्राक आयोजन लेल सेहो तैयारी करबाक निर्देश देलनि। जिलाधिकारी अहल्या स्थान न्यास समितिक सदस्य आ संबंधित पदाधिकारी सभ सं महोत्सवक गरिमा आ परंपराक अनुरूप अपन जिम्मेदारी निभेबाक अपील केलनि। बैसार मे अपर समाहर्ता सह जिला लोक शिकायत निवारण पदाधिकारी राजेश कुमार गुप्ता, अपर समाहर्ता सलीम अख्तर, सदर एसडीओ कुमार गौरव, डीपीआरओ आशीष अमन, जिला पंचायती राज पदाधिकारी पवन कुमार यादव, प्रभारी पदाधिकारी प्रियंका कुमारी तथा अहल्या स्थान न्यास समितिक बालेश्वर ठाकुर, उमेश ठाकुर सहित अन्य पदाधिकारी आ सदस्य उपस्थित छलाह।

आइसाक कॉलेज इकाई गठित, अंकित कुमार बनलाह संयोजक

दरभंगा, समदिया



कुंवर सिंह कॉलेज मे मंगलदिन ऑल इंडिया स्टूडेंट्स एसोसिएशन (आइसा) कार्यकर्तासभक बैसार साजन दासक अध्यक्षता मे भेल। बैसार मे शिक्षा के निजीकरण, फीस मे बढ़ोतरी, विश्वविद्यालयसभक शैक्षणिक समस्या आ युवासभक बीच बढ़ैत रोजगार संकट पर चर्चा कयल गेल। बैसार कें संबोधित करैत आइसा जिलासंयोजक मिथिलेश कुमार यादव कहलनि जे शिक्षा कें आम छात्रसभक पहुंच सं दूर कयल जा रहल अछि। सरकारी शिक्षण संस्थान सभ मे सुविधाक कमी आ फीस वृद्धि सं गरीब तथा वंचित वर्गक छात्रसभक भविष्य प्रभावित भए रहल अछि। ओ गुणवत्तापूर्ण आ सस्ता शिक्षा तथा सम्मानजनक रोजगार लेल छात्र-युवा सभ कें संगठित भए संघर्ष करबाक आह्वान केलनि। बैसार मे कॉलेज आ विश्वविद्यालय स्तर पर संगठन कें मजबूत करबाक निर्णय लेल गेल। नियमित कक्षाक संचालन, शिक्षक आ कर्मचारीक नियुक्ति तथा शैक्षणिक व्यवस्था मे सुधार लेल आंदोलन तेज करबाक बात सेहो उठाओल गेल। एहि दौरान आइसा कॉलेज इकाईक नव कमेटी गठित कयल गेल।

5 हजार टाका घूस लैत सर्वे अमीन गिरफ्तार

सहरसा, समदिया



जिला मे निगरानी विभागक टीम मंगलदिन कारबाइ करैत 5 हजार टाका घूस लैत एक सर्वे अमीन कें रंगेहाथ गिरफ्तार कयलक। गिरफ्तार अमीनक पहचान दीपक राजक रूप मे भेल अछि। ओ सोनवर्षा अंचलक अतलखा पंचायत अंतर्गत नोनैती मौजा मे सर्वे अमीनक पद पर कार्यरत छल। मामिलाक जानकारी दैत निगरानी डीएसपी अमरेंद्र प्रताप विद्यार्थी कहलनि जे सर्वे अमीन कें 5 हजार टाका घूस लैत रंगेहाथ गिरफ्तार कयल गेल अछि। गिरफ्तारीक बाद निगरानी विभागक टीम आगू कानूनी प्रक्रिया मे जुटल अछि। निगरानी टीमक एहि कारबाइक बाद सरकारी कार्यालय सभ मे भ्रष्टाचार करयवला कर्मीसभक बीच हड़कंप मचि गेल अछि। रिश्वत मांगबाक कारण आ मामिलाक अन्य विवरण जांच पूरा भेलाक बाद स्पष्ट होयबाक संभावना अछि।

एनडीएक पदयात्राक तैयारी लेल भाजपा प्रकोष्ठसभक बैसार, जनभागीदारी बढ़ेबाक रणनीति तय

5 नवंबर कें पोलो मैदान सं जीएन गंज चौक धरि निकलत 'लोकतंत्र बचाओ-अराजकता हटाओ पदयात्रा'

दरभंगा, समदिया



आगामी 5 नवंबर कें पोलो मैदान धरना स्थल सं जीएन गंज चौक धरि आयोजित होयवला एनडीएक ह्यलोकतंत्र बचाओ-अराजकता हटाओ पदयात्राह्नक सफलता लेल सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुरक आवास पर भाजपाक विभिन्न प्रकोष्ठक संयोजक आ सह-संयोजकसभक बैसार भेल। बैसार मे प्रदेश भाजपा उपाध्यक्ष डॉ. पवन जायसवाल आ सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुर कार्यकर्ता सभ कें संबोधित केलनि।

बैसार मे पदयात्राक तैयारी, जनसंपर्क, संगठनात्मक समन्वय आ बेसी सं बेसी जनभागीदारी सुनिश्चित करबाक विषय पर चर्चा भेल। विभिन्न प्रकोष्ठ कें हुनकर जिम्मेदारी सेहो सौंपल गेल। डॉ. पवन जायसवाल कहलनि जे ई पदयात्रा लोकतांत्रिक मूल्य, जनहित आ सुशासनक प्रति प्रतिबद्धता व्यक्त करबाक अभियान अछि। ओ सभ प्रकोष्ठक कार्यकर्ता सभ सं समाजक विभिन्न वर्ग धरि पहुंचबाक आह्वान केलनि। सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुर कहलनि जे पदयात्रा कें सफल बनेबाक लेल बूथ सं पंचायत आ मंडल स्तर धरि व्यापक जनसंपर्क जरूरी अछि। एहि मे अनुशासन, समर्पण आ संगठनात्मक एकजुटताक महत्वपूर्ण भूमिका रहत। बताओल गेल जे पदयात्रा मे केंद्रीय मंत्री भूपेंद्र यादव, जदयू के राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा, प्रदेश भाजपा अध्यक्ष संजय सरावगी सहित एनडीएक मंत्री, सांसद, विधायक आ पैघ संख्या मे कार्यकर्ता शामिल होथिन। बैसार मे पदाधिकारी सभ कार्यक्रम कें सफल बनेबाक संकल्प लेलनि। बैसार मे जिलाध्यक्ष प्रो. आदित्य नारायण मन्ना, डॉ. अर्जुन सहनी, अंकुर गुप्ता, अभयानंद झा, राजेश रंजन, सुनील चौधरी, श्रवण कुमार मिश्रा, जिला महामंत्री सुजीत मल्लिक, संतोष पोद्दार, विजय चौधरी, जिला मंत्री सचिन जैन, राहुल पासवान, बालेंदु झा, जिला मीडिया प्रभारी मुकुंद चौधरी, अमरनाथ सिंह, जिला प्रवक्ता प्रेम कुमार मिश्रा रिंकू, मुकेश महासेठ, सपना भारती, नथुनी पासवान, अविनाश सहनी, गोपाल गुप्ता, दीपक पंजियार, रंधीर झा, शिवेंद्र नाथ झा, अवधेश चौधरी, वैद्यनाथ सहनी, विकास झा, रौशन कुंवर आ आशुतोष झा सहित कतेको कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।

19 बरख बादो अलीनगरक 4 विद्यालय भूमिहीन टैग विद्यालय मे स्थानांतरण आदेशक अवहेलना

अलीनगर, समदिया



दरभंगा जिलाक अलीनगर प्रखंडक चारि विद्यालय कें स्थापना भेल 19 बरख बीतलाक बादो अपन जमीन आ भवन उपलब्ध नहि भए सकल अछि। दोसर दिस, वर्ष 2024 मे शिक्षा विभागक आदेश पर नजदीकक विद्यालय मे टैग कयल गेलाक बावजूद ढाई बरख बादो तीन विद्यालयक प्रधानाध्यापक अपन मनमर्जी सं पुरने ठाम विद्यालय संचालित कए रहल छथि। प्राथमिक विद्यालय मल्लाहटोल मिल्की तं टैग विद्यालय मे एकबेरो संचालित होयबाक लेल नहि पहुंचल। विभागीय आदेशक अनुसार, प्राथमिक विद्यालय मल्लाहटोल मिल्की कें बुनियादी विद्यालय मिल्की, प्राथमिक विद्यालय लक्ष्मीपुर गुलरिया कें प्राथमिक विद्यालय चौपालटोल मनहर, प्राथमिक विद्यालय मल्लाहटोल सुहथ कें मध्य विद्यालय सुहथ आ मोमीनटोल मोतीपुर कें प्राथमिक विद्यालय मोतीपुर मे टैग कयल गेल छल। चारू विद्यालयक शिक्षकसभक उपस्थिति आइयो ई-शिक्षा कोष पोर्टल पर टैग विद्यालयक लोकेशन सं बनैत अछि, जखन कि धरातल पर विद्यालयसभक संचालनक स्थिति अलग अछि। एहि विद्यालयसभक स्थापना 2007 मे भेल छल। 19 बरख बीतलाक बादो विद्यालय लेल जमीन उपलब्ध नहि होयब शिक्षा विभागक व्यवस्था आ स्थानीय स्तर पर जमीन उपलब्ध करयबाक प्रयास पर सवाल ठाढ़ करैत अछि।

कायाकल्प योजना सं बदलि रहल अछि वार्ड-11 केर सामुदायिक भवनक स्वरूप, 11 लाख सं जीर्णोद्धार शुरू

» झंझारपुर नगर परिषद शुरू करौलक निर्माण कार्य, जर्जर भवन कें भेटत नया स्वरूप, स्थानीय लोक मे खुशी

झंझारपुर, समदिया

झंझारपुर नगर परिषद क्षेत्र मे विकास कार्यक कड़ी मे एकटा आओर पहल शुरू भेल अछि। कायाकल्पयोजनाक अंतर्गत वार्ड संख्या-11क दिनभद्राय स्थान, पछबारि मुसहरी स्थित जर्जर सामुदायिक भवनकजीर्णोद्धार कराओल जा रहल अछि। एहि लेल नगर परिषद द्वारा 11 लाख टाकाक योजना स्वीकृतकएल गेल अछि। निर्माण कार्य शुरू भेला पर स्थानीय लोक मे खुशी देखल जा रहल अछि। जानकारीकअनुसार, उक्त सामुदायिक भवनक निर्माण वर्ष 2002 मे विधायक निधि सं कराओल गेल छल। मुदादेखरेख आ समयक प्रभाव सं भवन जर्जर भए गेल छल। एहि कारण वार्डक लोक कें सामाजिक आ मांगलिक कार्यक्रम आयोजित करबा मे कठिनाइ होइत छल। आब कायाकल्प योजनाक माध्यम सं भवनकजीर्णोद्धार शुरू भेला सं लोक सभ कें एकटा नीक सुविधा भेटबाक उम्मीद अछि। निर्माण कार्यक गुणवत्तासुनिश्चित करबाक लेल नगर परिषद सेहो सजग अछि। सोमदिन नगर परिषदक कनीय अभियंता राहुलसदा आ वार्ड-11क पार्षद राजकुमार मंडल निर्माणाधीन भवनक करीब एक घंटा धरि बारीकी सं निरीक्षणकयलनि। निरीक्षणक दौरान कनीय अभियंता राहुल सदा कहलनि जे निर्माण कार्य स्वीकृत प्राक्कलनकअनुरूप कराओल जा रहल अछि। कतहु मामूली त्रुटि देखलापर तत्काल सुधार करबाक निर्देश देल गेलअछि। ओतहि वार्ड पार्षद राजकुमार मंडल कहलनि जे निर्माण कार्यक गुणवत्ता सं कोनो तरहक समझौतानहि कएल जायत। भवनक छतिपर शेडनुमा निर्माण लेल मजबूत लोहेक ढांचा तैयार कएल जा रहल अछि। एकर निर्माण पूरा भेलाक बाद भवनक स्वरूप आकर्षक होयत। संगहि, वार्डक लोक सामाजिक, सांस्कृतिक आ मांगलिक कार्यक्रम सभक आयोजन सेहो सहजता सं कए सकताह।पार्षद कहलनि जे ओ स्वयं प्रतिदिन निर्माणस्थल पर पहुंचि काजक निगरानी करताह, जाहि संगुणवत्तापूर्ण निर्माण सुनिश्चित भए सकय। जीर्णोद्धार कार्य शुरू भेला पर वार्ड-11क लोक सभ मे उत्साहअछि।

छठि पर्व लेल झंझारपुर नगर परिषदक तैयारी शुरू, 54 घाट पर होयत सफाई आ प्रकाशतक विशेष व्यवस्था

सशक्त स्थायी समितिक बैसार मे लेल गेल निर्णय, निविदाक माध्यम सं कराओल जायत सभटा काज

झंझारपुर, समदिया



दीपावली आ लोक आस्थाक महापर्व छठि कें लए झंझारपुर नगर परिषद तैयारी शुरू कए देने अछि। एहिक्रम मे मंगलदिन नगर परिषद सभागार मे मुख्य पार्षद बबीता शर्माक अध्यक्षता मे सशक्त स्थायी समितिक बैसार आयोजित भेल। बैसार मे पर्वक दौरान साफ-सफाई आ श्रद्धालु सभक सुविधा कें लएकतेको महत्वपूर्ण निर्णय लेल गेल। बैसार मे निर्णय लेल गेल जे नगर परिषद क्षेत्रक चिह्नित 54 छठि घाटक विशेष सफाई कराओल जायत। घाट पर जमा गंदगी आ पोखरिक सफाईक अतिरिक्त घाट धरिजायबला रास्ताक मरम्मत, पर्याप्त रोशनी, चेंजिंग रूम आ सुरक्षा लेल बैरिकेडिंगक व्यवस्था कएल जायत।सभटा निर्माण आ व्यवस्था सं संबंधित काज पारदर्शी तरीका सं निविदा प्रक्रियाक माध्य मे कराओलजायत। एहि संगहि दीपावली सं पहिने शहरक सड़क आ नालीक विशेष सफाई अभियान चलयबाक निर्णयसेहो लेल गेल। मुख्य पार्षद बबीता शर्मा कहलनि जे छठि व्रती सभ कें कोनो तरहक असुविधा नहि हो,एकरा लेल सभ घाट पर समय रहैत तैयारी पूरा कए लेल जायत। नगर परिषद प्रशासन एहि दिशा मेआवश्यक कदम उठा रहल अछि। बैसार मे कार्यपालक पदाधिकारी मनोज कुमार, स्वच्छता पदाधिकारीदीपक कुमार, सिटी मैनेजर संजय कुमार, उपमुख्य पार्षद साबिया परवीन, समिति सदस्य राजकुमार मंडल,सुनीता देवी सहित अन्य सदस्य उपस्थित छलाह।

पैक्स मे धान अधिप्राप्तिक पहिल दिन खरीद शून्य

भुगतान मे देरी आ रबी खेतीक तैयारी किसानक चिंता बढ़ेलक

» सरकारी मूल्य 2441 टाका रहितो किसान निजी व्यापारी कें बेचि रहल छथि धान

बेनीपुर, समदिया

बेनीपुर प्रखंड आ नगर परिषद क्षेत्र मे पैक्सक माध्यम सं धान अधिप्राप्तिक पहिल दिन एक्कोटा पैक्स मे धानक खरीद शुरू नहि भए सकल। क्षेत्र मे कुल 22 पैक्स अछि, जाहि मे मात्र पांच पैक्स कें धानअधिप्राप्ति करबाक स्वीकृति भेटल अछि। शेष पैक्स एखनहु स्वीकृतिक प्रतीक्षा मे अछि। विभागीय सूत्रकअनुसार शिवराम, जरिसो, बसुहाम, मकरमपुर आ बहेड़ा पैक्स कें धान खरीदबाक स्वीकृति भेटि चुकलअछि। सहकारिता विभाग द्वारा 01 नवंबर सं पैक्सक माध्यम सं धान अधिप्राप्ति शुरू करबाक आदेशदेल गेल अछि। सरकार द्वारा धानक समर्थन मूल्य 2441 टाका प्रति क्विंटल निर्धारित कएल गेल अछि।मुदा खरीदक पहिल दिन चयनित पांचू पैक्स मे एक्को छटाक धानक खरीद नहि भेल। एकर पाछू एकटाकारण धानक पूर्ण रूप सं तैयार नहि होयब बताओल जा रहल अछि। अधिकतर किसानक खेत मे धान एखन धरि पूरा पकिकय तैयार नहि भेल अछि। हालांकि अगता खेती करयवला किछु किसानक धान तैयार भए गेल अछि। ओमहर रबी फसलक तैयारी मे जुटल किसान औने-पौने दाम पर निजी व्यापारी कें धान बेचय लेल मजबूर छथि। तरौनी, हावीभौआर, महिनाम आ चौगमा गांवक किसान सुरेश झा, कन्हैयाझा, विनोद झा, ऋषि मिश्र, नागेंद्र मिश्र, सुमन मिश्र, सुमित मिश्र, आलोक कुमार आयंश आ ऋषा रिशुअर्पित कहैत छथि जे तैयार धान घर मे राखलापर मूंस आ कुत्ता ओकरा नष्ट करैत अछि। पैक्स मे धानबेचब सेहो किसानक लेल आसान नहि अछि। धान खरीदबाक लेल पैक्स अध्यक्ष सं खुशामद करय पड़ैतअछि। यदि पैक्स धान लैत अछि तं भुगतान मे बहुत देरी होइत अछि। किसान सभक कहब अछि जे रबी फसलक बुआइ लेल खेतक जुताइ, खाद, बीज आ सिंचाइक व्यवस्था करबाक अछि। एहन स्थिति मे धानकभुगतान मे देरी भेला सं रबी खेती प्रभावित होइत अछि। एहि कारण कतेको किसान 1700 सं 1800 टाकाप्रति क्विंटलक दर सं निजी व्यापारी कें धान बेचि रबी फसलक तैयारी मे लागि गेल छथि। एहि संबंध मेबीसीओ अजय कुमार कहलनि जे धान अधिप्राप्ति लेल चयनित पांच पैक्स मे पहिल दिन एक्को छटाक धानक खरीद नहि भए सकल अछि। किसान धीरे-धीरे पैक्स मे धान बेचबाक लेल पहुंचताह।

छठि पाबैन कें लए बेनीपुर नगर परिषदक तैयारी तेज, वार्ड 10, 11 आ 13क घाट सभक भेल निरीक्षण



बेनीपुर, समदिया

लोक आस्थाक महापर्व छठिक तैयारी कें लए बेनीपुर नगर परिषद प्रशासन सक्रिय भए गेल अछि। एहि क्रम मे नगर परिषद क्षेत्रक वार्ड संख्या 10, 11 आ 13 स्थित विभिन्न छठि घाट सभक निरीक्षणकार्यपालक पदाधिकारी डॉ. जयचंद्र एकसर आ मुख्य पार्षद मोहम्मद अकबाल संयुक्त रूप सं कयलनि।निरीक्षणक दौरान अधिकारी सभ छठि घाटक साफ-सफाई, जलस्तर, पहुंच पथ, रोशनी, सुरक्षा व्यवस्था आ व्रती तथा श्रद्धालु सभक सुविधाक लेल कयल जा रहल काजक जायजा लेलनि। एहि दौरान संबंधित कर्मी सभ कें घाट सभक समुचित सफाई करयबाक, रास्ता दुरुस्त करबाक आ आवश्यक सुविधा समय पर उपलब्ध करयबाक निर्देश देलनि।कार्यपालक पदाधिकारी डॉ. जयचंद्र एकसर कहलनि जे छठि महापर्व कें देखैत नगर परिषद क्षेत्रक सभ छठि घाट पर आवश्यक सुविधा उपलब्ध करेनाइ प्रशासनक प्राथमिकता अछि। व्रती आ श्रद्धालु सभ कें कोनो तरहक परेशानी नहि हो, एहि लेल साफ-सफाई, रोशनी, सुरक्षा सहित अन्य व्यवस्था दुरुस्त कएल जारहल अछि। संबंधित कर्मी सभ कें निर्धारित समय-सीमाक भीतर सभ काज पूरा करबाक निर्देश देल गेलअछि। ओतहि मुख्य पार्षद मोहम्मद अकबाल कहलनि जे छठि महापर्व लोक आस्थाक महान पाबैन अछि।नगर परिषद प्रशासन श्रद्धालु सभक सुविधा कें ध्यान मे रखैत सभ छठि घाट पर नीक व्यवस्थासुनिश्चित करत। घाट सभक साफ-सफाई आ अन्य जरूरी काजक लगातार निगरानी कएल जा रहल अछि, जाहि सं व्रती सभ कें अर्घ्य देबा मे कोनो कठिनाई नहि हो। निरीक्षणक दौरान नगर परिषदकसंबंधित कर्मी आ स्थानीय लोक उपस्थित छलाह।

महावीरी झंडा पर चारि स्थान पर लगाओल गेल स्वास्थ्य शिविर, श्रद्धालु सभक भेल निःशुल्क जांच



सोनबरसा, समदिया

भुतही महावीरी झंडाक अवसर पर श्रद्धालु सभक स्वास्थ्य सुरक्षा आ सुविधा कें ध्यान मे रखैत स्वास्थ्यविभाग विशेष व्यवस्था केने छल। 01 आ 02 नवंबर कें विभागक दिस सं चारि अलग-अलग स्थान परस्वास्थ्य शिविर लगाओल गेल, जतय श्रद्धालु सभ कें निःशुल्क चिकित्सा सुविधा उपलब्ध कराओल गेल।स्वास्थ्य विभागक दिस सं एपीएचसी भुतही, भुतही उच्च विद्यालय परिसर, भुतही रैन आ फतहपुर केंद्रपर शिविर आयोजित कएल गेल। एहि शिविर सभ मे श्रद्धालु सभक स्वास्थ्य जांच, ब्लड प्रेशर आ ब्लडशुगरक जांच, प्राथमिक उपचार आ आवश्यक दवाइ सभक निःशुल्क वितरण कएल गेल। पीएचसी प्रभारीडॉ. कन्हैया कुमार कहलनि जे महावीरी झंडा मे पैघ संख्या मे श्रद्धालु सभ जुटैत छथि। एहन स्थिति मेलोक कें तत्काल चिकित्सा सुविधा उपलब्ध करयबाक उद्देश्य सं चारि स्थान पर स्वास्थ्य शिविरक व्यवस्था कएल गेल छल। सभ केंद्र पर चिकित्सक, एएनएम आ स्वास्थ्यकर्मीक टीम तैनात कएल गेल छल। ओ कहलनि जे विभागक प्रयास छल जे धार्मिक आयोजन मे शामिल होमयवला कोनो श्रद्धालु केंचिकित्सा सुविधाक अभाव मे परेशानी नहि हो। स्वास्थ्य विभाग लोक सभ कें नीक स्वास्थ्य सेवाउपलब्ध करयबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। महावीरी झंडाक दौरान स्वास्थ्य विभाग द्वारा कएल गेल एहिव्यवस्था कें श्रद्धालु सभक सुरक्षा आ सुविधाक दृष्टि सं महत्वपूर्ण पहल मानल जा रहल अछि।

सहयोग शिविरक माध्य सं आमजनक समस्याक होइत अछि त्वरित निष्पादन : एसडीएम

30 दिनक भीतर समस्याक समाधानक पहल

» सिमरी आ नाहस रूपौली उत्तरी पंचायत मे आयोजित भेल सहयोग शिविर,

बिस्फी, समदिया



बिस्फी प्रखंडक सिमरी पंचायत स्थित पंचायत सरकार भवन परिसर मे मंगलदिन सहयोग शिविरक आयोजन कएल गेल। शिविरक शुभारंभ एसडीएम शारंग पाणि पांडेय सहित विभिन्न विभागक पदाधिकारीसभ केलनि। ओतहि नाहस रूपौली उत्तरी पंचायत मे बीपीआरओ शेखर कुमारक नेतृत्व मे शिविरआयोजित कएल गेल। सिमरी पंचायत मे आयोजित शिविर मे बीडीओ बसंत कुमार सिंह, एमओ कौशल कुमार मंडल, श्रम प्रवर्तन पदाधिकारी हमीद गफूर, वीएओ कौशल कुमार सिंह, पीएचईडी जेई रवि कुमार,विद्युत विभागक जेई रितेश कुमार आ बीसीओ ओमनाथ प्रसाद उपस्थित छलाह। शिविर मे स्थानीय ग्रामीण, जनप्रतिनिधि आ महिला समूहक सदस्य सभक पैघ उपस्थिति रहल। शिविर मे पोर्टलक माध्य मेविभिन्न समस्या सं जुड़ल ऑनलाइन आ ऑफलाइन आवेदन प्राप्त कएल गेल। एहि दौरान जलजमाव,नाला उड़ाही, आवास योजना, पेंशन, नल-जल, स्वास्थ्य आ जमीन विवाद सहित अन्य समस्या सं संबंधितआवेदन देल गेल। एहि मे कतेको आवेदनक निष्पादन तत्काल कए देल गेल। संगहि, सरकार द्वारासंचालित विभिन्न जनकल्याणकारी योजनाक जानकारी सेहो ग्रामीण सभ कें देल गेल।एसडीएम शारंग पाणि पांडेय शिविर मे उपस्थित एक-एक ग्रामीण सं संवाद कए हुनकर समस्यागंभीरतापूर्वक सुनलनि। ओ कहलनि जे सहयोग शिविर आमजनताक लेल अत्यंत लाभकारी साबित भएरहल अछि। एकर माध्यम सं लोकक समस्या तेजी सं दूर कएल जा रहल अछि। विभिन्न विभागक पदाधिकारी शिविर मे उपस्थित रहि प्राथमिकताक आधार पर समस्याक समाधान कए रहल छथि। ओ कहलनि जे शिविर मे प्राप्त आवेदनक आधार पर 30 दिनक भीतर लोकक समस्याक निदान करबाक पहल कएल जा रहल अछि। लोक सेहो एहि शिविरक प्रति जागरूक भए रहल छथि आ अपन समस्या लेल आवेदन द रहल छथि। सरकारक उद्देश्य अछि जे आमजनता कें अपन समस्याक समाधान लेलकार्यालयक चक्कर नहि लगाबय पड़य आ एकहि ठाम विभिन्न विभाग सं संबंधित सुविधा उपलब्ध हो।मौका पर मुखिया सुधीर कुमार यादव, वशिष्ठ नारायण झा, सरवन पंजियार सहित कतेको स्थानीयजनप्रतिनिधि आ ग्रामीण उपस्थित छलाह।

सहयोग शिविर मे उमड़ल भीड़, योजनाक लाभ लेल दर्जनों आवेदन जमा

सुखेत मे एसडीएम टोनी कुमारी महिला सभक समस्या सुनलनि

» भूमिहीन परिवार कें व्यवस्था करबाक देलनि आश्वासन

झंझारपुर, समदिया



झंझारपुर प्रखंडक सुखेत पंचायत स्थित पंचायत सरकार भवन परिसर मे मंगलदिन विशेष सहयोगशिविरक आयोजन कएल गेल। शिविर मे पैघ संख्या मे स्थानीय ग्रामीण पहुंचलाह। एहि दौरान एसडीएमटोनी कुमारी आमजनताक संग दरी पर बैसि हुनकर समस्या आ परेशानी सुनलनि। सुखेत पंचायतकभंडारी पोखर मोहल्लाक सैकड़ो महिलाक उपस्थिति शिविरक मुख्य आकर्षण रहल। महिलासभक एक्केमांग छलनि जे हुनका सभ कें बसबाक लेल जमीनक पर्चा उपलब्ध कराओल जाय। महिला सभ मौखिक रूप सं निजी जमीनक पर्चा देबाक मांग कयलनि। हालांकि, एहि संबंध मे लिखित आवेदन केओ जमा नहि कयलनि। एसडीएम सहित उपस्थित पदाधिकारी सभ महिलासभक बात गंभीरतापूर्वक सुनलनि। अधिकारी सभ भूमिहीन परिवारक समस्या पर उचित व्यवस्था करबाक आश्वासन देलनि। शिविर मे सामाजिक सुरक्षा, प्रधानमंत्री आवास योजना सहित सरकारक विभिन्न जनकल्याणकारी योजना सं संबंधित दर्जनोंआवेदन प्राप्त भेल। ग्रामीण सभ अपन समस्या आ योजनाक लाभ सं जुड़ल शिकायत पदाधिकारी सभकसमक्ष रखलनि। मौका पर बीडीओ पंकज कुमार दीक्षित, प्रखंड आपूर्ति पदाधिकारी रूपेश कुमार, मुखियाअमेरिका देवी, उपमुखिया राकेश ठाकुर, अरुण राय, लाल राय, न्याय मित्र किशोर मालाकार सहित विभिन्न विभागक कर्मी उपस्थित छलाह।

परसौना आ नागदह बलाइन मे सहयोग शिविर, 163 मे 155 मामिलाक भेल निष्पादन

बेनीपट्टी, समदिया

नहर पर पुल निर्माण, जर्जर विद्यालय आ डाकघरक बदहाल व्यवस्थाक मामिला उठल



नवंबर महिनाक पहिल मंगलदिन बेनीपट्टी प्रखंडक परसौना आ नागदह बलाइन पंचायत मे सहयोग शिविरक आयोजन कएल गेल। परसौना मे डीआरडीए निदेशक राघवेंद्र कुमार आ नागदह बलाईन मेबीडीओ महेश्वर पंडितक उपस्थिति मे शिविर आयोजित भेल। दुनू पंचायत मे पोर्टलक माध्यम सं प्राप्तकुल 163 शिकायत मे 155 मामिलाक निष्पादन कएल गेल। शिविर मे नहर पर पुल निर्माण, जर्जरविद्यालय, डाकघरक बदहाल स्थिति, कृषि, बिजली, दाखिल-खारिज, परिमार्जन, पेंशन, राशन कार्ड, मीटररीडिंग, बिजली बिल मे सुधार, आवास योजनाक राशि नहि भेटब आ नल-जल योजनाक संचालन नहिहोयबाक मामिला उठाओल गेल। एहि अतिरिक्त विभिन्न समस्या सं संबंधित एक दर्जन सं बेसी आवेदनप्राप्त भेल। परसौना पंचायतक जरैल गांव निवासी दीपक झा कमला नदी पर छोट पुलिया निर्माण करबाक मांगकयलनि। आवेदन मे कहल गेल जे पुलक अभाव मे सैकड़ो बीघा जमीन बेकार पड़ल अछि। छोट पुलियाबनि गेला सं क्षेत्रक किसान आ स्थानीय लोक कें पैघ सुविधा भेटतनि। ओतहि जरैल निवासी आ एमएसयूजिलाध्यक्ष शशि अजय झा मध्य विद्यालय जरैलक जर्जर कमरा सभक पुनर्निर्माण करयबाक मांगकयलनि। ओ कहलनि जे विद्यालय मे सैकड़ो बच्चा पढ़ैत अछि। भवनक स्थिति जर्जर रहबाक कारणबच्चा सभक सुरक्षा प्रभावित भए सकैत अछि। एहन स्थिति मे भवनक पुनर्निर्माण आवश्यक अछि।परसौना पंचायतक सरपंच सुधीर कुमार झा कोसी नहर पर पुल निर्माण लेल आवेदन देलनि। आवेदन मे कहल गेल जे जरैल गांवक बड़की पोखरिक दक्षिण-पश्चिम कोना सं दक्षिण दिस जायवला सड़क कोसी नहर सं जुड़ैत अछि। ई सड़क मधवापट्टी आ जरैल कें जोड़यवला मुख्य मार्ग अछि। नहर मे पानिछोड़लापर एहि सड़क पर आवागमन पूर्ण रूप सं बाधित भए सकैत अछि।शिविर मे पंचायतक मुखिया सहित अन्य लोक डाकघरक बदहाल व्यवस्थाक शिकायत कयलनि। ग्रामीणसभक आरोप छल जे संबंधित कर्मी मनमानी करैत छथि आ आवास, पेंशन सहित अन्य योजनाक राशिउपलब्ध करयबा मे आनाकानी करैत छथि। एहि पर डीआरडीए निदेशक राघवेंद्र कुमार बीडीओ कें फोन कए टीम गठित करैत जांच करयबाक निर्देश देलनि। एकर अतिरिक्त दुनू पंचायत मे जर्जर बिजली तार दुरुस्त करबाक, पेंशन, राशन कार्ड, आवास योजना, अतिक्रमण, सीमांकन आ दाखिल-खारिज सं संबंधित शिकायत प्राप्त भेल। पेंशन सं जुड़ल अधिकांश मामिलाक निष्पादन शिविर मे तत्काल कए देल गेल। अन्य आवेदन संबंधित विभाग कें पठबैत शीघ्र निष्पादन करबाक निर्देश देल गेल।बीडीओ महेश्वर पंडितक अनुसार, परसौना पंचायत मे पोर्टल पर प्राप्त 63 आवेदन मे 60 आ नागदह बलाईन पंचायत मे 100 आवेदन मे 95 मामिलाक निष्पादन कएल गेल। एहि तरहें दुनू पंचायतक कुल 163 मामिला मे 155 मामिलाक निष्पादन भेल। एहि अवसर पर परसौना मे मुखिया मो. जुल्फेकार, नदीम कासिम आ एमएसयू जिलाध्यक्ष शशि अजय झा तथा नागदह बलाईन मे मुखिया अख्तर हुसैन डीआरडीएनिदेशक, बीडीओ सहित अन्य अतिथि सभ कें मिथिलाक परंपराक अनुसार पाग आ दोपटा पहिराक सम्मानित कयलनि। शिविर मे प्रखंड पंचायती राज पदाधिकारी मधुकर कुमार, आरओ गणेश साहू, एमओरोहित रंजन झा, कार्यक्रम पदाधिकारी वीबीजीरामजी संजीव रंजन मिश्र, बीएओ नौशाद अहमद, बीसीओ सुरेश राम, जीविका बीपीएम प्रणवतोष मिश्र, श्रम प्रवर्तन पदाधिकारी आकांक्षा कुमारी सहित विभिन्न विभागक अधिकारी आ कर्मी उपस्थित छलाह।

बाइक चोरीक प्राथमिकी दर्ज होइतहि 24 घंटाक भीतर पुलिस कयलक बरामद, एक गिरफ्तार

झंझारपुर, समदिया

भैरवस्थान थाना पुलिस बाइक चोरीक मामिला मे त्वरित कारबाइ करैत प्राथमिकी दर्ज होबाक 24 घंटाकभीतर चोरी गेल बाइक बरामद कए लेलनि। एहि मामिला मे पुलिस एकटा आरोपित कें गिरफ्तार कएन्यायिक हिरासत मे पठा देलक। जानकारीक अनुसार, भैरवस्थान थाना क्षेत्रक महिनाथपुर निवासी स्वर्गीयकमल झाक पुत्र सुमनजी झा थाना मे आवेदन दैत कहलनि जे ओ 01 नवंबर 2026 कए सांझ करीब 06 बजे अपन कारी रंगक स्प्लेंडर बाइक घरक बाहर लगौने छलाह। ई बाइक हुनकर पुत्र आशुतोष कुमारझाक नाम पर अछि। 02 नवंबरक भोर करीब 08 बजे उठलापर बाइक गायब भेटलनि।एहि संबंध मे देल गेल आवेदनक आधार पर भैरवस्थान थाना मे अज्ञात चोरक विरुद्ध प्राथमिकी दर्ज कएल गेल। प्राथमिकी दर्ज होइतहि थानाध्यक्ष सत्येंद्र तिवारी पुलिस टीम गठित कए छापेमारी शुरू कयलनि। गुप्त सूचना आ तकनीकी अनुसंधानक आधार पर पुलिस 24 घंटाक भीतर चोरी गेल बाइकबरामद कए लेलक। संगहि, मधुबनी जिलाक घोघरडीहा निवासी स्वर्गीय राम सुंदर यादवक 27 वर्षीय पुत्रबद्री कुमार यादव कें गिरफ्तार कएल गेल। पुलिस बरामद बाइक जब्त करैत गिरफ्तार आरोपित कें न्यायिक हिरासत मे पठा देलक। थानाध्यक्ष सत्येंद्र तिवारी कहलनि जे बाइक चोरी सहित अन्य आपराधिक मामिला मे पुलिस त्वरित कारबाइक नीति पर काज कए रहल अछि। ओतहि, चोरी गेल बाइक शीघ्र बरामद भेला सं पीड़ित परिवार पुलिसक प्रति आभार व्यक्त कयलक।

बाल विवाह आ बाल दुर्व्यापार रोकबाक लेल किशोरी सभक बीच चलल जागरूकता अभियान

शिक्षा, सुरक्षा, समानता आ नेतृत्व क्षमता बढ़ेबाक देल गेल संदेश

सीतामढ़ी, समदिया

पुलिस अधीक्षक अमित रंजनक निर्देशन आ वरीय पुलिस उपाधीक्षक (मुख्यालय) मो. नजीब अनवरकमार्गदर्शन मे बाल दिवसक अवसर पर सीतामढ़ी पुलिस, मानव तस्करी निरोध इकाई आ अदिथी कवचपरियोजनाक संयुक्त तत्वावधान मे विशेष 'बाल सुरक्षा संकल्प अभियान' चलाओल जा रहल अछि। 14नवंबर 2026 धरि चलयवला एहि अभियानक अंतर्गत डुमरा थाना क्षेत्रक मिश्रौलिया पंचायत, परिहार थानाक्षेत्रक बबूरवन आ महादेवपट्टी पंचायत तथा भुतही थाना क्षेत्रक दोस्तियां पंचायतक विभिन्न विद्यालय मे 'किशोरी संवाद' कार्यक्रम आयोजित कयल



गेल। कार्यक्रम मे छात्रा सभ कें बाल विवाह आ बाल दुर्व्यापारक दुष्परिणाम, ओकर रोकथाम लेल बनाओल गेल कानूनी प्रावधान आ बाल अधिकारक संबंध मेजानकारी देल गेल। एहि दौरान शिक्षा, सुरक्षा, समानता, आत्मविश्वास आ नेतृत्व क्षमताक महत्व परविस्तार सं चर्चा भेल। किशोरी सभ कें अपन अधिकारक प्रति जागरूक आ सजग रहबाक लेल प्रेरितकयल गेल। संवाद कार्यक्रम कें महिला थाना के पुलिस अवर निरीक्षक-सह-बाल कल्याण पुलिस पदाधिकारीसीमा कुमारी, डुमरा थाना के पुलिस अवर निरीक्षक-सह-बाल कल्याण पुलिस पदाधिकारी राजन कुमार,भुतही थाना के पुलिस अवर निरीक्षक-सह-महिला हेल्प डेस्क प्रभारी अंबिका शर्मा, परिहार थाना के पुलिस अवर निरीक्षक जय मंगल सिंह, अदिथी कवच परियोजनाक कन्वर्जेंस विशेषज्ञ मनीष कुमार, प्रखंडसमन्वयक प्रशांत कुमार यादव आ शिव दुलारी देवी संबोधित कयलनि।एहि पहलक उद्देश्य किशोरी सभ कें बाल विवाह आ बाल दुर्व्यापार सन सामाजिक कुरीतिक विरुद्धजागरूक करब, हुनकर आवाज आ सहभागिता कें प्रोत्साहित करब तथा चयनित पंचायत सभ कें बालविवाह आ बाल दुर्व्यापार मुक्त बनेबाक दिशा मे सामुदायिक प्रयास कें मजबूत करब अछि।

अपराध नियंत्रण आ कानून-व्यवस्था लेल पुलिस निरीक्षक कयलनि क्राइम मीटिंग



सीतामढ़ी, समदिया

सुरसंड अंचलक पुलिस निरीक्षक परशुराम सिंह अपन कार्यालय मे क्राइम मीटिंग कय क्षेत्रक कानून- व्यवस्था आ अपराध नियंत्रणक समीक्षा कयलनि। बैठक मे सोनबरसा थानाध्यक्ष धर्मेंद्र कुशवाहा, कन्हौलीथानाध्यक्ष सुनील यादव, परिहार थानाध्यक्ष पंकज यादव, बेला थानाध्यक्ष अचल अनुराग आ भिट्ठा थानादिस सं पुअनि भवानी कुमारी शामिल रहथि। बैठकक दौरान पुलिस निरीक्षक सभ थानाध्यक्ष कें अपन-अपन थाना क्षेत्र मे अपराध नियंत्रण लेल विशेष सतर्कता बरतबाक, नियमित गश्ती करबाक आअसामाजिक तत्व सभ पर कड़ी नजरि रखबाक निर्देश देलनि। लंबित कांडसभक समीक्षा करैत सभमामिलाक शीघ्र निष्पादन आ अनुसंधान मे तेजी अनबाक निर्देश देलनि। ओ फरार आरोपितसभक गिरफ्तारी तेज करबाक आ संवेदनशील क्षेत्र मे पुलिसक सक्रियता बढ़ेबाक पर सेहो जोर देलनि।पुलिस निरीक्षक शराबबंदी कानूनक सख्ती सं पालन करय आ अवैध गतिविधि सभ पर प्रभावी कारबाइकरबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे क्षेत्र मे शांति आ कानून-व्यवस्था बनौने रखब पुलिसक सर्वोच्चप्राथमिकता अछि। आम लोक मे सुरक्षाक भरोसा कायम रखबाक लेल सभ थानाध्यक्ष आपसी समन्वयकसंग काज करथि। अपराध नियंत्रणक संग लंबित मामलासभक समयबद्ध निष्पादन सुनिश्चित करबाकसेहो निर्देश देलनि।

पंचायत सहयोग शिविर मे भेटल 50 आवेदन, सभक भेल तत्काल निष्पादन

डीएम आ एसपी संयुक्त रूप सं कयलनि उद्घाटन, लाभुक सभ कें सौंपलनि प्रमाण-पत्र

सहरसा, समदिया

जिलाक सत्तरकटैया प्रखंड अंतर्गत बिहरा ग्राम पंचायत मे मंगलदिन, 3 नवंबर कें पंचायत सहयोग शिविरआयोजित कयल गेल। जनसमस्याक त्वरित आ पारदर्शी समाधानक उद्देश्य सं आयोजित एहि शिविरक उद्घाटन जिलाधिकारी दीपेश कुमार आ पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहाग संयुक्त रूप सं कयलनि। शिविरमे विभिन्न विभाग सं संबंधित कुल 50 आवेदन प्राप्त भेल। खास बात ई रहल जे सभ 50 आवेदनक निष्पादन शिविर मे तत्काल कय देल गेल। निष्पादित मामिला सं संबंधित लाभुक सभ कें जिलाधिकारी आ पुलिस अधीक्षक अपन हाथे प्राण-पत्र सेहो सौंपलनि। एहि अवसर पर जिलाधिकारी दीपेश कुमार सत्तरकटैया प्रखंड विकास पदाधिकारी कें निर्देश देलनि जे सरकारक सभ जनकल्याणकारी आ विकास योजनाक लाभ आम लोक धरि सरल आ सहज तरीका सं पहुंचाओल जाय। ओ पंचायत स्तर परआयोजित होयवला सहयोग शिविरसभक व्यापक प्रचार-प्रसार सुनिश्चित करबाक निर्देश



देलनि, जाहि संबेसी सं बेसी ग्रामीण कें शिविरक जानकारी भेटय आ ओ अपन समस्याक समाधान लेल एकर लाभ उठासकथि। जिलाधिकारी आम लोक सं प्रधानमंत्री सूर्य घर योजनाक अंतर्गत अपन घरक छत पर सौर पैनललगयबाक अपील कयलनि। ओ कहलनि जे सौर ऊर्जाक उपयोग सं बिजलीक बचत होयबाक संगपर्यावरण संरक्षण कें सेहो बढ़ावा भेटत। स्वच्छ आ हरित ऊर्जाक प्रति लोक सभ कें जागरूक करबसमयक आवश्यकता अछि। शिविर मे जिला गोपनीय प्रशाखाक विशेष कार्य पदाधिकारी राजू कुमार, प्रखंडविकास पदाधिकारी, सभ प्रखंडस्तरीय पदाधिकारी, स्थानीय जनप्रतिनिधि आ पैघ संख्या मे ग्रामीण उपस्थित छलाह।

सहयोग शिविर सभ मे पहुंचलाह विधायक, लोकक समस्या सुनि देलनि त्वरित समाधानक निर्देश

मनीगाछी आ सदर प्रखंडक चारि स्थान पर शिविरक लेलनि जायजा

» आखरी व्यक्ति धरि सरकारी योजनाक लाभ पहुंचय पर देलनि जोर

दरभंगा, समदिया

आम लोकक समस्याक स्थानीय स्तर पर समाधान आ सरकारी जनकल्याणकारी योजनाक लाभजरूरतमंद लोक धरि पहुंचेबाक उद्देश्य सं आयोजित सहयोग शिविर सभ मे मंगलदिन दरभंगा ग्रामीणकविधायक सह जदयू जिलाध्यक्ष राजेश कुमार उर्फ ईश्वर मंडल पहुंचलाह। ओ मनीगाछी प्रखंडक राजे,गंगौली कनकपुर तथा सदर प्रखंडक नैनाघाट आ भालपट्टी मे आयोजित सहयोग शिविरसभक निरीक्षणकयलनि। एहि दौरान शिविर मे पहुंचल लोक सभ सं सीधा संवाद कय हुनकर समस्या आ आवश्यकताकजानकारी लेलनि। शिविर मे लोक सभ पेंशन, आवास, राशन कार्ड, स्वास्थ्य, शिक्षा, सड़क, बिजली आ नल-जल सहित विभिन्न सरकारी योजना आ बुनियादी सुविधा सं जुड़ल समस्या विधायकक समक्ष रखलनि।विधायक संबंधित प्रशासनिक पदाधिकारी आ कर्मी सं समस्याक जानकारी लेलनि आ प्राप्त



आवेदनसभकनियमानुसार त्वरित निष्पादन करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे आम लोक कें अपन छोट-छोटसमस्याक समाधान लेल सरकारी कार्यालयक अनावश्यक चक्कर नहि लगाबय पड़य, एहि सोचक संग सहयोग शिविरक आयोजन कयल जा रहल अछि। बिहार सरकारक प्रतिबद्धता अछि जे समाजक आखरी व्यक्तिधरि जनकल्याणकारी योजनाक लाभ पहुंचय। ओ अधिकारी आ कर्मी सं पात्र लाभुक सभ केंसरकारी योजना सं जोड़बाक संग जनसमस्याक समाधान मे संवेदनशीलता आ तत्परता बरतबाक अपीलकयलनि। एहि अवसर पर भोगेंद मंडल, संतोष कुमार सिंह, घनश्याम राय, विद्यासागर यादव, रूना देवी, राजीव मंडल, शमीम अशरफ, जमशेद, भोला पासवान, सुमन ठाकुर, गंगा राम चौपाल, फिदा हुसैन, गुलाब झा सहित स्थानीय जनप्रतिनिधि, एनडीए कार्यकर्ता, प्रशासनिक पदाधिकारी, कर्मी आ पैघ संख्या मे आम लोकउपस्थित छलाह।

तरंग प्रतियोगिता मे प्रतिभा देखय लेल विदा भेल वीमेंस कॉलेजक छात्रा

» 4-5 नवंबर कें रमेश झा महाविद्यालय मे होयत मोकाबला, नीक प्रदर्शन कें लए कॉलेज प्रबंधन आशान्वित

मधेपुरा, समदिया

भेद महाविद्यालय तरंग प्रतियोगिता मे अपन प्रतिभाक प्रदर्शन करबाक लेल वीमेंस कॉलेज, कौशल्या ग्रामक सात छात्राक टीम मंगलदिन विदा भेल। 4 आ 5 नवंबर कें रमेश झा महाविद्यालय मे आयोजितहोयवला एहि प्रतियोगिता कें लए कॉलेज परिसर मे उत्साहक माहौल रहल। कॉलेज प्रबंधन कें आशा अछि जे छात्रा सभ अपन नीक प्रदर्शन सं संस्थानक नाम रोशन करतिह। टीम कें विदा करैत महाविद्यालयकसंस्थापक डॉ. अशोक कुमार प्रतिभागी छात्रा सभक उत्साहवर्धन कयलनि। ओ कहलनि जे छात्रा सभ मेप्रतिभाक कोनो कमी नहि अछि। मेहनत, लगन आ आत्मविश्वासक संग ओ सभ प्रतियोगिता मे नीकप्रदर्शन कए सकैत छथि। ओम्हर सचिव डॉ. भगवान मिश्र छात्रा सभ कें शुभकामना दैत कहलनि जेप्रतियोगिता प्रतिभा कें निखारबाक संग आत्मविश्वास आ व्यक्तित्व विकासक सशक्त माध्यम होइतअछि। प्रभारी प्रधानाचार्य डॉ. नीलू कुमारी जानकारी देलनि जे प्रतियोगिता मे कॉलेजक दिस सं आरतीकुमारी, सपना कुमारी, निशां कुमारी, अनुपमा राज, लाडली कुमारी, ईशा कुमारी आ आशा कुमारी भागलेतीह। ओ विश्वास व्यक्त कयलनि जे सभ छात्रा पूरा उत्साह, अनुशासन आ खेल भावना संग अपनप्रतिभाक प्रदर्शन करतीह। एहि अवसर पर खेल पदाधिकारी डॉ. प्रभात रंजन, डॉ. माधव कुमार, डॉ. सौरवकुमार, डॉ. कौशल कुमार, डॉ. सुशांत कुमार, प्रो. विनीत कुमार, प्रो. प्रवीण, प्रो. रीता कुमारी, प्रो. प्रियंकाकुमारी आ प्रो. सुधा कुमारी सहित अन्य शिक्षक-शिक्षिका सभ छात्रा सभ कें शुभकामना देलनि। छात्रा सभक सफलता लेल पूरा महाविद्यालय परिवार उत्साहित अछि। प्रबंधन आशा व्यक्त कयलक जे तरंगप्रतियोगिता मे टीमक प्रदर्शन संस्थान लेल गौरवक विषय बनत।

एसएसबीक निःशुल्क चिकित्सा शिविर मे 300 रोगी लाभान्वित

चक्रवाती बीहाड़ि अर्नबक बाद बदलल मौसिम सं बढ़ल बेमारी

रक्सौल, समदिया

बंगालक खाड़ी सं उठल चक्रवाती बीहाड़ि अर्नबक प्रभाव सं भारत-नेपाल सीमावर्ती क्षेत्र मे मौसिमकमिजाज बदलि गेल अछि। पछिला दू दिन सं भए रहल बेमौसम बरखा, तेज ठंढ हवा आ तापमान मेअनचोके 8 सं 10 डिग्री सेल्सियस तक गिरावट अयला सं जनजीवन प्रभावित भेल अछि। बदलैतमौसिमक सीधा असर लोकक स्वास्थ्य पर पड़ि रहल अछि। चिकित्सक सभक अनुसार वातावरण मे नमीआ आर्द्रता बढ़ला सं सीमावर्ती क्षेत्र मे सर्दी, जुकाम, खांसी, गला मे खराश आ तेज बोखार सहित वायरलसंक्रमणक मामिला बढ़ि रहल अछि। एकर अतिरिक्त दमा, ब्रोंकाइटिस आ बच्चा सभ मे निमोनियाकलक्षण देखल जा रहल अछि। ठंढ हवा चलबाक कारण बुजुर्ग सभ मे घुटना



» महदेवा गाम मे 47म वाहिनी द्वारा स्वास्थ्य शिविर आयोजित

दर्द, कमर दर्द आ गठियाकपरेशानी सेहो बढ़ि रहल अछि। जलजमाव आ दूषित पानिक कारण पेट दर्द, डायरिया आ उल्टी जेकां बेमारीक खतरा अछि। संगहि, जलजमाव सं मच्छरक प्रजनन बढ़बाक कारण डेंगू आ मलेरिया जेकांबेमारीक आशंका सेहो बढ़ि गेल अछि। एहि परिस्थिति कें देखैत भारत-नेपाल सीमाक सुरक्षा मे तैनातसशस्त्र सीमा बल (एसएसबी)क 47म वाहिनीक रक्सौल इकाई द्वारा नागरिक कल्याण कार्यक्रमक अंतर्गतमहदेवा गाम मे निःशुल्क चिकित्सा शिविर आयोजित कएल गेल।शिविर मे वाहिनीक कमांडेंट (मेडिकल) डॉ. निशिकांत रोगी सभक स्वास्थ्य जांच कयलनि आ आवश्यकदवाइ निःशुल्क वितरित कयलनि। शिविर मे करीब 300 मरीजक उपचार कएल गेल। ब्लड प्रेशर, ब्लडशुगर, सर्दी-खांसी, घुटना दर्द आ डांड़ दर्द सं पीड़ित रोगी सभक जांच कए उचित उपचार आ सावधानीकसलाह देल गेल। डॉ. निशिकांत कहलनि जे मौसिम मे अनचोके बदलाव कें देखैत बच्चा आ बुजुर्ग सभ कें विशेष सावधानी बरतबाक जरूरत अछि। ओ लोक सभ सं ठंढा खाद्य पदार्थ आ खुले मे बिकाइत भोजनसं बचबाक, उबालल अथवा स्वच्छ पानि पीबाक आ घरक आसपास पानि जमा नहि होमय देबाक अपीलकयलनि। संगहि व्यक्तिगत स्वच्छता पर विशेष ध्यान देबाक सलाह देलनि। शिविर मे धनलाल साह,राजेश कुमार, पूर्व मुखिया मधु सिंह सहित सैकड़ो ग्रामीण उपस्थित छलाह। एसएसबीक एहि पहल संस्थानीय ग्रामीण सभ कें निःशुल्क स्वास्थ्य जांच आ चिकित्सा सुविधाक लाभ भेटल।

बिहार राजस्व सेवा संघक अध्यक्ष

'द स्पोर्ट युवा' कयलक फूलकाहां महावीरी झंडा समितिक सदस्य सभ कें सम्मानित

बनला पर सोनबरसा सीओ सम्मानित

जनप्रतिनिधि आ ग्रामीण सभ शॉल ओढ़ा कय केलनि अभिनंदन

सोनबरसा/सीतामढ़ी, समदिया

बिहार राजस्व सेवा संघक अध्यक्ष निर्वाचित भेलापर सोनबरसा अंचलाधिकारी पंकज कुमार कें स्थानीय जनप्रतिनिधि आ ग्रामीण सभ सम्मान समारोह आयोजित कय सम्मानित कयलनि। एहि अवसर परहुनका शॉल ओढ़ा कय अभिनंदन कयल गेल। समारोह मे लोक सभ हुनकर कार्यकालक सराहना करैतकहलनि जे संघक अध्यक्ष निर्वाचित होयब सोनबरसा लेल गौरवक विषय अछि। सम्मान समारोह कें संबोधित करैत अंचलाधिकारी कहलनि जे सोनबरसा पूर्व मुख्यमंत्री जननायक कर्पूरी ठाकुरजीक कर्मभूमिरहल अछि आ ई हुनकरो कर्मभूमि अछि। सोनबरसाक अपन अलग पहचान अछि। एतयक लोक प्रशासनकें सदिखन सहयोग करैत छथि। बिहार राजस्व सेवा संघक अध्यक्ष पद पर निर्वाचित होयब हुनकर व्यक्तिगत उपलब्धि मात्र नहि, बल्कि



सोनबरसा लेल सेहो सम्मानक बात अछि। सोनबरसाक नाम रोशनहोयब हुनका लेल खुशी आ गर्वक विषय अछि। अपन काजक प्रति प्रतिबद्धता व्यक्त करैत ओ कहलनिजे ओ जतबा संभव होइत अछि, पूरा ईमानदारी आ निष्ठाक संग अपन दायित्वक निर्वहन करैत छथि।केओ व्यक्ति अपन कोनो जायज काज लेल हुनका सं भेंट कय सकैत छथि। अंचलाधिकारी कहलनि जे बिहार राजस्व सेवा संघक अध्यक्ष पदक जिम्मेदारी भेटब सम्मानक संग-संगपैघ जवाबदेही सेहो अछि। संघक सुचारु संचालन, राजस्व विभागक अधिकारी आ कर्मचारी सभक हिततथा विभागीय चुनौती सभ कें उचित मंच पर रखब हुनकर महत्वपूर्ण दायित्व होयत। एहि जिम्मेदारीक संग बहुत रास काज जुड़ल अछि, जाहि सभक निर्वहन गंभीरता आ प्रतिबद्धताक संग करय पड़त। राजस्व विभागक काज आ चुनौती पर चर्चा करैत ओ कहलनि जे दाखिल-खारिज, परिमार्जन, भूमि संबंधी मामिलासभक निष्पादन आ विधि-व्यवस्था सहित कतेको महत्वपूर्ण जिम्मेदारी अंचल कार्यालयक माध्य मे पूराकयल जाइत अछि। एहि काज सभक दबाव बहुत बेसी रहैत अछि। कार्यभार बेसी रहबाक कारण कहियो-कहियो मानवीय भूल वा तकनीकी त्रुटिक संभावना बनल रहैत अछि। ओ कहलनि जे राजस्व विभाग मेकतेको व्यावहारिक आ तकनीकी चुनौती अछि। भूमि संबंधी पुरान अभिलेख, पूर्व मे भेल सर्वेक्षण आकागजात मे मौजूद विसंगतिक कारण मामिला सभक निष्पादन मे कठिनाइ होइत अछि। बहुत पहिने सर्वे भेल रहबाक कारण पुरान दस्तावेज आ वर्तमान भूमि संबंधी स्थिति बीच कतेको तरहक समस्या सामने अबैत अछि। एहन परिस्थिति मे प्रत्येक मामिलाक निष्पादन चुनौतीपूर्ण भए जाइत अछि। पूर्वक गलती लेल वर्तमान अधिकारी सभ कें जिम्मेदार ठहरायब उचित नहि। ओ कहलनि जे सभ अंचलाधिकारी अपन-अपन स्तर पर नीक काज करबाक प्रयास कए रहल छथि। अंचलाधिकारी स्थानीय जनप्रतिनिधि आग्रामीण सभक प्रति आभार व्यक्त करैत कहलनि जे सोनबरसाक लोक सभ हुनका सहयोग आ सम्मानदेने छथि। जाधरि ओ सोनबरसा मे पदस्थापित रहताह, पूरा ईमानदारी, निष्ठा आ जिम्मेदारीक संग अपनकर्तव्यक निर्वहन करताह। आम लोकक समस्या समाधान करब आ नियमानुसार राजस्व संबंधी काज पूराकरब हुनकर प्राथमिकता रहत। समारोह मे प्रमुख पति प्रेम दास, मुखिया बिलट यादव, जय नारायण राय, मुखिया प्रतिनिधि ज्याउद्दीन उर्फ तन्नु, पंसस पति विनोद यादव, बीरेंद्र यादव, पूर्व मुखिया संजय महतो, पैक्स अध्यक्ष विरंजन महतो, राज नारायण महतो, सुरेश पटेल, रविंद्र महतो सहित अन्य लोक उपस्थित रहथि आ हुनका सम्मानित कयलनि।

श्रद्धालु आ झंडा यात्रा मे शामिल लोक सभ लेल पेयजल आ शरबतोक व्यवस्था

सीतामढ़ी/समदिया

महावीरी झंडाक पावन अवसर पर सामाजिक संस्था 'द स्पोर्ट युवा'क दिस सं फूलकाहां महावीरी झंडा समितिक सदस्य सभ कें सम्मानित कयल गेल। एहि दौरान श्रद्धालु आ झंडा यात्रा मे शामिल लोक सभ लेल पेयजल आ शरबतक व्यवस्था सेहो कयल गेल। कार्यक्रम मे फूलकाहां झंडा समितिक सदस्य सभ केंफूलक माला पहिरा आ शॉल ओढ़ा कय सम्मानित कयल गेल। संस्थाक केशव कुमार, ओम प्रकाश, पिंटूसाह, जय कुमार, रूपेश, रामजी, मधुसूदन, राजू सम्राट, आशुतोष, सोनू साहू, रमन, अजय, अशोक, पप्पू, सुनील,अर्जुन, बीरेंद्र कुमार, दिलीप, रामपुकार, सुभाष चौधरी, राहुल कुमार, परमहंस, पवन, विक्की, गणेश कुमार,किशन, राजू, राकेश, मुन्ना, टीपू, सूरज, रितिक आ संजू कहलनि जे फूलकाहांक ई परंपरा 1954 सं लगातार चलि रहल अछि। एतयक श्रद्धालु अपन



कन्हा पर महावीरी झंडा उठा करीब 4 किलोमीटरक दूरी तय करैत भुतही रैन पहुंचैत छथि आ ओतय झंडाक स्थापना करैत छथि। ओ कहलनि जे वर्षो पुरान ई परंपरा आस्था, समर्पण आ सामाजिक एकताक प्रतीक अछि। एहन श्रद्धालु आ आयोजन समितिक सदस्य सभकें सम्मानित करब गौरवक बात अछि। एहि उद्देश्य सं समितिक सदस्य सभ कें सम्मानित कय हुनकरउत्साह बढ़ाओल गेल, जाहि सं ओ सभ आगू सेहो एहि परंपरा कें आओर नीक ढंग सं जारी राखथि। एहि अवसर पर फूलकाहांक संजय पूर्वे आ पिंटू द स्पोर्ट युवाक एहि पहलुक प्रशंसा करैत संस्थाक प्रति आभार व्यक्त कयलनि। ओ कहलनि जे संस्था झंडा समितिक सदस्य सभ कें प्रोत्साहित कय सामाजिकसौहार्द आ धार्मिक परंपरा कें बढ़ावा देबाक सराहनीय काज कयने अछि। संस्थाक सदस्य सभ कहलनि जे द स्पोर्ट युवा आगू सेहो सामाजिक आ जनहित सं जुड़ल काज सभ मे अपन महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत रहत।

विद्यालय सभ के सुरक्षित राखब हमर सामूहिक जिम्मेदारी

डॉ. पुनित अरोड़ा

विद्यालय कें बच्चाक दोसर घर कहल जाइत अछि। माता-पिता जाहि विश्वासक संग अपना बच्चा सभ कें विद्यालय पठबैत छथि, तकर आधार ई भरोस होइत अछि जे ओतय हुनकर बच्चा सुरक्षित रहत। मुदा जखन विद्यालय परिसर मे बच्चाक जान पर बनि अबैत अछि, तं ई मात्र आपराधिक घटना नहि, बल्कि हमर शिक्षा व्यवस्था, संस्थागत जवाबदेही आ सामाजिक चेतनाक परीक्षा बनि जाइत अछि। पंचकूलाक सेक्टर-20 स्थित एक विद्यालय मे हालहि मे भेल घटना सं पूरा समाज स्तब्ध अछि। तेसर कक्षाक 8 वर्षीय छात्र केजी मे पढ़यबला 6 वर्षीया बच्ची पर कथित रूप सं ईंट आ अन्य वस्तु सं हमला कयलक, जाहि सं ओ गंभीर रूप सं घायल भए गेलीह। हरियाणा मानवाधिकार आयोगक अध्यक्ष द्वारा विद्यालय परिसरक निरीक्षण कयलाक बाद सुरक्षा व्यवस्था सं जुड़ल कतेको प्रश्न सेहो उठल अछि।

एहि प्रश्न सभक उत्तर निष्पक्ष जांचक बादे स्पष्ट होयत। शिक्षा विभाग संबंधित शिक्षक आ प्रधानाचार्य कें निलंबित कए जांच समितिक गठन कयने अछि। पुलिस सेहो कथित लापरवाहीक मामिला दर्ज कयने अछि। एहि घटनाक पीड़ित बच्ची आ कथित हमला करयवला 8 वर्षीय छात्र, दुनू कानूनक नजरि मे बच्चा छथि। भारतीय न्याय संहिता, 2023 केर धारा 20 सात वर्ष सं कम आयुक बच्चाक आपराधिक कृत्य कें विशेष दृष्टिएं देखैत अछि। धारा 21 अनुसार, 7 सं 12 वर्ष आयुक बच्चाक मामिला मे ई देखब आवश्यक अछि जे ओकरा अपन कृत्यक प्रकृति आ परिणाम बुझबाक पर्याप्त परिपक्वता छल वा नहि। किशोर न्याय अधिनियम, 2015 केर मूल उद्देश्य दंड देबाक बदला बच्चाक सुधार आ पुनर्वास अछि। एहि लेल बच्चाक मनोवैज्ञानिक परीक्षण, पारिवारिक वातावरणक पड़ताल आ उचित परामर्श आवश्यक अछि। जं ओकर व्यवहारक संबंध मे पहिने सं शिकायत छल, तं इहो जांच होयबाक चाही जे समय रहैत ओकरा सहायता किएक नहि देल गेल।

शिक्षाक अधिकार अधिनियम, 2009 केर धारा 17 शारीरिक दंड आ मानसिक प्रताड़ना पर रोक लगबैत अछि। धारा 24 शिक्षक सभक कर्तव्य निर्धारित करैत अछि। प्रधानाचार्यक जिम्मेदारी अछि जे विद्यालय मे प्रभावी निगरानी, ड्यूटी रोस्टर, अनुशासन आ आपातकालीन सहायताक व्यवस्था हो। शिक्षक सभक दायित्व मात्र पाठ्यक्रम पूरा करेनाइ नहि, बल्कि बच्चा सभक व्यवहार मे असामान्य बदलाव आ संभावित खतराक संकेत चिन्हित करब सेहो अछि। बच्चाक व्यक्तित्वक निर्माण मात्र विद्यालय मे नहि होइत अछि। परिवार ओकर पहिल पाठशाला होइत अछि। एहि घटनाक संदर्भ मे बच्चाक ऑनलाइन गेम खेलबाक आ ओकरा प्रभावित होयबाक बात सेहो सामने आयल अछि। हालांकि, कोनो गेम कें घटनाक प्रत्यक्ष कारण मानि लेब उचित नहि होयत। एकर लेल विशेषज्ञ द्वारा मनोवैज्ञानिक मूल्यांकन आवश्यक अछि। तथापि, ई घटना बच्चा सभक डिजिटल जीवन आ मोबाइल पर उपलब्ध सामग्रीक प्रभाव पर गंभीरतापूर्वक विचार करबाक अवसर दैत अछि। दोसर दिस, शहर सभ मे बच्चा सभक लेल सुरक्षित खेल मैदान आ खुलल स्थान लगातार कम होइत जा रहल अछि। मैदानक कमी बच्चा सभ कें घर आ मोबाइल स्क्रीन धरि सीमित कए रहल अछि। खेल मात्र शारीरिक व्यायाम नहि, बल्कि अनुशासन, धैर्य, सामूहिकता, हारि-जीत स्वीकार करबाक आ क्रोध पर नियंत्रण रखबाक शिक्षा सेहो दैत अछि।



सरकार, नगर निकाय, आवासीय कल्याण संघ आ विद्यालय सभ कें बच्चा सभक लेल सुरक्षित खेल मैदान आ रचनात्मक गतिविधिक अवसर उपलब्ध करेबाक चाही। माता-पिता कें सेहो बच्चा सभक संग समय बितेबाक आ हुनका खेलकूद, पुस्तक, संगीत आ सामाजिक गतिविधि सभ सं जोड़बाक आवश्यकता अछि। मीडिया एहि घटनाक माध्यम सं विद्यालयक सुरक्षा व्यवस्था आ प्रशासनिक जवाबदेही पर प्रश्न उठौने अछि। मुदा सीसीटीवी फुटेजक बेर-बेर प्रसारण आ सोशल मीडिया पर ओकरा वायरल करब बच्चा सभक मानसिक स्वास्थ्य आ निजताक लेल नुकसानदायक अछि। किशोर न्याय अधिनियमक धारा 74 बच्चाक पहिचान उजागर करयबला विवरण आ तस्वीर प्रकाशित करबाक अनुमति नहि दैत अछि। ई संरक्षण पीड़ित बच्ची आ कानून उल्लंघनक आरोप झेलयबला बच्चा, दुनू लेल आवश्यक अछि।

विद्यालय सुरक्षा लेल ठोस पहल जरूरी

एहि घटना सं सबक लैत राज्यक सभ सरकारी आ निजी विद्यालयक नियमित बाल-सुरक्षा जांच होयबाक चाही। प्रारंभिक कक्षा सभ मे पर्याप्त सहायक कर्मचारी नियुक्त कयल जाथि। प्रत्येक विद्यालय मे प्रशिक्षित परामर्शदाता अथवा विशेषज्ञक सहायता उपलब्ध हो। सीसीटीवी कैमरा सभक नियमित निगरानी सुनिश्चित कयल जाय। बच्चा सभक आक्रामक व्यवहार, तनाव आ हिंसक प्रवृत्तिक शुरूआती संकेत चिन्हित कए समय रहैत उचित सहायता देल जाय। दुर्घटना अथवा हिंसाक स्थिति मे चिकित्सकीय सहायता, अभिभावक कें सूचना आ शिकायत निवारण लेल लिखित व्यवस्था अनिवार्य होयबाक चाही। ई घटना हमर सामूहिक जिम्मेदारीक परीक्षा अछि। जखन एक बच्चा हिंसाक शिकार होइत अछि आ दोसर बच्चा हिंसक व्यवहार करैत अछि, तं समाधान मात्र दंड अथवा आक्रोश नहि भए सकैत अछि। एकर लेल जवाबदेही, संवेदना आ सुधारक भावना आवश्यक अछि। विद्यालय सभ कें वास्तव मे सुरक्षित दोसर घर बनेबाक जिम्मेदारी मात्र शिक्षक वा प्रशासनक नहि, बल्कि अभिभावक, सरकार आ पूरा समाजक अछि।

शिक्षाक अधिकार अधिनियम, 2009 केर धारा 17 शारीरिक दंड आ मानसिक प्रताड़ना पर रोक लगबैत अछि। धारा 24 शिक्षक सभक कर्तव्य निर्धारित करैत अछि। प्रधानाचार्यक जिम्मेदारी अछि जे विद्यालय मे प्रभावी निगरानी, ड्यूटी रोस्टर, अनुशासन आ आपातकालीन सहायताक व्यवस्था हो। शिक्षक सभक दायित्व मात्र पाठ्यक्रम पूरा करेनाइ नहि, बल्कि बच्चा सभक व्यवहार मे असामान्य बदलाव आ संभावित खतराक संकेत चिन्हित करब सेहो अछि। बच्चाक व्यक्तित्वक निर्माण मात्र विद्यालय मे नहि होइत अछि। परिवार ओकर पहिल पाठशाला होइत अछि। एहि घटनाक संदर्भ मे बच्चाक ऑनलाइन गेम खेलबाक आ ओकरा प्रभावित होयबाक बात सेहो सामने आयल अछि। हालांकि, कोनो गेम कें घटनाक प्रत्यक्ष कारण मानि लेब उचित नहि होयत। एकर लेल विशेषज्ञ द्वारा मनोवैज्ञानिक मूल्यांकन आवश्यक अछि। मोबाइल पर उपलब्ध सामग्रीक प्रभाव पर गंभीरतापूर्वक विचार करबाक अवसर दैत अछि। दोसर दिस, शहर सभ मे बच्चा सभक लेल सुरक्षित खेल मैदान आ खुलल स्थान लगातार कम होइत जा रहल अछि। मैदानक कमी बच्चा सभ कें घर आ मोबाइल स्क्रीन धरि सीमित कए रहल अछि। खेल मात्र शारीरिक व्यायाम नहि, बल्कि अनुशासन, धैर्य, सामूहिकता, हारि-जीत स्वीकार करबाक आ क्रोध पर नियंत्रण रखबाक शिक्षा सेहो दैत अछि।

1833 मे गुलामी समाप्त करबाक कानून, मुदा दशक धरि शोषण!

किशन सनमुखदास भावनानी

वैश्विक स्तर पर भारत अपन पाठ्यपुस्तक सभ मे पढ़ैत आएल अछि जे अंग्रेज भारत पर शासन केलनि, देशक संपत्तिक दोहन केलनि आ स्वतंत्रताक लेल दीर्घ संघर्षक बाद 15 अगस्त 1947 कें भारत आजाद भेल। मुदा आइ इतिहासक एकटा एहन अध्याय फेर अंतरराष्ट्रीय चर्चाक केंद्र मे अछि, जाहि मे ब्रिटेन गुलामी आ औपनिवेशिक अत्याचार लेल औपचारिक माफी मांगबाक संभावना पर विचार करबाक लेल तैयार देखाइत अछि, मुदा आर्थिक मुआवजाक मांग अस्वीकार कए रहल अछि। हम कहय चाहब जे मीडिया मे आएल समाचारक अनुसार 1 सं 4 नवंबर 2026 धरि एंटीगुआ आ बारबुडा मे आयोजित राष्ट्रमंडल शिखर सम्मेलनक दौरान ई सवाल बेसी तीव्र भए गेल अछि जे की मात्र दुख आ खेद प्रकट कयला सं ऐतिहासिक अन्यायक उचित भरपाइ भए सकैत अछि?



राष्ट्रमंडल शिखर सम्मेलन : इतिहास, कूटनीति आ भविष्य : 1 सं 4 नवंबर 2026 धरि सेंट जॉन्स, एंटीगुआ आ बारबुडा मे आयोजित 28म राष्ट्रमंडल शासनाध्यक्ष सम्मेलन मे 56 देशक नेता एकत्र भेलाह। सम्मेलनक आधिकारिक विषय साझेदारी आ निवेशक माध्य मे समृद्ध राष्ट्रमंडलक निर्माण अछि। मुदा गुलामीक धरोहर, ऐतिहासिक क्षतिपूर्ति, कर्ज राहति आ जलवायु न्याय सेहो चर्चाक प्रमुख विषय बनल अछि। भारत लेल सेहो ई बहस महत्वपूर्ण अछि। भारत लगभग 190 वर्षक औपनिवेशिक शासनक बाद स्वतंत्रता प्राप्त केलक। औपनिवेशिक शोषणक स्मृति आइयो भारतीय राष्ट्रीय चेतनाक हिस्सा अछि। हालांकि भारतक औपनिवेशिक अनुभव आ कैरेबियाई देश सभक दासता संबंधी इतिहास एक-दोसरा सं अलग अछि, मुदा दुनू इतिहास ई सवाल उठबैत अछि जे साम्राज्यवादी शोषणक दूरगामी प्रभाव सं आधुनिक राष्ट्र कोना निपटत।

भारत पर अंग्रेजी शासन : 1757 सं 1947 तक : भारत मे अंग्रेजी राजनीतिक प्रभुत्वक शुरूआत सामान्यत: 23 जून 1757 कें पलासी युद्ध सं मानल जाइत अछि। एहि युद्ध मे ईस्ट इंडिया कंपनी बंगालक नवाब सिराजुद्दौला कें पराजित कए भारतीय राजनीति मे निर्णायक हस्तक्षेप शुरू केलक। एकर बाद कंपनी व्यापारिक शक्ति सं शासनकारी शक्तिक रूप मे बदलय लागल। 1857 केर विद्रोहक बाद 1858 मे भारतक शासन सीधा ब्रिटिश राजमुकुटक अधीन चलि गेल। एहि तरहें 1757 सं 1947 तक लगभग 190 वर्ष धरि अंग्रेजी प्रभुत्व रहल, जाहि मे 1858 सं 1947 तक लगभग 89 वर्ष प्रत्यक्ष ब्रिटिश शासन रहल। एतय एकटा ऐतिहासिक भेद बुझब आवश्यक अछि। भारत पर औपनिवेशिक शासन आ अफ्रीकी लोकनिक अटलांटिक पार दासता एके कानूनी व्यवस्था नहि छल। भारत मे अंग्रेज राजनीतिक अधीनता, आर्थिक शोषण, संसाधनक दोहन आ औपनिवेशिक प्रशासनक माध्य मे शासन केलनि। दोसर दिस, ट्रांस-अटलांटिक दास व्यापार मे लाखो अफ्रीकी लोक कें जबरदस्ती पकड़ि, बेचि आ पीढ़ी-दर-पीढ़ी संपत्तिक वस्तु जकां गुलाम बनाकऽ राखल गेल। दुनू इतिहास मे अत्याचार आ शोषणक गंभीर अध्याय अछि, मुदा दुनूक परिस्थिति आ कानूनी स्वरूप अलग-अलग छल।

ब्रिटेन माफी लेल किएक तैयार भेल? : 30 अक्टूबर 2026 कें ब्रिटेनक प्रधानमंत्री एंडी बर्नहम द गार्जियन मे प्रकाशित अपन लेख मे कहलनि जे ब्रिटेन ट्रांस-अटलांटिक दास व्यापार सं प्रभावित देश सभक संग व्यवस्थित संवाद शुरू करबाक लेल तैयार अछि। ओ स्पष्ट केलनि जे ब्रिटिश सरकारक औपचारिक माफीक मांग सुनब एहि संवादक महत्वपूर्ण हिस्सा रहत आ ओ एहि लेल तैयार छथि। ओ लाखो लोकक पीड़ा आ कष्ट पर दुख आ खेद सेहो व्यक्त केलनि। ई बयान ब्रिटेनक पुरान नीति सं महत्वपूर्ण बदलाव अछि। एहि सं पहिने ब्रिटिश सरकार ऐतिहासिक अत्याचार पर अफसोस तं प्रकट करैत रहल, मुदा औपचारिक माफी आ क्षतिपूर्तिक मांग पर आगू बढ़य सं बचैत रहल। हालांकि, वर्तमान बयान औपचारिक माफी नहि, बल्कि माफीक मांग पर विचार आ संवाद करबाक सहमति मात्र अछि।

1833 केर कानून : गुलामी समाप्त, मुदा अन्याय जारी : ब्रिटिश संसद 28 अगस्त 1833 कें स्लेवरी एबोलिशन एक्ट पारित केलक। ई कानून 1 अगस्त 1834 सं प्रभावी भेल आ ब्रिटिश साम्राज्यक अधिकांश उपनिवेश मे गुलामीक कानूनी व्यवस्था समाप्त करबाक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम छल। मुदा एहि कानूनक अंतर्गत स्वतंत्रता तत्काल आ पूर्ण रूपें नहि भेटल। पूर्व गुलाम बनाओल गेल लोक कें संक्रमणकालीन अप्रेंटिसशिप व्यवस्थाक अधीन राखल गेल। एहि व्यवस्था मे हुनका अपन पूर्व मालिक सभक लेल बिना उचित पारिश्रमिक काज करय पड़ैत छल। ई व्यवस्था 1838 मे समाप्त भेल। एहि कानूनक सब सं पैघ विडंबना ई छल जे गुलामीक शिकार लोक कें मुआवजा देबाक बदला गुलामक मालिक सभ कें 2 करोड़ पाउंड देल गेल। ओहि समय ई ब्रिटिश सरकार लेल बहुत पैघ आर्थिक बोझ छल। आइक मूल्यांकन अनुसार ई राशि अरबों पाउंडक बराबर होइत अछि। अर्थात गुलामी सं लाभ उठेनिहार लोक आर्थिक सहायता पेलनि, जखनकि पीड़ित लोक कें सीमित स्वतंत्रता मात्र भेटल।

समावेशी शिक्षा मे युवाक आक्रोशक समाधान

अविजीत पाठक

फ्रांस हो वा भारत, दुनू ठाम युवा विद्यार्थी सभक भीतर बेचैनी आ असंतोष देखाइत अछि। एक शिक्षकक रूप मे लेखक एहि आक्रोशक कारण बुझबाक प्रयास करैत छथि। युवा सभ कें लगैत अछि जे वर्तमान व्यवस्था हुनका सभक नीक शिक्षा पेबाक आ जीवनक सपना पूरा करबाक आकांक्षा कें तोड़ि देने अछि। एक दिस किछु चुनिंदा तकनीकी आ कॉरपोरेट अरबपति सभक ऐश्वर्यपूर्ण जीवन अछि, तं दोसर दिस भयावह आर्थिक विषमता। एक दिस लोकतंत्रक औपचारिकता निभाओल जा रहल अछि, तं दोसर दिस दुनिया भरि मे तानाशाही प्रवृत्तिक शासक सभक उदय भए रहल अछि। विज्ञान आ तकनीकक प्रगति सेहो जलवायु संकट कें गहींर बना रहल अछि। विनाशकारी हथियार आ तकनीक कें उपलब्धि मानि उत्सव मनाओल जा रहल अछि। एहन विरोधाभासपूर्ण स्थिति मे ई विचार करब आवश्यक अछि जे वर्तमान शिक्षा व्यवस्था कतहु विज्ञान आ मानविकी, तकनीक आ नैतिकता तथा आर्थिक विकास आ सामाजिक कल्याणक बीच दूरी तं नहि बढ़ा देने अछि। युवा सभक आक्रोश मात्र भावनात्मक प्रतिक्रिया नहि होयबाक चाही। हुनका सभक विरोधक पाछां स्पष्ट वैचारिक दृष्टिकोण आ शिक्षापरक सोच होयबाक चाही। सामूहिक मुक्ति लेल हुनका एकटा नव प्रकारक शिक्षाक आवश्यकता अछि। भारतीय शिक्षा व्यवस्थाक एकटा पैघ विडंबना अछि जे एतय विज्ञानक महत्व मुख्य रूप सं तकनीकी ज्ञान आ उपकरणक उपयोग तक सीमित कए देल गेल अछि। सामान्य धारणा अछि जे विज्ञान पढ़ला सं विद्यार्थी इंजीनियर वा डॉक्टर बनत। मुदा विज्ञान मात्र उपकरण आ आविष्कारक ज्ञान नहि, बल्कि सोचबाक, काज करबाक आ जीवन जीबाक एकटा पद्धति सेहो अछि। एकरा वैज्ञानिक दृष्टिकोण कहल जाइत अछि। वैज्ञानिक दृष्टिकोण मनुष्य कें रूढ़िवादी मान्यता, अंधविश्वास आ पूर्वाग्रह पर प्रश्न उठेबाक बौद्धिक स्पष्टता आ नैतिक साहस दैत अछि।



ई प्रत्येक मान्यता कें ठोस प्रमाणक कसौटी पर परखबाक आ आवश्यकता पड़लापर पुरान धारणाक स्थान पर नव विचार स्वीकार करबाक क्षमता विकसित करैत अछि। दार्शनिक कार्ल पॉपर एहि प्रक्रिया कें मान्यता आ ओकर खंडनक निरंतर चलयबला प्रक्रिया मानैत छलाह। एही सं खुलल समाजक विकास होइत अछि। वैज्ञानिक दृष्टिकोण रखनिहार व्यक्ति आर्थिक विषमता पैदा करयबला बेलगाम नवउदारवादी लालचक विरोध कए सकैत अछि। ओ जातिगत ऊंच-नीच आ जन्म आधारित भेदभाव पर प्रश्न उठा सकैत अछि। कोनो व्यक्तिक पहिचान मात्र ओकर धार्मिक आधार पर निर्धारित करबाक विचार सेहो अस्वीकार कए सकैत अछि। विडंबना ई अछि जे हम विज्ञानक एहि स्वतंत्रताप्रिय आ आलोचनात्मक स्वरूप कें बिसरि जाइत छी। ओकर बदला कंप्यूटर, परमाणु बम आ आधुनिक चिकित्सकीय उपकरण जेकां तकनीकी उपलब्धि सभ कें बेसी महत्व दैत छी। एहि प्रक्रिया मे तकनीक विशेषज्ञ एकटा नव जादूगर बनि जाइत छथि। जखन विज्ञान सं ओकर आलोचनात्मक चेतना समाप्त भए जाइत अछि, तं तकनीकी पूंजीपति आ अति राष्ट्रवादी शक्ति सभ ओकर उपयोग अपन स्वार्थ लेल करय लगैत अछि। परिणामस्वरूप मनुष्य आलोचनात्मक सोच छोड़ि नैतिक दृष्टि सं कमजोर आ राजनीतिक रूप सं रूढ़िवादी उपभोक्ता बनि जाइत अछि।

विज्ञान आ मानविकी मे समन्वय आवश्यक : वैज्ञानिक दृष्टिकोणक मुक्तिदायी क्षमता मानवीय संवेदना संग जोड़ि आरो मजबूत कयल जा सकैत अछि। साहित्य, कविता, ललित कला, दर्शन, आध्यात्मिकता, समाजशास्त्र आ राजनीतिक दर्शन मनुष्यक भीतर एहि संवेदना कें विकसित करैत अछि। तकनीकी पूंजीवाद प्रकृति प्रति मनुष्यक संवेदनशीलता सेहो समाप्त कए रहल अछि। नदी, गाछ, जंगल आ पहाड़ आब ओकरा लेल आश्चर्य आ आकर्षणक विषय नहि, बल्कि संसाधन मात्र बनि गेल अछि। बेसी बिजली, मोटरगाड़ी, लकड़ी, एक्सप्रेस-वे, गगनचुंबी भवन आ उपभोक्ता वस्तुक लालच प्रकृतिक दोहन बढ़ा रहल अछि। एहि मानसिकताक परिणाम अछि जे आइ दुनियां गंभीर जलवायु संकटक सामना कए रहल अछि।


प्रतिभा पलायन : शीर्ष सरकारी संस्थान छोड़ि निजी विश्वविद्यालय किएक जा रहल छथि शिक्षक

फरीहा इफ्तिखार

दशको धरि भारतक शीर्ष केंद्रीय विश्वविद्यालय आ भारतीय प्रौद्योगिकी संस्थान (आइआइटी) शिक्षक आ शिक्षाविद् सभक पहिल पसंद रहल अछि। मुदा पछिला किछु वर्ष मे निजी विश्वविद्यालय सभक बढ़ैत संख्या आ नीक सुविधा सभक कारण सरकारी संस्थान सभ सं अनुभवी शिक्षक निजी विश्वविद्यालय दिसि जा रहल छथि। बेसी अकादमिक स्वतंत्रता, सुविधाजनक कार्यव्यवस्था, नीक वेतन आ शोधक अवसर एहि बदलावक प्रमुख कारण अछि। बहुतो शिक्षक लेल निजी संस्थान अस्थायी नौकरी आ अनिश्चित भविष्य सं बाहर निकलबाक माध्यम बनल अछि। ई स्थिति सरकारी विश्वविद्यालय आ आइआइटी जेकां प्रमुख संस्थान सभक लेल चिंताक विषय अछि, जे पहिने सं शिक्षकक कमी झेलि रहल अछि। छह प्रमुख निजी विश्वविद्यालय-शिव नादर, ओपी जिंदल ग्लोबल, अशोका, क्रिया, बिट्स पिलानी आ एमिटी विश्वविद्यालयक शिक्षक सभक परिचयक विश्लेषण कयलक। एहि मे लगभग 100 एहन प्रोफेसर भेटलाह, जे पछिला एक दशक मे सरकारी विश्वविद्यालय, आइआइटी आ आइआइएम छोड़ि निजी संस्थान सभ मे गेलाह। एहि मे आइआइएम बेंगलुरुक पूर्व निदेशक ऋषिकेश टी. कृष्णन, आइआइटी दिल्लीक पूर्व शिक्षक सुभाषिस बनर्जी आ पूर्व निदेशक वी. रामगोपाल राव सेहो शामिल छथि। एक पूर्व आइआइटी निदेशकक अनुसार, ई बदलाव अनचोके होमयबला बड़का पलायन नहि, बल्कि धीरे-धीरे बढ़ैत प्रवृत्ति अछि। प्रमुख निजी विश्वविद्यालय सभ मे वरिष्ठ शिक्षक सभ कें सरकारी संस्थानक बराबर वेतन आ संगहि बेसी स्वतंत्रता भेटैत अछि।

अकादमिक स्वतंत्रता आ शोधक अवसर

शिक्षक सभक निजी विश्वविद्यालय दिसि आकर्षित होयबाक एकटा पैघ कारण पाठ्यक्रम निर्माण आ शोधकार्य मे स्वतंत्रता अछि। निजी संस्थान सभ मे शिक्षक अपन रुचि आ विशेषज्ञताक अनुसार पाठ्यक्रम तैयार कए सकैत छथि। अलग-अलग विषय सभ कें जोड़ि शोध करबाक आ अकादमिक कार्यक्रम आयोजित करबाक अवसर सेहो बेसी अछि। दिल्ली विश्वविद्यालयक एक पूर्व प्रोफेसर, जे आब क्रिया विश्वविद्यालय मे छथि, कहलनि जे सरकारी विश्वविद्यालय सभ मे बौद्धिक स्वतंत्रता घटल अछि। निजी संस्थान मे पाठ्यक्रम आ शोधक



मामिला मे बेसी स्वतंत्रता भेटैत अछि। आइआइटी दिल्ली मे तीन दशक सं बेसी समय काज कयलाक बाद अशोका विश्वविद्यालय गेल सुभाषिस बनर्जी कहलनि जे ओ कंप्यूटर विज्ञानक उपयोग स्वास्थ्य, समाज, चुनाव, राजनीति आ अर्थव्यवस्थाक अध्ययन मे करय चाहैत छलाह। अशोका विश्वविद्यालय मे हुनका एहि विषय पर नव विभाग विकसित करबाक अवसर भेटलनि। शोधक सिलसिला मे सरकारी प्रक्रियाक झंझट कम होयब सेहो निजी संस्थानक आकर्षण अछि। सरकारी विश्वविद्यालय सभ मे सम्मेलन आ शोधयात्रा लेल पहिने कतेको अनुमति लेबाक आवश्यकता पड़ैत अछि। एकर विपरीत निजी संस्थान सभ मे प्रक्रिया अपेक्षाकृत सरल अछि। किछु निजी विश्वविद्यालय पूर्व विद्यार्थी आ अन्य स्रोत सं धन जुटा शोध अनुदान आ प्रयोगशालाक सुविधा सेहो दैत अछि।

प्रशासनिक परेशानी आ नियुक्ति मे देरी

सरकारी विश्वविद्यालय सभक नेतृत्व, विभागीय स्वायत्तता आ शिक्षक नियुक्ति प्रक्रिया सेहो पलायनक कारण बनि रहल अछि। किछु पूर्व शिक्षक सभक आरोप अछि जे विभागीय अनुशंसाक अनदेखी कए शिक्षक नियुक्ति कयल जाइत अछि। नैक मान्यता आ एनआइआरएफ रैंकिंग लेल आंकड़ा जुटेबाक अतिरिक्त प्रशासनिक काज सेहो शिक्षक सभ कें करय पड़ैत अछि। एहि कारण शोध लेल समय कम बचैत अछि। एडहॉक अर्थात अस्थायी नियुक्ति सेहो गंभीर समस्या अछि। बहुतो शिक्षक सालों-साल अस्थायी पद पर काज करैत छथि, मुदा स्थायी नियुक्ति नहि होइत अछि। हुनका सभ कें नौकरीक सुरक्षा, वेतन, छुट्टी आ चिकित्सा सुविधाक अनिश्चितता झेलय पड़ैत अछि। 2022 धरि दिल्ली विश्वविद्यालय मे 4,200 सं बेसी एडहॉक शिक्षक छलाह, जे कुल शिक्षकक लगभग 40 प्रतिशत छलाह। अक्टूबर 2023 मे विश्वविद्यालय कॉलेज सभ कें एडहॉक नियुक्ति बंद कए नियमित भर्ती कें प्राथमिकता देबाक निर्देश देने छल। दिल्ली विश्वविद्यालयक एसोसिएट प्रोफेसर आभा देव हबीबक अनुसार, स्थायी नियुक्ति आ पदोन्नति मे देरी सं शिक्षक सभ निराश होइत गेलाह। पूर्व यूजीसी अध्यक्ष सुखदेव थोराटक मानब अछि जे सरकारी विश्वविद्यालय सभ मे पद खाली रहबाक आ योग्य शिक्षक सभक पदोन्नति अटकल रहबाक कारण प्रतिभाशाली शिक्षक बाहर जा रहल छथि। एकर असरि पढ़ाइक गुणवत्तापर पड़ि सकैत अछि।

वेतनक संग सुविधा सेहो आकर्षण

निजी विश्वविद्यालय सभ मे वेतन संस्थान आ शिक्षकक योग्यता अनुसार अलग-अलग होइत अछि। किछु शिक्षक सभ कें सरकारी संस्थानक बराबर अथवा बेसी वेतन भेटैत अछि। आवास, परिसर मे रहबाक सुविधा आ अन्य सेवा सभ सेहो आकर्षण बढ़बैत अछि। 2004 मे नव केंद्रीय विश्वविद्यालय शिक्षक सभक लेल पुरान पेंशन योजनाक स्थान पर एनपीएस लागू भेलाक बाद गारंटीकृत पेंशनक सुविधा सेहो समाप्त भए गेल। हालांकि, निजी विश्वविद्यालय सभ मे जेबाक किछु सीमा सेहो अछि। किछु प्रोफेसर सभ कें सरकारी विश्वविद्यालयक कक्षा मे भेटयबला सामाजिक आ आर्थिक विविधताक कमी खटकैत अछि। हुनका सभक अनुसार, अलग-अलग पृष्ठभूमिक विद्यार्थी सभक संग पढ़ाइ करबाक अनुभव शिक्षा कें बेसी समृद्ध बनबैत अछि। शिक्षाविद् सभक मानब अछि जे अनुभवी शिक्षक सभक लगातार पलायन सरकारी विश्वविद्यालय सभक भविष्यक लेल चुनौती बनि सकैत अछि। जं नियुक्ति, पदोन्नति आ शोधक सुविधा मे सुधार नहि भेल, तं सरकारी संस्थान सभ सं प्रतिभाशाली शिक्षक सभक दूरी आगू बढ़ि सकैत अछि।

की यूपी चुनाव 2027 मे अखिलेश यादवक पीडीए रणनीति कें चुनौती दैत ठाढ़ भेला आकाश आनंद?

उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव 2027 सं पहिने बहुजन समाज पार्टी (बसपा) अपन तैयारी तेज कए देने अछि। बसपा सुप्रीमो मायावती अपन भतीजा आ राष्ट्रीय संयोजक आकाश आनंद कें एक बेर फेर चुनावी अभियानक महत्वपूर्ण जिम्मेदारी सौंपने छथि। आकाश आब मात्र रैली मे भाषण देबय तक सीमित नहि छथि, बल्कि पार्टीक उम्मीदवारक घोषणा, युवा सभ कें जोड़बाक आ प्रदेशक अलग-अलग क्षेत्र मे संगठन कें सक्रिय करबाक जिम्मेदारी सेहो निभा रहल छथि। बसपाक रणनीति मे दू गोट बात विशेष रूप सं ध्यान खींचि रहल अछि। पहिल, पार्टी सभ 403 विधानसभा सीट पर चुनाव लड़बाक तैयारीक संग अपन संगठन मजबूत करय चाहैत अछि। दोसर, किछु चुनल सीट पर उम्मीदवार पहिनहि तय कए हुनका सभ कें तैयारी लेल पर्याप्त समय देबाक रणनीति पर काज भए रहल अछि। बसपा नेतासभक कहब अछि जे उम्मीदवार चयनक प्रक्रिया शीघ्र पूरा करबाक आ शुरूआती चरण मे करीब 150 सीट पर विशेष तैयारी करबाक चर्चा शुरू भए गेल अछि। एहन स्थिति मे एकरा पार्टीक संभावित चुनावी रणनीति मानल जा रहल अछि। सवाल ई अछि जे की आकाश आनंदक सक्रियता बसपा कें ओकर पुरान सामाजिक आधार वापस देबाक प्रयास अछि? आ जं बसपा अपन उम्मीदवारक माध्यम सं दलित, मुस्लिम, ब्राह्मण, पिछड़ा आ अन्य सामाजिक समूह मे अपन जगह बनबैत अछि, तं एकर असर अखिलेश यादवक पीडीए रणनीति आ भाजपा के चुनावी समीकरण पर कोना पड़ि सकैत अछि?

रैली सं उम्मीदवारक घोषणा धरि आकाशक चुनावी खाका

मायावतीक भरोसा पर कतेक ठाढ़ उतरि पाओत आकाश आनंद? : आकाश आनंदक राजनीतिक यात्रा मे उतार-चढ़ाव रहल अछि। मायावती दिसंबर 2023 मे हुनका अपन राजनीतिक उत्तराधिकारी आ पार्टीक राष्ट्रीय संयोजक घोषित केने छलीह। लोकसभा चुनाव 2024क दौरान हुनकर भाषण कें लए विवाद भेल छल आ मई 2024 मे मायावती हुनका जिम्मेदारी सं हटा देने छलीह। बाद मे हुनकर वापसी भेल, मुदा सितंबर 2026 मे हुनका फेर राष्ट्रीय संयोजक पद सं हटा देल गेलनि। अक्टूबर मे आकाश सार्वजनिक रूप सं मायावती सं माफी मांगैत फेर मौका देबाक आग्रह केने छलाह। एकर बाद हुनका फेर पार्टी मे जिम्मेदारी देल गेलनि। 18 अक्टूबर 2026 कें मायावती आकाशक वापसीक घोषणा केलीह। एहि अवसर पर लखनऊ मे एकटा विशाल रैली आयोजित कएल गेल। एहि रैली मे आकाश आनंद कें पार्टीक राष्ट्रीय संयोजक आ मायावतीक उत्तराधिकारीक रूप मे पुनः स्थापित कएल गेल।



आकाश आनंदक वापसी सं पार्टी कें की लाभ भेटत? : आकाश आनंद कें वापस अनबाक निर्णय कें पार्टीक भीतर आ बाहर दुनू ठाम एक रणनीतिक कदमक रूप मे देखल जा रहल अछि। आकाश आनंद युवा छथि आ हुनकर भाषण शैली आक्रामक छनि। ओ भाजपा आ केन्द्र सरकारक नीति पर सीधा हमला करैत छथि। एहि सं पार्टी कें युवा मतदाता मे नव ऊर्जा भेटि सकैत अछि। आकाश आनंद कें उत्तर प्रदेश, पंजाब आ उत्तराखंड मे चुनावी अभियानक जिम्मेदारी देने अछि। उत्तर प्रदेश मे हुनकर कार्यक्रमक शुरूआत 28 अक्टूबर कें बुलंदशहरक अनूपशहर सं भेल। एकर बाद 2 नवंबर कें सहारनपुरक नकुड़ मे जनसभा समर्थन करैत कहलनि जे ओ परिवार सं ऊपर पार्टी आ आंदोलन कें रखने छथि। मायावती कार्यकर्ता सभ सं हुनकर कार्यक्रम कें सफल बनेबाक अपील सेहो केने छलीह। बसपा आकाश आनंद कें उत्तर प्रदेश, पंजाब आ उत्तराखंड मे चुनावी अभियानक जिम्मेदारी देने अछि। उत्तर प्रदेश मे हुनकर कार्यक्रमक शुरूआत 28 अक्टूबर कें बुलंदशहरक अनूपशहर सं भेल। एकर बाद 2 नवंबर कें सहारनपुरक नकुड़ मे जनसभा आयोजित करबाक कार्यक्रम छल। आगू 20 नवंबर कें अयोध्याक बीकापुर, 22 नवंबर कें आगरा आ 29 नवंबर कें कानपुरक बिल्हौर मे जनसभा प्रस्तावित अछि। एहि कार्यक्रम सभ मे आकाश पार्टीक उम्मीदवारक घोषणा सेहो करताह। एतय बसपाक चुनावी शैली मे एकटा महत्वपूर्ण बदलाव देखाइ पड़ैत अछि। पहिने पार्टी मे उम्मीदवारक नामक घोषणा प्रायः चुनाव नजदीक अयला पर होइत छल आ मायावतीक पैघ रैली अभियानक मुख्य चेहरा होइत छलीह। आब पार्टी किछु सीट पर पहिनहि विधानसभा प्रभारीक नाम घोषित कए रहल अछि, जाहि सं हुनका क्षेत्र मे काज करबाक, लोक सभ सं संपर्क बनयबाक आ संगठन मजबूत करबाक पर्याप्त समय भेटि सकय।

150 सीट पर की अछि विशेष रणनीति? : बसपाक चुनावी तैयारी मे करीब 150 सीट के आंकड़ा चर्चा मे अछि। एकरा बुझबाक लेल पार्टीक दू अलग-अलग प्राथमिकता पर ध्यान देब जरूरी अछि। पहिल प्राथमिकता सभ 403 सीट पर अपन राजनीतिक उपस्थिति बनौने रखब अछि। दोसर प्राथमिकता ओहि सीट पर पहिनहि काज शुरू करब अछि, जतय पार्टी कें अपन आधार मजबूत करबाक वा नव सामाजिक समीकरण बनेबाक संभावना देखाइ पड़ैत अछि। एहन सीट पर पार्टी पहिनहि उम्मीदवार कें विधानसभा प्रभारी बना सकैत अछि।

2007 बला सोशल इंजीनियरिंग फॉर्मूला? : बसपाक सभ सं पैघ ताकत ओकर दलित आधार रहल अछि। मायावतीक नेतृत्व मे पार्टी 2007क विधानसभा चुनाव मे 403 मे सं 206 सीट जीत पूर्ण बहुमतक सरकार बनौने छल। ओहि चुनाव मे बसपा दलितक संग ब्राह्मण आ अन्य जाति कें जोड़ि सोशल इंजीनियरिंगक फॉर्मूला अपनौने छल। 2027 लेल सेहो मायावती एहि तरहे व्यापक सामाजिक गठजोड़ बनेबाक प्रयास कए सकैत छथि। पार्टीक रणनीति मे अनुसूचित जाति बीच अपन पकड़ मजबूत करबाक संग ब्राह्मण, मुस्लिम, पिछड़ा आ सवर्ण समुदायक उम्मीदवार कें सेहो जगह देबाक बात सामने आयल अछि। शुरूआती दौर मे बसपा जाहि उम्मीदवारक नाम पर विचार केने छल, ओहि मे मुस्लिम, ब्राह्मण, क्षत्रिय, वैश्य आ पिछड़ा जातिक चेहरा शामिल छलाह। बसपाक सामने सभ सं पैघ चुनौती ई अछि जे दलित मतदाता बीच ओकर पुरान प्रभाव कतेक बचल अछि आ ओ एकरा फेर कतेक हद तक संगठित कए पबैत अछि। 2024क लोकसभा चुनाव मे पार्टी उत्तर प्रदेशक सभ 80 सीट पर चुनाव लड़ल छल, मुदा एकोटा सीट नहि जीत सकल। 2022क विधानसभा चुनाव मे सेहो पार्टी कें मात्र एकटा सीट भेटल छल। ई परिणाम बतबैत अछि जे पार्टी कें अपन संगठन आ चुनावी समर्थन दुनू फेर मजबूत करबाक जरूरत अछि।

अखिलेश यादवक पीडीए रणनीति कें कोना भेटत चुनौती? : अखिलेश यादवक समाजवादी पार्टी 2027 लेल पीडीए यानी पिछड़ा, दलित आ अल्पसंख्यक समीकरण कें मजबूत करय मे जुटल अछि। सपा चाहैत अछि जे गैर-यादव पिछड़ी जाति, दलित आ अल्पसंख्यक समुदाय कें एकटा साझा राजनीतिक मंच पर आनल जाए। एहि लेल पार्टी उम्मीदवारक चयन मे सामाजिक प्रतिनिधित्व कें महत्व देबाक बात सेहो कहि रहल अछि। बसपाक सक्रियता एहि रणनीति कें एकटा अलग चुनौती दए सकैत अछि। खास कए दलित वोट कें लए दुनू दलक बीच राजनीतिक प्रतिस्पर्धा बढ़ि सकैत अछि। जं बसपा अपन पारंपरिक दलित आधार कें फेर संगठित करैत अछि, तं सपा के पीडीए समीकरण मे ओहि हिस्साक समर्थन कें लए चुनौती पैदा भए सकैत अछि, जाहि कें अखिलेश यादव अपना संग जोड़य चाहैत छथि। मुदा ई बात सेहो ध्यान रखबाक अछि जे दलित मतदाता एक समान राजनीतिक समूह नहि छथि। अलग-अलग क्षेत्र मे जातीय उपसमूह, स्थानीय उम्मीदवार, संगठन आ चुनावी मुद्दा हुनका सभक पसंद कें प्रभावित करैत अछि। एहि लेल ई मानि लेब जल्दबाजी होयत जे बसपाक वापसी सं पीडीएक पूरा समीकरण बदलि जाएत। बसपाक सक्रियताक असर मात्र सपा पर नहि, बल्कि भाजपा के चुनावी समीकरण पर सेहो पड़ि सकैत अछि। उत्तर प्रदेश मे भाजपा गैर-यादव पिछड़ी जाति आ दलित समुदायक अलग-अलग वर्गक बीच अपन समर्थन बढ़ेबाक प्रयास केने अछि। एहन स्थिति मे जं बसपा अपन पुरान दलित आधार मजबूत करैत अछि, तं भाजपा कें सेहो एहि मतदाता सभ कें अपना संग बनौने रखबाक चुनौती रहत। जं उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव 2027 मे बसपा कतेको सीट पर मजबूत उम्मीदवार उतारैत अछि आ मोकाबला त्रिकोणीय होइत अछि, तं एकर असर सपा आ भाजपा दुनूक चुनावी समीकरण पर पड़ि सकैत अछि। केकरा कतेक लाभ वा नोकसान होयत, ई सीट-दर-सीट उम्मीदवार, स्थानीय गठबंधन आ वोटक बंटवारा पर निर्भर करत।

उत्तर प्रदेशक चुनावी दंगल मे जेडीयू! की रहल अछि पार्टीक चुनावी रिकॉर्ड...

उत्तर प्रदेश मे अगिला साल होमय बला विधानसभा चुनाव मे नीतीश कुमारक पार्टी जनता दल (यूनाइटेड) यानी जेडीयू अपन भाग्य आजमयबाक फैसला केने अछि। जेडीयू उत्तर प्रदेश मे चुनावी कमान नीतीश कुमारक बेटा निशांत कुमार कें सौंपने अछि। वाराणसी मे दू दिन पहिने आयोजित जेडीयू प्रदेश कार्यकर्ता सम्मेलन मे पार्टीक कार्यकारी राष्ट्रीय अध्यक्ष संजय झा निशांत कुमार कें आगू राखि चुनाव लड़बाक घोषणा कएलनि। निशांत कुमार कहलनि जे उत्तर प्रदेश मे हमर पार्टीक विधायक रहल छथि आ आब फेर 2027 मे चुनावी मैदान मे उतरेबाक तैयारी भए रहल अछि। ओ कहलनि जे हमर प्रयास अछि जे एनडीएक घटक दलक रूप मे चुनाव लड़ल जाए। एहि संबंध मे पार्टीक शीर्ष नेता विचार-विमर्श कए रहल छथि आ शीघ्र निर्णय लेताह। उत्तर प्रदेशक राजनीति मे नीतीश कुमारक पार्टी जेडीयू करीब दू दशक सं अपन राजनीतिक आधार बनेबाक प्रयास कए रहल अछि, मुदा ओकरा विशेष सफलता नहि भेटल अछि। एहि सबहक बावजूद आब जेडीयू निशांत कुमारक नेतृत्व मे चुनाव लड़बाक फैसला केने अछि। मुदा सवाल उठैत अछि जे जखन नीतीश कुमार उत्तर प्रदेश मे सफल नहि भए सकलाह, तं निशांत कतेक सफलता हासिल कए पाओताह? उत्तर प्रदेश मे जेडीयू कें अपन राजनीतिक विस्तारक बहुत संभावना देखाइ पड़ैत अछि। एहि लेल पार्टीक सामाजिक समीकरण सेहो अनुकूल मानल जा रहल अछि। बिहार सं सटल उत्तर प्रदेश मे कुर्मी समुदायक पैघ आबादी अछि। राज्य मे कुर्मी समुदायक आबादी यादव समुदायक लगभग बराबर अछि। एकर अतिरिक्त अति पिछड़ा समुदायक आबादी सेहो पर्याप्त अछि। एहि कारण जेडीयू उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव लड़बाक तैयारी केने अछि, कारण बिहार मे कुर्मी समाज कें जेडीयूक मुख्य वोट आधार मानल जाइत अछि। नीतीश कुमार सेहो कुर्मी समाज सं अबैत छथि। उत्तर प्रदेशक पूर्वांचल मे कुर्मी समुदायक ठीक-ठाक संख्या अछि। एहि बात कें ध्यान मे रखैत जेडीयू अपन कार्यक्रम पूर्वांचलक वाराणसी मे आयोजित केने छल। संजय झा कहलनि जे हमर नेता नीतीश कुमार जीक निर्देशन मे पार्टी बिहार सं बाहर लगातार अपन जनाधार बढ़ा रहल अछि आ हुनके कहला पर उत्तर प्रदेश चुनाव लड़बाक योजना बनल अछि। एहन स्थिति मे सवाल अछि जे उत्तर प्रदेश मे भाजपा जेडीयू कें अपना संग राखत वा नहि, कारण जेडीयूक कहब अछि जे ओ एनडीए अंतर्गत चुनाव लड़त।



उत्तर प्रदेश मे जेडीयू कें देखा रहल अछि अपन संभावना

जेडीयू कहिया-कहिया लड़लक चुनाव आ की रहल परिणाम? : उत्तर प्रदेश मे जेडीयू बहुत पहिने सं अपन राजनीतिक आधार बनेबाक लेल चुनावी भाग्य आजमबैत रहल अछि, मुदा ओकरा बहुत बेसी सफलता नहि भेटल। 2002क विधानसभा चुनाव मे जेडीयू पहिल बेर चुनाव लड़ने छल। ओहि समय पार्टी कें समता पार्टीक नाम सं जानल जाइत छल। भाजपा संग समता पार्टी चुनाव लड़ने छल, जाहि मे ओकर दू विधायक निर्वाचित भेल छलाह। समता पार्टी 9 सीट पर उम्मीदवार उतारने छल। एहि मे बदायूं जिलाक गुन्नौर सीट सं अजीत कुमार उर्फ राजू यादव आ आजमगढ़क मुबारकपुर सीट सं शंखलाल मांझी विधायक बनल छलाह। हालांकि, ओहि समय जेडीयूक कमान शरद यादव आ समता पार्टीक कमान जॉर्ज फर्नांडिसक हाथ मे छल। नीतीश कुमार समता पार्टी मे छलाह। 2002क बाद समता पार्टी आ जेडीयूक विलय भए गेल आ पार्टीक कमान नीतीश कुमार कें भेटलनि। 2004क लोकसभा चुनाव मे भाजपा आ जेडीयू मिलि बिहारक संग उत्तर प्रदेश मे सेहो चुनाव लड़ने छल। जेडीयू कें उत्तर प्रदेश मे 3 सीट- आंवला, मेरठ आ सलेमपुर भेटल छल। एहि मे आंवला सीट पर जेडीयूक उम्मीदवार कुंवर सर्वराज सिंह सांसद निर्वाचित भेल छलाह। जेडीयू 2007क विधानसभा चुनाव सेहो उत्तर प्रदेश मे लड़ने छल। पार्टी भाजपा संग मिलि चुनाव लड़लक आ 16 सीट पर अपन उम्मीदवार उतारलक। एहि मे मात्र जौनपुरक रारी विधानसभा सीट सं धनंजय सिंह जेडीयू विधायक बनल छलाह। जेडीयू 16 सीट पर चुनाव लड़ि एकटा सीट जीतय मे सफल रहल। पार्टी कें कुल 2,21,594 वोट भेटल छल। एकर बाद 2012 मे जेडीयू उत्तर प्रदेश मे भाजपा सं अलग भए स्वतंत्र रूप सं चुनाव लड़लक। पार्टी 403 विधानसभा सीट मे सं 219 सीट पर उम्मीदवार उतारलक, मुदा एकोटा सीट नहि जीत सकल।

दिल्लीक बाद झारखंड मे सेहो रैली करताह राहुल गांधी?

की अछि कांग्रेसक योजना

दिल्लीक रामलीला मैदान मे 1 नवंबर कें राहुल गांधीक रैलीक बाद विपक्षी गठबंधन मे एक बेर फेर एकजुटताक दावा कएल जा रहल अछि। एहि क्रम मे झारखंड मे झारखंड मुक्ति मोर्चा (झामुमो) आ कांग्रेस एहि रैली कें गठबंधनक मजबूतीक संकेत बतौलक अछि। जखनकि भाजपा मंच पर झामुमो कें जगह नहि भेटबाक आ कार्यकर्तासभक अनुपस्थितिक मुद्दा उठा विपक्षी एकता पर सवाल ठाढ़ केने अछि। एहन स्थिति मे दिल्लीक रैलीक बाद झारखंड मे राजनीतिक बयानबाजी तेज भए गेल अछि। दिल्ली मे 1 नवंबर कें राहुल गांधीक रैली समाप्त भेलाक बाद गठबंधनक दल एकजुटताक दावा कए रहल अछि। झारखंड मे सेहो झामुमो-कांग्रेस गठबंधनक मानब अछि जे दिल्ली मे भेल एहि रैली सं गठबंधन मजबूत भेल अछि आ झारखंड मे गठबंधन आओर मजबूतीक संग आगू बढ़त। झारखंड कांग्रेसक मीडिया प्रभारी राकेश सिन्हा कहलनि जे आबय बला दिन मे हमर गठबंधन संघर्ष रोकय बला नहि अछि। जाबत धरि ज्ञानेश कुमार इस्तीफा नहि दैत छथि, ताबत धरि हम सभ झारखंड मे सेहो विरोध जारी रखब। ओ कहलनि जे बहुत शीघ्र राहुल गांधीक एकटा रैली झारखंड मे सेहो होयत। ई रैली प्रभावशाली होयत आ हमर गठबंधन आओर मजबूत होयत।



झारखंड मे राहुल गांधीक रैली संभावित

दोसर दिस, झारखंड मुक्ति मोर्चा कहलनि जे मात्र झारखंडे नहि, बल्कि पूरा देश मे एकटा चिंगारी उठल अछि। झारखंड मे तं गठबंधन लग हेमंत सोरेन जेकां व्यक्तित्व छथि। भारतीय जनता पार्टी लग हेमंत सोरेनक कदक कोनो नेता नहि अछि, जे हुनका चुनौती दए सकय। झामुमोक कहब अछि जे दिल्लीक रैली गठबंधन कें आओर मजबूती देने अछि आ आबय बला समय मे गठबंधन आओर मजबूत होयत। ओतहि, भाजपा कांग्रेस आ झारखंड मुक्ति मोर्चाक गठबंधन पर तंज कसैत सवाल उठौलक जे ई दुनू पार्टी कोन गठबंधनक बात कए रहल अछि।

झामुमो-कांग्रेस गठबंधन पर भाजपाक तंज

भाजपाक कहब अछि जे एहि गठबंधन मे झारखंड मुक्ति मोर्चा कें कतेक सम्मान देल गेल, ई रामलीला मैदानक मंच पर स्पष्ट देखाइ पड़ल, जतय झामुमो कें जगह तक नहि देल गेल। झारखंड मुक्ति मोर्चा अपन कार्यकर्ता सभ कें सेहो दिल्ली नहि पठौलक। एहि सं गठबंधनक वास्तविक स्थिति बुझल जा सकैत अछि। बहरहाल, दिल्लीक रैलीक बाद झारखंड मे गठबंधनक एकजुटता कें लए राजनीतिक दावा आ सवाल दुनू सामने आबि रहल अछि। आबय बला दिन मे राहुल गांधीक झारखंड रैली आ विपक्षी दलक साझा रणनीति सं गठबंधनक वास्तविक स्थिति स्पष्ट भए सकैत अछि।

राष्ट्रवादी कांग्रेस पार्टी मे सत्ता संघर्ष : पार्थ पवारक बढ़ैत प्रभाव वा पवार परिवारक विलय योजना...

महाराष्ट्रक राजनीति मे अजित पवारक निधनक बाद राष्ट्रवादी कांग्रेस पार्टी (एनसीपी) भीतर सत्ता संघर्ष आ वर्चस्वक लड़ाइ तेज भए गेल अछि। अजित पवारक बेटा आ सांसद पार्थ पवारक एनसीपी संगठन मे बढ़ैत प्रभाव आ भविष्यक राजनीतिक समीकरण कें लए पार्टी भीतर हलचल तेज भए गेल अछि। पार्थ पवारक राजनीतिक हस्तक्षेप कें लए वरिष्ठ नेतासभक असंतोष आब दिल्लीक राजनीतिक गलियारा तक पहुंचि गेल अछि। केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाहक संग भेल एहि महत्वपूर्ण बैठक मे प्रफुल्ल पटेल, छगन भुजबल, सुनील तटकरे, दिलीप वलसे पाटिल, हसन मुश्रीफ, धनंजय मुंडे आ समीर भुजबल शामिल छलाह। ध्यान देबाक बात ई अछि जे एहि प्रतिनिधिमंडल मे पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष सुनेत्रा पवार आ सांसद पार्थ पवार मौजूद नहि छलाह। एनसीपीक वरिष्ठ नेतासभक अमित शाह सं भेल मुलाकात पार्टी भीतरक असंतोष आ शक्ति संतुलन मे आबि रहल बदलाव कें स्पष्ट रूप सं सामने आनने अछि। एनसीपीक वरिष्ठ नेतासभक एहि गतिविधिक पाछां मात्र पार्थ पवारक बढ़ैत प्रभाव कें लए असंतोष नहि, बल्कि महाराष्ट्र सरकार मे वित्त मंत्रालय वापस पयबाक मांग आ दुनू एनसीपी गुटक संभावित विलयक चर्चा सेहो पैघ कारण मानल जा रहल अछि। नव नेतृत्वक कार्यशैली सं उभरल एहि बेचैनी महायुति गठबंधन आ एनसीपीक भविष्यक राजनीति पर कतेको नव सवाल ठाढ़ कए देने अछि।



भुजबल पटेल आ तटकरे जकां वरिष्ठ नेता सभ किएक चिंतित?

पार्थ पवारक बढ़ैत हस्तक्षेप सं चिंतित वरिष्ठ नेता : सूत्रक अनुसार, एनसीपी संगठन मे नव नेतृत्व अयबाक बाद जाहि तरहे नियुक्ति आ निर्णय लेल जा रहल अछि, ताहि सं पार्टीक पुरान आ वरिष्ठ पदाधिकारी बहुत असंतुष्ट छथि। वरिष्ठ नेता सभ मे एहि बात कें लए सेहो नाराजगी अछि जे सुनेत्रा पवार आ पार्थ पवार पार्टीक अन्य वरिष्ठ नेता सभ कें किनार करैत सीधे भाजपा नेतृत्व सं बातचीत कए रहल छथि। एकर अतिरिक्त निर्वाचन आयोग कें पठाओल गेल एकटा पत्र आ पार्टी मे प्रफुल्ल पटेल आ सुनील तटकरेक भूमिका कें लए नव नेतृत्व आ पुरान नेतासभक बीच दूरी बढ़ल अछि। 20 अक्टूबर कें सेहो सुनेत्रा पवार आ पार्थ पवार अमित शाह सं भेंट केने छलाह। एहि बैठक मे प्रफुल्ल पटेल, सुनील तटकरे आ छगन भुजबल जेकां वरिष्ठ नेता शामिल नहि छलाह। सुनेत्रा पवार आ पार्थ दुनू अपन-अपन हिसाब सं राजनीति कए रहल छथि, जाहि कारण पार्टीक कतेको नेता चिंतित छथि। एहि घटनाक बाद एनसीपीक वरिष्ठ नेतासभक नाराजगीक चर्चा सामने आबि रहल छल। आब एनसीपीक वरिष्ठ नेतासभक अमित शाह सं सीधा मुलाकात कें पार्टी भीतर अपन अधिकार आ चिंता दर्ज करयबाक प्रयासक रूप मे देखल जा रहल अछि। हालांकि, अमित शाह सं भेंट करय बला एनसीपी नेता सभ एहि मुलाकात कें लए एखन धरि खुलि कए अपन पक्ष नहि रखने छथि। एनसीपी मे बहुत दिन सं आंतरिक कलह चलि रहल अछि। एकर अतिरिक्त महाराष्ट्र सरकार मे वित्त मंत्रालय वापस पयब सेहो एनसीपीक प्रमुख मांग सभ मे शामिल अछि। पहिने ई मंत्रालय अजित पवार लग छल। हुनकर निधनक बाद एनसीपीक वरिष्ठ नेता आगामी मंत्रिमंडल फेरबदल मे एहि मंत्रालय कें फेर पार्टी कें देबाक मांग कए रहल छथि। 25 अक्टूबर कें मुंबई मे अजित पवारक सरकारी आवास 'देवगिरि' मे भेल कोर कमेटीक बैठक मे सेहो एहि मुद्दा पर चर्चा भेल छल। 25 अक्टूबर कें मुंबई मे भेल कोर कमेटीक बैठकक बाद छगन भुजबल स्पष्ट केने छलाह जे दुनू एनसीपी गुटक विलय पर आधिकारिक बातचीत नहि भेल अछि, मुदा वित्त मंत्रालय फेर हासिल करबाक मांग पर सहमति बनल अछि। पहिने अमित शाह सं सुनेत्रा पवार आ पार्थ पवारक मुलाकात कें वित्त मंत्रालयक मांगक रूप मे प्रस्तुत कएल जा रहल छल। आब एनसीपीक वरिष्ठ नेतासभक शाह सं मुलाकात एहि राजनीतिक घटनाक्रम कें आओर दिलचस्प बना देने अछि। एनसीपीक वर्तमान राजनीतिक स्थिति पर नजरि देल जाए तं सुनेत्रा पवार लग उपमुख्यमंत्री पद अछि। सांसद पार्थ पवार लग राजनीतिक विरासत आ भविष्यक महत्वाकांक्षा अछि, मुदा प्रफुल्ल पटेल, तटकरे, छगन भुजबल आ वलसे पाटिल जेकां नेता सभ लग दशकक अनुभव, संगठन आ अपन राजनीतिक आधार अछि। एहि लेल दिल्लीक बैठक कें मात्र महाराष्ट्र सरकार मे एनसीपी लेल वित्त मंत्रालयक मांग मानि लेब, एहि मुलाकातक वास्तविक अर्थ पर पर्दा डालबाक समान होयत। राजनीतिक विश्लेषक सभक मानब अछि जे जं अमित शाह एनसीपी नेता सभ सं अलग-अलग राजनीतिक बातचीत कए रहल छथि, तं एकर अर्थ मात्र एकटा मंत्रालयक सौदा नहि भए सकैत अछि। भाजपा कें सेहो मजबूत आ एकजुट सहयोगी चाही, मुदा एकजुट एनसीपीक नेतृत्व केकर हाथ मे रहत, ई पार्टीक सभ सं पैघ सवाल अछि। सुनेत्रा पवार आ पार्थ पवारक अनुपस्थिति एनसीपी भीतर एकटा पैघ सवाल ठाढ़ कए रहल अछि।

पुणे एमएलसी चुनाव सं पाछू हटबाक निर्णय पर उठल सवाल : हालहि भेल महाराष्ट्र विधान परिषद (एमएलसी) चुनावक परिणाम सेहो पार्टी भीतरक मतभेद कें सार्वजनिक कए देने अछि। पुणे स्नातक सीट एनसीपीक पारंपरिक गढ़ मानल जाइत रहल अछि। एहि सबहक बावजूद पार्टी एहि सीट पर चुनाव नहि लड़लक, जखनकि पार्टीक कतेको नेता चुनाव लड़बाक लेल तैयार छलाह। एहि कारण पार्टीक वरिष्ठ नेता बहुत नाराज छथि।

बंधार पंचायत मे पंचायत स्तरीय सहयोग शिविर आयोजित

ग्रामीण सभ कें विभिन्न योजनाक देल गेल जानकारी

शिवाजीनगर, समदिया



शिवाजीनगर प्रखंडक बंधार पंचायत मे मंगलदिन पंचायत स्तरीय दोसर चरणक सहयोग शिविर आयोजित कयल गेल। शिविरक आयोजन विद्यासालेंद्र अतिरिक्त प्राथमिक उप स्वास्थ्य केंद्र, बंधार वार्ड संख्या 4परिसर मे भेल। प्रखंड स्तर पर पंचायत मे आयोजित ई पांचम सहयोग शिविर छल। एकर उद्देश्यग्रामीणसभक समस्याक समाधान, सरकारी जनकल्याणकारी योजनासभक जानकारी देब आ विभिन्न विभागक सेवा आम लोक धरि पहुंचायब छल।शिविरक अध्यक्षता बीडीओ वीरेंद्र कुमार सिंह केलनि, जखन कि संचालन पंचायतक मुखिया चंदन कुमारीकेलनि। एहि दौरान विभिन्न विभागक पदाधिकारी आ कर्मी अपन-अपन विभागक योजना, सुविधा, पात्रता,आवेदन प्रक्रिया आ लाभ प्राप्त करबाक तरीका संबंधी जानकारी विस्तार सं देलनि। अधिकारी सभ ग्रामीणसभ कें सरकारी योजनाक लाभ लेबाक लेल आवश्यक कागजात आ निर्धारित प्रक्रियाक जानकारी सेहोदेलनि। शिविर मे पहुंचल ग्रामीण सभ कें शिक्षा, कृषि, मनरेगा, बिजली, खाद्य एवं उपभोक्ता संरक्षण,सहकारिता, स्वास्थ्य, पशुपालन, उद्यान, आवास, स्वच्छता आ पंचायत स्तर पर संचालित विभिन्न योजनासभक जानकारी देल गेल। विभागीय अधिकारी सभ ग्रामीण सभ सं संबंधित विभागक संपर्क करबाक आ अपन समस्या शिविर मे रखबाक अपील केलनि। मुखिया चंदन कुमारी शिविर मे ग्रामीण सभ आ पदाधिकारी सभ सं संवाद केलनि। ओ पंचायत स्तर पर एहि तरहक सहयोग शिविरक आयोजन कें ग्रामीणसभक लेल उपयोगी पहल बतौलनि। हुनकर कहब छलनि जे एके ठाम पर विभिन्न विभागकयोजना आ सेवा संबंधी जानकारी भेटला सं सरकारी कार्यालयक चक्कर लगयबाक परेशानी कम होइतअछि। मौके पर पूर्व विधायक विश्वनाथ पासवान, बीईओ रामजन्म सिंह, बीएओ सतीश कुमार, मनरेगा पीओ बबलू कुमार, बिजली जेई आकाश वर्मा, एमओ नूरजहां, बीसीओ शिव दर्शन पासवान, प्रखंड समन्वयककाजल कुमारी, पशुपालन पदाधिकारी डॉ. एसएस प्रसाद, प्रभारी चिकित्सा पदाधिकारी डॉ. सुमित कुमार,उद्यान पदाधिकारी सरोज पासवान, पंचायत सचिव महेंद्र पासवान, आवास सहायक अमरेंद्र कुमार, कार्यपालक सहायक मनीष कुमार, स्वच्छता पर्यवेक्षक चंदन सहनी आ लेखपाल अर्जुन कुमार सहित अन्य ग्रामीण उपस्थित छलाह।

रोसड़ा अनुमंडल कार्यालय पर भाकपा मालेक घेरा डालो-डेरा डालो आंदोलन दोसरो दिन जारी

सुंदरिया नगरक 90 चिह्नित परिवारक अस्थायी बंदोबस्ती सहित विभिन्न मांग शामिल

रोसड़ा, समदिया



रोसड़ा अनुमंडल कार्यालय परिसर मे जनसमस्यासभक समाधानक मांग के लए भाकपा मालेक अनिश्चितकालीन घेरा डालो-डेरा डालो आंदोलन मंगलदिन दोसरो दिन जारी रहल। माले एरिया कमेटीक संयोजक हरिकांत झाक नेतृत्व मे पार्टी कार्यकर्ता सभ अनुमंडल कार्यालय परिसर मे धरना देलनि आप्रशासनक विरुद्ध नारेबाजी केलनि। आंदोलनकारीसभक कहब छनि जे क्षेत्रक विभिन्न जनसमस्यासभक समाधान लेल पार्टीक तरफ सं कई बेर आवेदन आ ज्ञापन द संबंधित अधिकारीसभक ध्यान आकृष्ट कराओल गेल। मुदा, दीर्घकाल सं लंबित समस्यासभक समाधान नहि भए सकल। प्रशासनक तरफ सं मात्रआश्वासन भेटैत रहल। हसनपुर प्रखंडक सुंदरिया नगरक 90 चिह्नित परिवार कें नियमानुसार अस्थायी बंदोबस्ती करबाक आ एहि लेल सभ विधिक प्रक्रिया पूरा करबाक मांग प्रमुख अछि। कार्यकर्तासभकअनुसार, अधिकारीसभक उदासीनता सं क्षुब्ध भए पार्टी अनिश्चितकालीन आंदोलन शुरू करबाक लेल बाध्य भेल। 11 सूत्री मांग कें लएई आंदोलन शुरू कयल गेल अछि। एहि मे हसनपुर आ बिथान अंचल क्षेत्रकविभिन्न सरकारी जमीन पर सं अवैध अतिक्रमण हटेबाक, भूमिहीन परिवार सभ कें बासगीत पर्चा उपलब्ध करएबाक आ सरकारी जमीन पर अवैध कब्जा तथा फर्जी बंदोबस्ती पर रोक लगएबाक मांग शामिलअछि। आंदोलनकारी सभ कहलनि जे जाबत धरि प्रशासन मांग सभ पर गंभीरतापूर्वक पहल नहि करैत अछि आ समस्यासभक ठोस समाधान नहि होइत अछि, ताबत धरि आंदोलन जारी रहत। मंगलदिन दोसर दिनहुं धरना जारी रहबाक कारण अनुमंडल कार्यालय परिसर मे राजनीतिक गतिविधि तेज रहल।

मानसिक स्वास्थ्य कें शारीरिक स्वास्थ्य जकां प्राथमिकता देबाक जरूरत : प्रधानाचार्य

वीमेंस कॉलेज मे मनाओल गेल विश्व मानसिक स्वास्थ्य दिवस

समस्तीपुर, समदिया



» छात्रा सभ पोस्टर आ अभिनय सं देलनि जागरूकताक संदेश

वीमेंस कॉलेज, समस्तीपुरक मनोविज्ञान विभागक तत्वावधान मे प्रधानाचार्य प्रो. राजेश कुमार रंजनकअध्यक्षता मे विश्व मानसिक स्वास्थ्य दिवस मनाओल गेल। कार्यक्रमक शुभारंभ दीप प्रज्ज्वलित कएकयल गेल। एहि अवसर पर मानसिक स्वास्थ्यक महत्व, मानसिक तनावक कारण आ ओकरा सं बचबाकउपाय पर चर्चा भेल। प्रधानाचार्य प्रो. राजेश कुमार रंजन कहलनि जे मानसिक स्वास्थ्य व्यक्तिक सर्वांगीण विकासक आधार अछि। छात्र-छात्रा सभ कें पढ़ाइक दबावक संग अपन मानसिक स्वास्थ्य परसेहो ध्यान देबाक चाही। एहन जागरूकता कार्यक्रम छात्रा सभ मे सकारात्मक सोच आ आत्मविश्वास विकसित करैत अछि। मनोविज्ञान विभागाध्यक्ष डॉ. कविता वर्मा कहलनि जे मानसिक स्वास्थ्य व्यक्तिक व्यक्तित्व, व्यवहार आ जीवनक गुणवत्ता के प्रभावित करैत अछि। वर्तमान समय मे एहि विषय पर जागरूकता बढ़ेबाक आवश्यकता अछि। डॉ. सोनल कुमारी कहलनि जे पढ़ाइ, प्रतियोगिता आ भविष्यकचिंता छात्रा सभ मे तनावक प्रमुख कारण बनि रहल अछि। नियमित दिनचर्या आ सकारात्मक सोच सं तनाव कम कयल जा सकैत अछि। डॉ. सोनी सलोनी मानसिक परेशानी कें छिपेबाक बदला परिवार, मित्रआ विशेषज्ञक संग साझा करबाक सलाह देलनि। डॉ. सुरेश साह सामाजिक सहयोग आ संवेदनशील व्यवहार कें मानसिक स्वास्थ्य लेल महत्वपूर्ण बतौलनि। डॉ. विजय कुमार गुप्ता योग, ध्यान आसकारात्मक चिंतनक महत्व पर प्रकाश देलनि। ओ सोशल मीडिया के अनावश्यक उपयोग आ दोसरा संतुलना करबाक प्रवृत्ति सं बचेबाक अपील केलनि। कार्यक्रमक दौरान छात्रा सभ बैनर, पोस्टर, कविता, भाषण आ अभिनयक माध्यम सं मानसिक स्वास्थ्यक प्रति जागरूकताक संदेश देलनि। मानसिक तनाव, आत्मविश्वास आ भावनात्मक संतुलन प्रस्तुतिक प्रमुखविषय रहल। कार्यक्रमक संचालन दिव्या गुप्ता आ सना केलनि, जखन कि धन्यवाद ज्ञापन डॉ. चंदनकुमार सिन्हा केलनि। आयोजन मनोविज्ञान विभागाध्यक्ष डॉ. कविता वर्मा तथा विभागक शिक्षक डॉ. काजल श्रीवास्तव, डॉ. सोनल कुमारी आ डॉ. चंदन कुमार सिन्हाक नेतृत्व मे भेल। एहि अवसर पर महाविद्यालयक शिक्षक आ शिक्षकेतर कर्मी उपस्थित छलाह।

पुरान जेलक सरकारी जमीन कें अतिक्रमणमुक्त करबाक उठल मांग

सहरसा, समदिया



» जांच लेल राजस्व कर्मचारी आ अंचल अमीन कें देल गेल जिम्मेदारी, 15 दिनक भीतर मांगल गेल रिपोर्ट

नगर निगम क्षेत्रक वार्ड संख्या 34 स्थित पुरान जेलक सरकारी जमीन कें अतिक्रमणमुक्त करबाक मांग उठल अछि। एहि संबंध मे संजय सोनी मुख्यमंत्रीक सहयोग पोर्टल पर शिकायत दर्ज करैत जिला प्रशासनसं सरकारी जमीन कें अतिक्रमणकारी सभ सं मुक्त करयबाक मांग कयलनि अछि।19 सितंबर 2026 कें दर्ज शिकायत (आरइएफ संख्या 861783) मे ओ कहलनि अछि जे आजादीक समयकएहि ऐतिहासिक जेलक सरकारी जमीन पर लगातार अतिक्रमण कयल जा रहल अछि। एहि कारणसरकारी भूमिक अस्तित्व पर संकट उत्पन्न होइत जा रहल अछि। शिकायतकर्ता बतौलनि जे पूर्व मे एहि परिसर मे सर्वे कार्यालय आ अभिलेखागार संचालित होइत छल। ओ प्रशासन सं जमीनक मापी कराकय अतिक्रमणमुक्त करयबाक मांग कयलनि अछि। संगहि सुझाव देलनि जे अतिक्रमण हटेलाक बाद एहि जमीनक उपयोग जनहित मे पार्क, मार्केट अथवा कोनो सरकारी कार्यालयक निर्माण लेल कयल जा सकैतअछि। एहि तरहें शहरवासी कें सार्वजनिक सुविधा भेटबाक संग सरकारी जमीनक नीक उपयोग सेहो संभवहोयत। मामिला मे कहरा अंचल कार्यालय त्वरित संज्ञान लैत 24 सितंबर 2026 कें पत्रांक 948 जारी कयलक। एहि माध्य मे राजस्व कर्मचारी रामनाथ प्रसाद तथा अंचल अमीन गणेश साह आ भगवानप्रसाद कें स्थल जांच कय प्रतिवेदन उपलब्ध करयबाक निर्देश देल गेल अछि। अंचलाधिकारी संबंधितकर्मी सभ कें 15 दिनक भीतर जांच रिपोर्ट सौंपबाक लेल कहलनि। ओम्हर मुख्यमंत्री सहयोग पोर्टल परशिकायतक स्थिति मे जांच प्रतिवेदन प्राप्त भेलाक बाद आगूक कारबाइ करबाक बात दर्ज अछि। आब जांच रिपोर्टक आधार पर प्रशासनिक कारबाइ होयबाक प्रतीक्षा अछि।

नित्यानंद रायक आगमन कें लए भाजपा तैयार, आइ निकलत पदयात्रा

शहीद चौक पर शहीद सभ कें पुष्पांजलि अर्पित करताह केंद्रीय गृह राज्यमंत्री

सहरसा, समदिया



केंद्रीय गृह राज्यमंत्री नित्यानंद राय कें आइ सहरसा आगमन कें लए भाजपा दिस सं तैयारी पूरा कए लेल गेल अछि। एहि संबंध मे जिला परिषद परिसर मे भाजपा प्रेस कॉन्फ्रेंस कय कार्यक्रमक विस्तृत जानकारीदेलक। प्रेस कॉन्फ्रेंस मे पूर्व विधायक डॉ. आलोक रंजन पत्रकार सभ कें कार्यक्रमक जानकारी देलनि। ओबतौलनि जे केंद्रीय गृह राज्यमंत्री नित्यानंद राय निर्धारित कार्यक्रमक अनुसार भोर 10 बजे धरि जिलाअतिथि गृह पहुंचताह। एकर बाद जिला परिषद परिसर मे आयोजित सभा कें संबोधित करताह। सभाकबाद भोर 11 बजे जिला परिषद परिसर सं पदयात्रा निकालल जायत। ई पदयात्रा डीबी रोड, शंकर चौक आतरकारी मार्केट होइत शहीद चौक पहुंचत। ओतय मंत्री आ भाजपा कार्यकर्ता शहीद सभ कें पुष्पांजलिअर्पित कय श्रद्धांजलि देताह। प्रेस कॉन्फ्रेंस कें संबोधित करैत डॉ. आलोक रंजन कहलनि जे विपक्षी दलदेश मे अराजकताक माहौल पैदा करबाक प्रयास कए रहल अछि, मुदा भाजपा कार्यकर्ता हुनकर मंसूबा कें सफल नहि होमय देताह। ओ कहलनि जे भीड़तंत्रक जवाब लोकतंत्रक माध्य मे देल जायत। ओ जानकारीदेलनि जे एहि पदयात्रा मे जिलाक सभ पंचायत सं हजारोंक संख्या मे भाजपा कार्यकर्ता शामिल होयताह।एहि मे बूथ अध्यक्ष, मंडल अध्यक्ष आ सक्रिय कार्यकर्ताक व्यापक सहभागिता रहत। प्रेस कॉन्फ्रेंस मेभाजपा जिलाध्यक्ष साजन शर्मा, पूर्व विधायक सुरेंद्र यादव, प्रदेश मंत्री दिवाकर सिंह, जिला प्रभारी सुनील कुमार सिंह, जिला महामंत्री शिव भूषण सिंह, जिला उपाध्यक्ष राजीव रंजन साह, विजय बसंत, जिला महामंत्री भैरवानंद झा, सिद्धार्थ सिंह सिद्धू, जिला मीडिया प्रभारी सुमित सिन्हा आ किसान मोर्चा जिलाध्यक्ष अरविंद कुमार सिंह सहित अन्य भाजपा नेता उपस्थित छलाह।

सीतामढ़ी मे 5 नव नगर पंचायतक गठनक प्रस्ताव पारित, सुरसंड आ बेलसंड बनत नगर परिषद

20 सूत्री बैसार मे प्रभारी मंत्री श्रेयसी सिंह विकास योजना सभ मे तेजी अनबाक देलनि निर्देश

सीतामढ़ी, समदिया



समाहरणालय स्थित परिचर्चा भवन मे उद्योग आ खेल विभागक मंत्री सह जिलाक प्रभारी मंत्री श्रेयसी सिंहक अध्यक्षता मे 20 सूत्री कार्यक्रम कार्यान्वयन समितिक बैसार भेल। बैसार मे जिला मे 5 नव नगर पंचायतक गठन आ सुरसंड तथा बेलसंड नगर पंचायत कें नगर परिषद मे उत्क्रमित करबाक प्रस्तावसर्वसम्मति सं पारित कयल गेल। प्रस्तावक अनुसार, परिहरपुर, सोनबरसा, रीगा, रुन्नीसैदपुर आ बाजपट्टीमे नव नगर पंचायत गठित होयत। जखन कि सुरसंड आ बेलसंड नगर पंचायत कें नगर परिषद बनाओल जाएत। बैसार कें संबोधित करैत प्रभारी मंत्री कहलनि जे विकास आ जनकल्याणकारी योजनाकक्रियान्वयन मे कोनो तरहक लापरवाही बर्दाश्त नहि कयल जाएत। सभ विभाग आपसी समन्वय, पारदर्शिता आ गुणवत्ता बनौने निर्धारित समय सीमा मे काज पूरा करथि, जाहि सं योजनाक लाभ आखरीव्यक्ति धरि पहुंचि सकय। नल-जल योजनाक समीक्षा कए मंत्री लंबित आ बंद योजना सभ कें शीघ्र चालू करबाक निर्देश देलनि। पीएचईडीक कार्यपालक अभियंताक अनुपस्थित रहबाक मामिला मे नाराजगीजतबैत कारबाइ करबाक आ विभागीय प्रतिवेदनक जांच लेल समिति गठित करबाक निर्देश देलनि। बैसार मे महिला सुरक्षा, पुलिस पिकेट निर्माण, कृषि फीडर, जरल ट्रांसफॉर्मरक मरम्मत, सड़क आ नालानिर्माण, अतिक्रमण, बाजार मे जाम आ जलजमावक समस्या पर सेहो चर्चा भेल। शहरी क्षेत्र मे साफ-सफाई, कचरा निष्पादन आ जलनिकासी व्यवस्था दुरुस्त करबाक संग स्टॉर्म वाटर ड्रेनेज योजना कें समयपर पूरा करबाक निर्देश देल गेल। बैसार मे सांसद देवेश चंद्र ठाकुर, विधान पार्षद रेखा कुमारी, विधायकपंकज मिश्रा, सुनील कुमार पिंटू, गायत्री देवी, प्रो. नागेंद्र राउत, बैद्यनाथ प्रसाद, अमित कुमार, 20 सूत्रीउपाध्यक्ष मनीष कुमार गुप्ता आ सत्येंद्र सिंह कुशवाहा सहित विभिन्न जनप्रतिनिधि उपस्थित छलाह।डीएम तनय सुल्तानिया, एसपी अमित रंजन, डीडीसी श्वेता भारती आ अन्य अधिकारी सेहो बैसार मे शामिल छलाह।

मिथिलाक दीपावली मे संठीक विशेष महत्व, कुरसो हाट मे 10 टाका मे बिकाइत रहल एक संठी

खेती सिमटबाक कारण लोकपरंपरा निभेबाक लेल बाजार पर निर्भर भेल लोक

कुरसो, तारडीह, समदिया



» कखनो घर-घर सहज उपलब्ध छल पटसनक संठी

मिथिलाक लोकसंस्कृति मे दीपावली मात्र दीप जरयबाक आ लक्ष्मी-गणेशक पूजा धरि सीमित नहि अछि।एतय कतेको एहन परंपरा अछि, जाहि मे सामान्य ग्रामीण वस्तुक सेहो विशेष धार्मिक आ सांस्कृतिक महत्व अछि। एहने एक परंपरा अछि पटसनक संठी, जाहि बिना दीपावलीक उक्का-पाती आ दोसर दिन भोर मे होयवला दरिद्र खेड़बाक विधि अधूर मानल जाइत अछि। पहिने ई संठी गामक लगभग प्रत्येक घर मे सहज उपलब्ध रहैत छल, मुदा आब एकर कमी एहन भए गेल अछि जे लोक कें एकरा बाजार सं कीनय पड़ैत अछि। मंगलदिन तारडीह प्रखंडक कुरसो हाट मे दीपावलीक तैयारीक बीच एहि बदलावक दृश्यदेखय लेल भेटल। लोक 10 टाका प्रति संठीक दर सं एकरा खुशी-खुशी कीनैत देखल गेलाह। जे संठीपहिने पटसनक खेतीक कारण खेत सं घर धरि सहज उपलब्ध रहैत छल, से आब पर्वक आवश्यकसामग्रीक रूप मे बाजार मे बिकाइत अछि।मिथिला मे दीपावलीक सांझ उक्का-पातीक विशिष्ट परंपरा निभाओल जाइत अछि। एहि लेल पटसनकसुखायल संठी कें खरक संग बान्हि मशाल जकां उक्का तैयार कयल जाइत अछि। घर मे पूजा-अर्चना केलाक बाद दीप सं एकरा प्रज्ज्वलित कयल जाइत अछि। तकर बाद भगवती स्थान, पूजाघर आ घरक प्रत्येक कोठली मे श्रद्धापूर्वक घुमाओल जाइत अछि। एहि क्रम मे घरक कोना-कोना धरि प्रकाशपहुंचयबाक परंपरा अछि। लोकमान्यता अछि जे एहि विधि सं नकारात्मकता आ दरिद्रता दूर होइत अछितथा घर मे सुख-समृद्धिक वास होइत अछि। एकरा पितर सभ कें प्रकाशक संग विदाई देबाक परंपरा संसेहो जोड़ल जाइत अछि।एहि अनुष्ठानक दोसर महत्वपूर्ण चरण दोसर दिन भोर मे होइत अछि। दीपावलीक अगिला दिनब्रह्ममुहूर्त मे महिला सभ सूप लैत छथि आ पिछला राति उक्का-पाती मे उपयोग कयल गेल संठीक बचलजरल भाग सं सूप पीटैत छथि। मिथिला मे एहि परंपरा कें दरिद्र खेड़ब कहल जाइत अछि। एहि दौरानलोकविश्वासक अनुसार दरिद्रता कें घर सं बाहर भगयबाक आ अन्न-धन, सुख-शांति तथा लक्ष्मीकआगमनक कामना कयल जाइत अछि। ई विधि मात्र धार्मिक अनुष्ठान नहि, बल्कि पीढ़ी-दर-पीढ़ी महिला सभ द्वारा संरक्षित लोकपरंपराक हिस्सा अछि। पहिने पटसनक खेती किसानसभक आमदनीक एकटा महत्वपूर्ण साधन छल। रेशा निकाललाक बाद बचल संठीक उपयोग घरेलू काजक संग दीपावलीक एहिपरंपरा मे सेहो होइत छल। खेती सिमटबाक कारण एकर सहज उपलब्धता सेहो घटि गेल अछि। आबसवाल मात्र एकटा कृषि फसलक कम होयबाक नहि, बल्कि मिथिलाक ओहि लोकसंस्कृतिक सेहो अछि,जकर एकटा महत्वपूर्ण सामग्री आब बाजार पर निर्भर होइत जा रहल अछि।

मद्य निषेध अभियानक समीक्षा, जन-जागरूकता बढ़ेबाक डीएम देलनि निर्देश

» लोकभाषा आधारित नुक्कड़ नाटक आ सांस्कृतिक कार्यक्रमक माध्यम सं नशामुक्तिक संदेश पहुंचेबाक पहल

समस्तीपुर, समदिया

जिलाधिकारी रोशन कुशवाहाक अध्यक्षता मे सोमदिन कार्यालय कक्ष मे मद्य निषेध अभियानक प्रभावीक्रियान्वयन आ जन-जागरूकता गतिविधि सभ कें लए समीक्षा बैसार आयोजित भेल। एहि दौरानअभियानक प्रचार-प्रसार, नुक्कड़ नाटक आ विभिन्न विभाग द्वारा संचालित गतिविधिसभक प्रगतिकसमीक्षा कयल गेल। बैसार मे जानकारी देल गेल जे जिला मे मद्य निषेध अभियान 27 अक्टूबर सं 26नवंबर 2026 धरि चलाओल जा रहल अछि। जिलाधिकारी कहलनि जे अभियानक मुख्य उद्देश्य आम नागरिक कें शराब सेवन आ अवैध कारोबारक दुष्परिणामक प्रति जागरूक करब तथा समाज मेनशामुक्तिक लेल सकारात्मक वातावरण तैयार करब अछि। ओ अभियान कें औपचारिकता तक सीमितनहि रखबाक, बल्कि जन-आंदोलनक रूप देबाक निर्देश देलनि, जाहि सं शहरी आ ग्रामीण दुनू क्षेत्रक बेसी सं बेसी लोक धरि संदेश पहुंचि सकय। डीएम कहलनि जे प्रिंट, इलेक्ट्रॉनिक आ सोशल मीडिया सहित सभसंचार माध्यम सं अभियानक व्यापक प्रचार-प्रसार हो। जिला जनसंपर्क पदाधिकारी कें नियमित प्रचारसुनिश्चित करबाक आ संदेश कें सरल, स्पष्ट तथा आम लोकक भाषा मे प्रसारित करबाक निर्देश देलनि।नुक्कड़ नाटक आ सांस्कृतिक कार्यक्रम पर चर्चा करैत जिलाधिकारी कहलनि जे लोकभाषा आ स्थानीयपरिवेश आधारित कार्यक्रम बेसी प्रभावकारी होइत अछि। जिला कला एवं संस्कृति पदाधिकारी केंयोजनाबद्ध तरीका सं एहन कार्यक्रम आयोजित करबाक निर्देश देलनि, जाहि मे नशामुक्त समाज, स्वस्थजीवनशैली आ परिवार तथा समाज पर नशाक दुष्प्रभाव कें प्रमुखता देल जाए। ओ शिक्षा विभाग केंविद्यार्थी, शिक्षक आ अभिभावकक बीच जागरूकता फैलएबाक तथा जीविका माध्य मे स्वयं सहायतासमूहक महिला आ हुनकर परिवार धरि संदेश पहुंचएबाक निर्देश देलनि। सभ विभाग कें आपसी समन्वयक संग समयबद्ध गतिविधि संचालित करबाक आ नियमित समीक्षा करबाक लेल कहलनि। बैसारमे उत्पाद अधीक्षक मनोज कुमार सिंह, डीपीएम जीविका विक्रांत कुमार, जिला जनसंपर्क पदाधिकारीरजनीश कुमार राय, जिला कला एवं संस्कृति पदाधिकारी जूही कुमारी, डीपीओ शिक्षा शुभम कुमार सहित अन्य पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

बराकर नदी पर 14.19 करोड़क पुल निर्माण 10 महीना सं ठप

जामताड़ा ,समदिया



जामताड़ा सदर प्रखंडक चालना पंचायत अंतर्गत बादडीह, चालना आ पोलकेरा के बीच बराकरनदी पर प्रस्तावित पुलक निर्माण शिलान्यासक बाद सं अधर मे लटकल अछि। करीब 14 करोड़ 19 लाखटकाक लागत सं बनयवला एहि महत्वाकांक्षी पुलक निर्माण पछिला सात महीना सं पूरा तरहे बंद अछि।31 दिसंबर 2025 कें राज्यक स्वास्थ्य मंत्री डॉ. इरफान अंसारी नववर्षक सौगातक रूप मे एहि पुलकशिलान्यास कयने छलाह। शुरुआत मे निर्माण काज शुरू होयबाक हलचल देखल गेल आ संवेदक घटनास्थल पर निर्माण सामग्री सेहो गिरौने छलाह, मुदा किछुए दिन बाद तकनीकी कारण बतबैत काज बंद कए देल गेल। एकर बाद संवेदक अपन सामग्री आ मशीन सभ समेटि वापस चलि गेलाह। एखन धरिकाज फेर शुरू नहि होयबा सं चालना पंचायत सहित आसपासक दर्जनों गांवक लोक निराश छथि। ग्रामीण सभक अनुसार, ई पुल मात्र नदी पार करबाक साधन नहि, बल्कि पूरा क्षेत्रक सामाजिक आ आर्थिक विकास सं जुड़ल महत्वपूर्ण योजना अछि। पुल बनला सं जामताड़ा सं धनबादक दूरी करीब 20 किलोमीटरकम भए जाएत। एहि सं प्रतिदिन यात्रा करयवला लोक, कारोबारी आ नौकरीपेशा लोक कें आवागमन मे सुविधा होयतनि। गंभीर रोगी सभ कें अस्पताल पहुंचयबा मे सेहो समय बचत। ग्रामीण सभक मानबअछि जे पुल बनला सं क्षेत्र मे व्यापारिक गतिविधि बढ़त आ स्थानीय युवा सभ लेल रोजगारक नव अवसर सेहो पैदा होयत। 12-13 पिलर पर बनत पुल, दुनू छोर पर 100-100 मीटर लंबा एप्रोच रोड सेहो बनत योजनाक अनुसार, बराकर नदी पर 12 सं 13 पिलरक सहारा सं पुल बनाओल जाएत। पुलक दुनू छोर पर 100-100 मीटर लंबा एप्रोच रोड सेहो बनाओल जाएत। हालांकि, ग्रामीण सभ गांव सं नदीक तट तक पहुंचयवला सड़कक जर्जर स्थिति पर सेहो सवाल उठौने छथि। हुनका सभक कहब अछि जे पुलक निर्माण पूरा होयबाक संग संपर्क सड़क सभक स्थिति सुधारब सेहो जरूरी अछि। नहि तं पुल बनलाक बादो लोक कें आवागमन मे परेशानी होयतनि। शिलान्यासक बाद सामग्री समेटि लए गेल ठेकेदार स्थानीय मुखिया राबोनी मरांडी बतौलनि जे शिलान्यासक तुरंत बाद ठेकेदार निर्माण सामग्री खसल कएकाज शुरू करौने छलाह, मुदा किछुए दिन बाद सभ सामान वापस समेटि लेलनि। तखने सं निर्माण काज बंद अछि। ओ कहलनि जे चालना पंचायत आदिवासी बहुल क्षेत्र अछि। एतय सामाजिक आ आर्थिक विकास लेल ई पुल बहुत जरूरी अछि। निर्माण काज मे देरी सं ग्रामीण सभक आशा प्रभावित भए रहलअछि।

दुग्धा मे नौ कुंडीय गायत्री महायज्ञ पूर्णाहुति संग संपन्न, श्रद्धालु सभ लेलनि गुरु दीक्षा

गम्हरिया ,समदिया



गम्हरिया प्रखंडक दुग्धा गांव स्थित श्मशान काली मंदिर परिसर मे आयोजित तीन दिवसीयनौ कुंडीय गायत्री महायज्ञ सोमदिन भव्य पूर्णाहुति संग संपन्न भेल। अखिल विश्व गायत्री परिवार,शांतिकुंज हरिद्वारक मार्गदर्शन मे आयोजित महायज्ञक संचालन वरिष्ठ प्रतिनिधि आ उपजोन समन्वयकसंतोष संगम आ सुषमा पात्रोक मार्गदर्शन मे कयल गेल। तीन दिवसीय हवन-यज्ञ मे सैकड़ो श्रद्धालु विधिवत गुरु दीक्षा लेलनि। ओ सभ परम पूज्य गुरुदेव पंडित श्रीराम शर्मा आचार्यक विचार आ आदर्श कें जीवन मे अपनयबाक संकल्प लेलनि। गायत्री परिवार ट्रस्ट सरायकेला आ गायत्री प्रज्ञा पीठक दिस सं चैरिटेबल ट्रस्ट दुग्धा श्मशान कालीमंदिरक बाबा आर्तत्राण दास, टाटा स्टील सीएसआरक अधिकारी सत्यनंद नंदा, मुखिया मोहन बास्के आग्राम प्रधान दुर्योधन प्रधान कें सम्मानित कयल गेलनि। एकर अतिरिक्त दीक्षा लेनिहार अंजनी देवी, जन्मी देवी, मुस्कान टुडू, सरिता मार्डी, रोगनी सोरेन, गीतामाझी, कन्या देवी, सीमा माझी, शेफाली दाश, उमा दाश, अलाबेनी दाश, नीलकमल महतो, शीला महतो, उत्तमदास, बसंत प्रधान, राखी दास, रेणुका प्रधान, रश्मि महाकुड़, शिवम महतो, शून्यलता प्रधान, जोशना मंडल,सुभद्रा प्रधान, आरती बारी, लोचना प्रधान आ बिंदु दास आदि कें गायत्री गमछा पहिरा कए गायत्री परिवारमे स्वागत कयल गेलनि। कार्यक्रमक सफल आयोजन मे बाबा आर्तत्राण दास, राजनगर प्रखंड समन्वयक पिंटू राउत, जिला मुख्यट्रस्टी शंभूनाथ अग्रवाल, जिला समन्वयक श्याम नारायण शर्मा, ट्रस्टी दिवाकर गोप, हेमा गुप्ता, अमर सिंह सहित गम्हरिया प्रखंडक सक्रिय कार्यकर्ता आ महिला मंडलक कतेको गायत्री परिजनक सराहनीय योगदान रहल।

41 करोड़ टका सं खरीदल जायत 2 मशीनः 190 फीट ऊंचाई धरि आगि बुझेबाक क्षमता रहत ब्रांटो स्काई लिफ्ट मे

रांची,समदिया



राजधानी मे बहुमंजिला भवन सभक सुरक्षा कें ध्यान मे रखैत झारखंड अग्निशमन विभाग पुख्ता तैयारी शुरू कए देने अछि। आगि लगबाक स्थिति मे ऊंच भवन मे फंसल लोक सभ कें आसानी संबचाओल जा सकय, एहि लेल विभाग एकटा व्यवस्था तैयार कयने अछि। झारखंड अग्निशमन विभाग करीब 41 करोड़ टकाक लागत सं दू गोट ब्रांटो स्काई लिफ्ट खरीदत। दुनूअत्याधुनिक मशीन खरीदबाक लेल अग्निशमन विभागक टीम शीघ्रे फिनलैंड जाएत। ओतय तकनीकीनिरीक्षण कयलाक बाद तैयार कयल गेल विनिर्देश सं मशीनक मिलान कयल जाएत। टीम मे अभियंताआ मैकेनिकक अतिरिक्त अग्निशमन विभागक अधिकारी सेहो रहताह। ओ सभ जांच करताह जे मशीनकवास्तविक क्षमता बताओल गेल क्षमताक अनुरूप अछि वा नहि। टीमक सहमति भेटलाक बादे दुनू ब्रांटस्काई लिफ्ट झारखंड मंगाओल जाएत। रांची आ देवघर मे तैनात रहत एक-एक लिफ्ट राजधानी मे लगातार बनि रहल बहुमंजिला भवन सभक सुरक्षा कें ध्यान मे रखैत एकटा ब्रांटो स्काई लिफ्ट रांची मे रखबाक तैयारी अछि। ओतहि प्रत्येक वर्ष देवघर मे आयोजित होयवला श्रावणी मेला मे बाहर सं आबयवला श्रद्धालु सभक सुरक्षा कें ध्यान मे रखैत दोसर ब्रांटो स्काई लिफ्ट ओतय भेजबाकतैयारी अछि। 22 करोड़ टकाक लागत सं खरीदल जाएवला ब्रांटो स्काई लिफ्ट 190 फीट सं बेसी ऊंचाई तक आगि बुझेबाक क्षमता रखत। एकरा रांची मे राखल जाएत। ओतहि दोसर मशीनक कीमत करीब 19 करोड़ टकाअछि। एकर क्षमता 130 फीट सं बेसी ऊंचाई तक आगि बुझेबाक अछि। एहि मशीन कें देवघर मे रखबाकतैयारी कयल गेल अछि। ब्रांटो स्काई लिफ्ट (एरियल प्लेटफॉर्म) बेसी ऊंचाई तक आगि बुझेबाक अतिरिक्त ओतय फंसल लोक सभकें सेहो सुरक्षित बाहर निकालत। एकटा ब्रांटो स्काई लिफ्ट 190 फीट तक, जखनकि दोसर 130 फीट सं बेसी ऊंचाई तक आगि बुझेबाक आ ओतय फंसल लोक सभ कें बचा कए बाहर निकालबाक क्षमता रखत। एहि मशीन कें चलयबाक लेल अग्निशमन कर्मी सभ कें विशेष प्रशिक्षण देल जाएत।

सिहोडीहक सार्वजनिक काली मंदिर मे 43 वर्ष सं भए रहल अछि माय कालीक पूजा

गिरिडीह ,समदिया



शहरक सिहोडीह स्थित आम बगान सार्वजनिक मां काली मंदिर मे पछिला 43 वर्ष सं दीपावलीपर माय कालीक विधिवत पूजा-अर्चना होइत आबि रहल अछि। मोहल्लावासीक सहयोग सं शुरू भेल ई पूजा आइ पूरा क्षेत्रक आस्था आ श्रद्धाक प्रमुख केंद्र बनि गेल अछि। प्रत्येक वर्ष स्थानीय लोक आपसी सहयोग सं चंदा जमा कए एतय भव्य आयोजन करैत छथि।अमावस्याक राति भजन-कीर्तन मे पैघ संख्या मे श्रद्धालु जुटैत छथि। स्थानीय निवासी संदीप शर्माबतौलनि जे सिहोडीहक ललिया देवी माय कालीक अनन्य भक्त छलीह। ओ प्रतिदिन भोर मे उसरी नदी मे स्नान केलाक बाद पूजा करबाक लेल बरगंडा स्थित दुर्गा मंदिर जाइत छलीह। करीब 43 वर्ष पहिने माय काली हुनका सपना मे दर्शन द आम बगान लग मंदिर बनेबाक आ प्रतिमा स्थापित करबाक निर्देश देने छलीह। एकर बाद ललिया देवी स्थानीय लोकक सहयोग सं मंदिर बनबौलनि आ विधिवत प्राण-प्रतिष्ठा करौलनि।तखने सं ई परंपरा निरंतर चलि रहल अछि। पंडित विनोद शास्त्री बतौलनि जे एहि वर्ष 8 नवंबर कें माय कालीक पूजा होयत। भोर मे माय कालीक प्रतिमा कें पंचतत्व सं स्नान कराकनव वस्त्र पहिराओल जाएत आ फल-फूल तथाश्रृंगार अर्पित कए अनुष्ठान शुरू होयत। अर्धरात्रि मे माय कालीक विशेष निशा पूजा होयत, जाहिक बाद महाआरती आ महाप्रसाद वितरण कयल जाएत।

चारि नवंबर कें रांची मे निकलत डहरे सोहराय, 14 प्रखंडक लोक लेताह भाग

रांची ,समदिया



वृहद झारखंड कला संस्कृति के तत्वावधान मे पछिला वर्ष जकां एहि वर्षो राजधानी मे भव्य डहरे सोहराय आयोजित कयल जा रहल अछि। चारि नवंबर कें आयोजित होयवला एहि कार्यक्रम मे रांची जिलाक सभ 14 प्रखंड सं कुड़मी समुदाय के लोक पारंपरिक वेशभूषा मे शामिल होयताह। आयोजनमोरहाबादी मैदान सं शुरू भए कए अल्बर्ट एक्का चौक तक पहुंचत। एकर तैयारी पछिला एक महीना संचलि रहल अछि। मंगलदिन संगठनक सदस्य बेबी महतो आ किरण महतो बतौलनि जे एहि आयोजनक उद्देश्य शहरी आबादी कें कुड़मी समुदाय के समृद्ध लोक-संस्कृति, परंपरा आ ग्रामीण जीवनशैली संपरिचित करायब अछि।बेबी महतो कहलनि जे झारखंडक कुड़मी बहुल क्षेत्र सभ मे सोहराय महापर्व हर्षोल्लासक संग मनाओल जाइत अछि। ई पर्व कृषि संस्कृति आ प्रकृति संग गहींर जुड़ावक प्रतीक अछि। धानक खेती मे सहयोग करयवला मूक पशु, प्रकृति आ पूर्वज सभक प्रति आभार आ सम्मान प्रकट करबाक लेल ई पर्व मनाओलजाइत अछि। सोहराय के माध्यम सं ग्रामीण समाज अपन कृषि परंपरा आ सांस्कृतिक विरासत कें जीवंत रखने अछि।आयोजन मे गांव सभ सं आबयवला लोक पारंपरिक कृषि उपकरण, सोहराय पूजा-पाठ मे उपयोग होयवला सामग्री आ पारंपरिक वाद्य यंत्रक संग शामिल होयताह। एहि दौरान सांस्कृतिक प्रस्तुति के माध्यम संग्रामीण जीवन आ लोक परंपराक झांकी प्रस्तुत कयल जाएत। पारंपरिक वेशभूषा मे शामिल प्रतिभागी अपन संस्कृति आ विरासतक प्रदर्शन करताह। संगठनक प्रवक्ता सभ कहलनि जे आधुनिकताक दौड़ मे शहरी समाज अपन लोक-संस्कृति आ जड़ि सं दूर होइत जा रहल अछि। एहन स्थिति मे डहरे सोहराय के माध्यम सं शहरवासी सभ कें कुड़मी समुदाय के पर्व, भाषा, परंपरा आ सांस्कृतिक पहचान कें नजदीक सं जानय-बुझय के अवसर भेटतनि। वृहद झारखंड कला संस्कृति के बैनर तर वर्ष 2025 मे पहिल बेर डहरे सोहरायक आयोजन कयल गेल छल। पहिलआयोजनक सफलता के बाद एहि वर्षो एकरा व्यापक स्तर पर आयोजित करबाक निर्णय लेल गेल। प्रेस वार्ता मे बेबी महतो, किरण महतो सहित संगठनक कतेको प्रमुख सदस्य उपस्थित छलाह।

दीपावली-छठि कें लए बागोडीह पंचायत मे चलल स्वच्छता अभियान, सड़क आ नालीक भेल सफाइ

बड़की सरिया,समदिया



दीपावली आ लोक आस्थाक महापर्व छठि कें लए बागोडीह पंचायत मे व्यापक स्वच्छताअभियान चलाओल गेल। मुखिया धनेश्वर सावक नेतृत्व मे पंचायत क्षेत्रक प्रमुख सड़क, सार्वजनिक स्थल,नाली आ आसपासक इलाकाक पूरा सफाइ कराओल गेल। पर्वक दौरान गांव मे लोकनिक आवाजाही बढ़बाक आ छठि व्रती सभ कें घाट तक अयबा-जायबा मेगंदगीक कारण परेशानी नहि भए, एहि बात कें ध्यान मे रखैत सड़क सभ कें दुरुस्त कयल गेल। अभियानक दौरान पंचायत प्रतिनिधि सभ सफाइक निगरानी कयलनि आ कचरा सुरक्षित तरीका सं उठेबाक व्यवस्था सुनिश्चित कयलनि। मुखिया ग्रामीण सभ सं स्वच्छ, सुंदर आ स्वस्थ पंचायत बनेबाक संकल्प पूरा करय मे सहयोगक आग्रह कयलनि। ओ कहलनि जे सामूहिक प्रयास सं ही पंचायत कें आदर्शबनाओल जा सकैत अछि। मुखिया धनेश्वर साव कहलनि जे स्वच्छता मात्र कोनो एक व्यक्ति वा पंचायत प्रतिनिधिक जिम्मेदारी नहि अछि, बल्कि एहि मे प्रत्येक ग्रामीणक सक्रिय भागीदारी जरूरी अछि।

मतदाता सूची पुनरीक्षण कें लए 4 नवंबर कें होयत बैठक

केतार,समदिया

मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण (एसआईआर) कें लए 4 नवंबर कें केतार प्रखंडक सभमतदान केंद्र पर बीएलओ आ बीएलए-2 केर पांचम बैठक आयोजित कयल जाएत। ई बैठक भोर 11 बजेसं दुपहर 1 बजे तक होयत। एही दौरान चुनाव पाठशालाक पांचम बैठक सेहो आयोजित कयल जाएत। निर्धारित कार्यक्रमक अंतर्गत बीएलओ द्वारा नोटिस आ सत्यापनक प्रक्रिया पूरा नहि करयवला मतदाता सभक नामवार सूची उपस्थित बीएलए-2 आ आम नागरिक सभक सोझां पढ़ि कए सुनाओल जाएत। एहि दौरान संबंधित मतदाता सभक संबंध मे आवश्यक जानकारी, सुझाव आ आपत्ति सेहो प्राप्त कयल जाएत। बैठकक मुख्य उद्देश्य ई सुनिश्चित करब अछि जे कोनो पात्र भारतीय नागरिकक नाम मतदाता सूची मे दर्ज होयबा सं वंचित नहि रहय आ कोनो अपात्र व्यक्तिक नाम सूची मे शामिल नहि हो। एहि लेल सभ मतदान केंद्र पर बीएलए-2 आ आम नागरिक सभक सक्रिय भागीदारी महत्वपूर्ण बताओल गेल अछि।

हिंदी आ अंग्रेजी कविता-पाठ प्रतियोगिताक आयोजन

लोहरदगा,समदिया



टाइनी टास्क विद्यालय मे नर्सरी कक्षाक विद्यार्थी सभक लेल हिंदी आ अंग्रेजी कविता-पाठ प्रतियोगिताक आयोजन कयल गेल। एहि मे छोट-छोट बच्चा सभ उत्साहपूर्वक भाग लेलनि। बताओल गेल जे एहि आयोजनक उद्देश्य बच्चा सभ मे भाषाई कौशल, अभिव्यक्ति क्षमता, आत्मविश्वास आ मंच परप्रस्तुति देबाक प्रतिभाक विकास करब छल। प्रतियोगिता मे नर्सरी 'अ' कक्षा सं काव्या उरांव पहिल, अयांश केरकेट्टा दोसर आ वान्या कुमारी तेसरस्थान प्राप्त कयलनि। ओतहि नर्सरी 'ब' मे शिवांश ठाकुर पहिल, अन्या भगत दोसर आ आदित्य आर्यन उरांव तेसर स्थान प्राप्त कयलनि। विद्यालयक प्रशासक रघुवीर शर्मा सभ विजेता प्रतिभागी कें बधाई देलनि। ओ कहलनि जे बच्चा सभ मे प्रतियोगिताक प्रति उत्साह लगातार बढ़ि रहल अछि। प्रत्येक बच्चा कें एहि तरहक प्रतियोगिता मे भागलेबाक चाही। एहि सं बच्चा सभक प्रतिभा निखरैत अछि आ हुनकर आत्मविश्वास सेहो बढ़ैत अछि। विद्यालय परिवारक दिस सं सभ विजेता बच्चा सभ कें बधाई देल गेल आ हुनकर उज्ज्वल भविष्यककामना कयल गेल। शिक्षक सभ बच्चा सभक प्रयासक सराहना कयलनि। ओ कहलनि जे कविता-पाठ जेकां रचनात्मक गतिविधि बच्चा भक सर्वांगीण विकास मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि।

बीएसएल मे ठेका श्रमिक सभ कें आब नियुक्ति पत्र बिना नहि भेटत गेटपास

बोकारो,समदिया



बोकारो इस्पात संयंत्र मे ठेका श्रमिक सभक लेल नव नियम लागू होयत। एहि नियमक अंतर्गत 9 नवंबर 2026 सं गेटपास बनयबाक वा नवीनीकरण करयबाक लेल नियुक्ति पत्र अनिवार्य होयत।बोकारो इस्पात संयंत्र मे ठेका श्रमिक सभक नव गेटपास बनयबाक लेल नियुक्ति पत्र अनिवार्य कए देलगेल अछि। बिना नियुक्ति पत्रक आब कोनो ठेका श्रमिकक नव गेटपास नहि बनत। ई नियम 9 नवंबर2026 सं प्रभावी होयत।नव नियमक दायरा मे बीएसएल मे कार्यरत ओ वर्तमान ठेका श्रमिक सेहो आबताह, जे बिना नियुक्ति पत्रक कंपनी मे काज कए रहल छथि। एहन ठेका श्रमिक सभक गेटपास नवीनीकरण लेल सेहो नियुक्तिपत्र अनिवार्य कए देल गेल अछि।प्रबंधन ई निर्णय ठेका श्रमिक सभक रोजगार सुरक्षा सुनिश्चित करबाक संग आर्थिक अनियमिततासमस्या दूर करबाक उद्देश्य सं लेने अछि।बोकारो इस्पात संयंत्र मे कोनो ठेका श्रमिकक नव गेटपास बनेबाक पहिने आब ठेका कंपनी कें आवेदकक्कगेटपास आवेदनक संग एकटा नियुक्ति पत्र बीएसएल प्रबंधन कें देबय पड़त। ई नियुक्ति पत्र संबंधितठेका श्रमिकक नाम सं जारी होयत। एकर मूल प्रति नव गेटपास बनबयवला ठेका श्रमिक कें आ छायाप्रतिबीएसएल प्रबंधन लग जमा रहत। नियुक्ति पत्र मे ठेका श्रमिकक नाम, जन्मतिथि, माता-पिताक नाम, आधार संख्या, प्रतिष्ठानक श्रम पहचान संख्या, पदनाम, रोजगारक प्रकार, कौशल श्रेणी, काज शुरू करबाक तिथि, मूल वेतन आ महंगाई भत्ता, आवास सहित अन्य लागू भत्ता, सामाजिक सुरक्षा लाभ, मातृत्व लाभक अंतर्गत भेटयवला सुविधा तथा यूएएन आईएसआईसी नंबरक पूरा विवरण दर्ज रहत।नियुक्ति पत्रक छायाप्रति पर नव ठेका श्रमिकक हस्ताक्षर वा अंगूठाक निशान लेबाक बाद प्राप्ति प्रमाणकरूप मे प्रबंधन लग जमा राखल जाएत। एहि सं ई स्पष्ट भए सकत जे नव गेटपास बनबयवला ठेकाश्रमिक कें संबंधित ठेका कंपनी काज शुरू करबाक पहिनहि नियुक्ति पत्र जारी कए देने अछि।

बेगूसराय मे सीआरपीएफ इंस्पेक्टरक घर सं 30 लाख रुपैया सं बेसीक चोरी

बेगूसराय, समदिया

बेगूसराय मे सीआरपीएफ इंस्पेक्टरक घर सं 30 लाख रुपैया सं बेसीक चोरीक घटना भेल अछि। घटना रतनपुर थाना क्षेत्रक पिपरा मोहल्लाक अछि। पीड़ित सीआरपीएफ इंस्पेक्टर बतौलनि जे हुनकर पदस्थापना कोलकाता मे छल। पांच महीना बाद आइ भोर मे जखन ओ घर पहुंचलाह तं चोरीक जानकारी भेटलनि।

पीड़ित राजकिशोर सिंह बतौलनि जे हुनकर मूल घर मनसेरपुर (बलिया) मे अछि। वर्ष 2004 मे पिपरा मोहल्ला मे मकान बनौने छलाह। पीड़ित इंस्पेक्टर बतौलनि जे ड्यूटीक सिलसिला मे 18 मई कें परिवारक अन्य सदस्य सभक संग घर मे नीक जकां ताला लगा क' कोलकाता चलि गेल छलाह। घर मे परिवारक कोनो सदस्य मौजूद नहि छलाह। घर सुनसान रहबाक फायदा उठा चोर सभ एहि पैघ चोरीक घटना कें बहुत चालाकी आ योजनाबद्ध तरीका सं अंजाम देलनि।

घटनाक खुलासा तखन भेल, जखन राजकिशोर सिंह अपन ड्यूटी सं मंगल भोर करीब चारि बजे आवास पर पहुंचलाह। मुख्य गेट खोललनि तं भीतरक गेट पर ताला लटकल छल आ दरवाजा सटल छल।



घरक भीतर गेलाक बाद जखन ओ स्थिति देखलनि तं पता चललनि जे भूतल पर स्थित मुख्य दरवाजाक ताला तोड़बाक प्रयास चोर सभ कयने छलाह। मुदा नीचांक कोनो कमराक ताला नहि टूटल छल आ ओतुक्का सभ सामान सुरक्षित छल।

एकर बाद जखन ओ ऊपर पहिल तल्ला पर पहुंचलाह तं देखलनि जे मुख्य गेट आ दू गोट कमराक ताला तोड़ल गेल छल।

बेटाक विवाह मार्च 2025 मे भेल छल, सभ दामी सामान घरे मे छल

पीड़ित बतौलनि जे हुनकर छोट बेटाक विवाह मार्च 2025 मे भेल छल। एहि कारणें घर मे विवाह सं जुड़ल सभ नव आ कीमती सामान राखल छल। छत पर सफाइ कयल गेल होयबाक निशान सेहो देखल गेल अछि।

पीड़ितक कहब अछि जे एहि घटना मे एहन कोनो व्यक्तिक हाथ भए सकैत अछि, जे हुनकर परिवार आ घरक भीतरी बनावट सं पूरा परिचित छल। कारण, पहिल तल्ला पर बनल मात्र दू गोट कमराक ताला तोड़ल गेल छल, जखनकि ओहि तल्ला पर हुनकर पैघ बेटाक एकटा कमरा सेहो अछि। ओहि कमरा मे ताला लागल छल, मुदा चोर सभ ओकर ताला तोड़बाक वा खोलबाक कोनो प्रयास तक नहि कयलनि।

पीड़ित कहलनि- आरोपित सभ कें पहिने सं जानकारी छल जे कोन सामान कतय राखल अछि

एहि घटना सं लगैत अछि जे चोर सभ कें पहिने सं सटीक जानकारी छल जे घरक सभ मुख्य आ कीमती सामान कोन कमरा मे राखल अछि। राजकिशोर सिंह बतौलनि जे बेटाक विवाह मार्च 2025 मे भेल छल। परिवार मे बेमारी आ अन्य स्वास्थ्य संबंधी समस्या सभक कारण किछु एहन परिस्थिति उत्पन्न भए गेल छल, जाहि कारण ई सामान घरहि मे रहि गेल छल। ओ कहला जे ओ कहियो घर मे किरायेदार नहि रखने छलाह। पीड़ितक पत्नी किरण देवी बतौलनि जे घटनाक जानकारी भेटलाक बाद ओ कतेको बेर फोन कयलनि। करीब एक घंटा बाद डायल-112 केर पुलिस टीम घटनास्थल पर पहुंचल। पुलिसकर्मी सभ अयलाक बाद जखन ओ हुनका सभ कें घर मे भेल चोरी आ टूटल ताला संबंधी जानकारी देलनि तं ओतय पहुंचल एक महिला कांस्टेबल बात टारबाक प्रयास करैत कहलनि जे हमर घर मे सेहो चोरी भेल छल, अहांक घर मे तं कुंडी अछि, हमर घरक कुंडी काटि लेल गेल। पुलिसकर्मी सभ घटनास्थल पर दुनू कमराक वीडियोग्राफी कयलनि आ फोटो खींचलनि। थाना पर बजाओल गेल अछि। ओकरा बाद औपचारिक रूप सं प्राथमिकी दर्ज कयल जाएत। पीड़ित परिवार पुलिस सं मांग कयने अछि जे एहि मामिलाक उच्चस्तरीय निष्पक्ष जांच कयल जाए, आसपासक सभ सीसीटीवी फुटेज खंगालल जाए आ शीघ्र चोर सभ कें गिरफ्तार क' एहि पैघ घटनाक खुलासा कयल जाए।

बिहारशरीफक सुभाष पार्क मे भोरका टहलनाइ आ योग पर रोक



नालंदा, समदिया

ठंडक आहट लगिते बिहारशरीफ शहरक सुभाष पार्क मे भोरका सैर आ योग करयवला लोकनिक परेशानी बढ़ि गेल अछि। पार्क प्रबंधन मंगलदिन अनचोके निर्णय लैत भोर मे निःशुल्क प्रवेशक समय घटा क' 7 बजे तक सीमित क' देलक। एहि सं पहिने लोक सभ कें भोर 8 बजे तक निःशुल्क प्रवेशक सुविधा भेटैत छल।

अनचोके लागू कयल गेल एहि नियमक विरोध मे भोर मे पार्क पहुंचल शहरवासी सभ मुख्य गेट पर जमि क' अपन नाराजगी जतौलनि आ प्रवेशक समय बढ़ा क' भोर 9 बजे तक करबाक मांग उठौलनि।

सूर्योदय देरी सं, अन्हारक कारण नहि निकलि पबैत छथि लोक

पार्क पहुंचल स्थानीय निवासी राकेश कुमार, सुजीत कुमार, नीरज कुमार, अच्युतानंद पांडेय आ शिशुपाल कुमार बतौलनि जे जाड़क मौसिम मे सूर्योदय करीब 6:15 बजे होइत अछि। भोर मे अन्हार रहबाक कारण बुजुर्ग आ महिला सभ सुरक्षा के दृष्टिकोण सं घर सं बाहर निकलय मे संकोच करैत छथि।

शहर मे पहिने सेहो चेन आ मोबाइल छिनतईक घटना भए चुकल अछि। एहि कारण लोक उज्जर भेलाक बादे घर सं बाहर निकलैत छथि। पार्क पहुंचय मे लगयवला समयक बाद योग आ सैर लेल मात्र 15 सं 20 मिनट बचैत अछि। एहन स्थिति मे 7 बजे गेट बंद क' देब पूर्ण रूपें अव्यावहारिक अछि।

शहरवासी सभक कहब अछि जे सुभाष पार्कक निर्माण आम नागरिक सभ कें स्वास्थ्य लाभ आ सैर-सपाटाक सुविधा देबाक उद्देश्य सं कयल गेल छल। गरमीक दिन मे जखन 8 बजे तक प्रवेश भेटैत छल, तं जाड़ मे सूर्योदय देरी सं होयबाक कारण एहि समयावधि कें घटेबाक बदला बढ़ाओल जेबाक चाही।

नागरिक सभ मांग कयने छथि जे जाड़क मौसिम कें देखैत भोर 6 बजे सं 9 बजे तक निःशुल्क प्रवेशक व्यवस्था सुनिश्चित कयल जाए, जाहि सं लोक बिना कोनो हड़बड़ीक व्यायाम क' सकथि।

ओम्हर, नालंदा वन प्रमंडलक रेंज ऑफिसर सत्येंद्र प्रसाद बतौलनि जे पार्क मे वर्तमान समय-सारिणी विभागीय आदेशक अंतर्गत लागू कयल गेल अछि। शहरवासी सभक दिस सं समय बढ़ेबाक मांग आयल अछि। नागरिक सभक एहि समस्या आ मांग सं वरिष्ठ पदाधिकारी सभ कें अवगत कराओल जाएत। उच्चस्तर पर समय मे बदलाव करबाक जे निर्णय लेल जाएत, तकर सूचना देल जाएत।

अग्निशमन कर्मी विद्यालयक बच्चा सभ कें आगि सं बचावक उपाय बतौलनि



पित्तौझीया, समदिया

प्रखंडक मध्य विद्यालय पित्तौझीया मे सोमदिन आगि सं बचाव आ सुरक्षाक लेल विशेष जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। एहि मे कक्षा एक सं आठिम तकक छात्र-छात्रा आ शिक्षक सभ कें आगि लगबाक आपातकालीन परिस्थिति सं निपटबाक तरीका बताओल गेल। अग्निशमन विभागक टीम विभिन्न कारण सं लगयवला आगि पर काबू पयबाक घरेलू आ तकनीकी उपाय सभक व्यावहारिक प्रदर्शन कयलक। कार्यक्रम मे प्रधान अग्निक रवि कुमार, अग्निक चालक लालबाबू, अग्निक रितेश कुमार आ बीएचजी मुकेश कुमार गैस सिलेंडर मे आगि लगला, शॉर्ट सर्किट आ अन्य कारण सं आगि लगबाक स्थिति मे बचावक तरीका बुझौलनि। ओ सभ बतौलनि जे एहन घटना के दौरान घबरयबाक बदला सूझबूझ सं काज लेबाक चाही आ तत्काल आपातकालीन सेवा सभक सहायता लेबाक चाही। प्रधानाचार्य अखिलेश कुमार कहलनि जे किताबी ज्ञानक संग बच्चा सभ कें आपदा प्रबंधन आ सुरक्षाक व्यावहारिक ज्ञान देब जरूरी अछि।

वीरवास-कपसिया पीपा पुल 10 नवंबर धरि होयत चालू, मधेपुरा पहुंचबाक दूरी 70 किलोमीटर घटत

पसराहा, समदिया

कोसी नदीक जलस्तर घटला आ बहाव सामान्य भेलाक बादो वीरवास-कपसिया पीपा पुल पर आवागमन शुरू नहि भए सकल अछि। विभागीय शिथिलताक कारण पुल चालू होयबा मे भए रहल देरी सं दुनू जिलाक सीमावर्ती क्षेत्रक करीब एक लाख लोक कें परेशानी भोगय पड़ि रहल अछि। हालांकि, आब लोक कें बेसी इंतजार नहि करय पड़तनि। गोगरीक अनुमंडल पदाधिकारी संजय कुमार बतौलनि जे पुल निगमक दिस सं 10 नवंबर तक पीपा पुल चालू क' देल जाएत। एखन पुल कें फेर सं जोड़बाक आ आवागमन शुरू करबाक तैयारी चलि रहल अछि।



दरअसल, कोसी नदी मे लगातार बढ़ैत जलस्तर आ तेज बहाव कें देखैत पुल निर्माण विभागक वरिष्ठ अभियंताक निर्देश पर 15 जून सं 15 नवंबर तक पीपा पुल पर आवागमन बंद रखबाक निर्णय लेल गेल छल। सुरक्षाक दृष्टिकोण सं पुल कें अस्थायी रूप सं हटा लेल गेल छल, जाहि सं तेज बहावक कारण पुल कें नोकसान नहि पहुंचल आ कोनो दुर्घटनाक आशंका नहि रहय। मुदा आब नदीक जलस्तर घटलाक बादो पुल चालू करय मे भए रहल देरी सं ग्रामीण सभक परेशानी बढ़ि गेल अछि। पहिने नवंबर मे आवागमन शुरू होयबाक उम्मीद छल। आब एसडीओ 10 नवंबर तक पुल चालू होयबाक समयसीमा बतौलनि अछि।

स्थानीय वार्ड सदस्य मिथिलेश कुमार बतौलनि जे जलस्तर सामान्य होयला आ नदीक बहाव कम भेलाक बाद एखन धरि पुल पर आवागमन शुरू भए जेबाक चाहैत छल। पुल कें फेर सं जोड़बाक काज धीरे-धीरे कयल जा रहल अछि। हुनका सभ कें उम्मीद अछि जे निर्धारित समय तक पुल चालू भए जाएत।

ओम्हर, पूर्व मुखिया सह जदयू जिलाउपाध्यक्ष पृथ्वीचंद्र सिंह आ देवठा मुखिया आलोक कुमार कहलनि जे पीपा पुल चालू भेला सं दुनू जिलाक सीमावर्ती गांवक लोक कें पैघ राहति भेटतनि। रोजमर्राक काज लेल लोक कें नावक सहारा नहि लेब पड़तनि। किसानक संग छात्र, रोगी आ व्यापारी सभ सेहो सीधे लाभान्वित होयताह। गोगरीक अनुमंडल पदाधिकारी संजय कुमार बतौलनि जे पुल निगमक दिस सं 10 नवंबर तक वीरवास-कपसिया पीपा पुल चालू क' देल जाएत। सुरक्षा कें ध्यान मे रखैत पुल कें फेर सं जोड़बाक तैयारी जोर-शोर सं चलि रहल अछि। आवागमन शुरू होयबाक पहिने जरूरी सुरक्षा व्यवस्था सुनिश्चित कयल जाएत। फिलहाल प्रशासन लोक सभ सं पुल पर आवागमन शुरू होयबा तक सावधानी बरतबाक अपील कयने अछि।

आपदा प्रबंधन मंत्री रत्नेश सदा लाभुक सभ कें बांटलनि सहायता राशि, चेक देलनि



पूर्णिया, समदिया

बिहारक आपदा प्रबंधन मंत्री आ पूर्णियाक प्रभारी मंत्री रत्नेश सदा सोमदिन 20 सूत्री क्रियान्वयन समितिक बैठक मे शामिल होयबाक लेल पूर्णिया पहुंचलाह। बैठक सं पहिने समाहरणालय परिसर मे आयोजित कार्यक्रम मे ओ लाभुक सभ कें सहायता राशि के चेक बांटलनि।

चेक आपदा पीड़ित परिवार, दिव्यांगजन आ सामाजिक सुरक्षा योजनाक लाभुक सभ कें देल गेल। प्राकृतिक आपदा आ सड़क दुर्घटना मे मृत लोकनिक आश्रित सभ कें अनुग्रह अनुदान देल गेल। अंतरजातीय विवाह प्रोत्साहन योजनाक लाभुक सभ कें आर्थिक सहायता देल गेल। दिव्यांगजन सभ कें निर्धारित सहायता राशि देल गेल।

मंत्री कहलनि जे बिहार सरकार समाजक आखरी पांति मे ठाढ़ लोक आ संकट मे पड़ल परिवार सभक सहायता लेल प्रतिबद्ध अछि।

कार्यक्रम मे भवन निर्माण मंत्री लेशी सिंह, जिलाधिकारी अंशुल कुमार, पूर्णिया सदर सहित अलग-अलग विधानसभा क्षेत्रक विधायक, नगर निगमक महापौर, नगर आयुक्त, उप विकास आयुक्त आ अनुमंडल पदाधिकारी उपस्थित छलाह। अन्य जनप्रतिनिधि आ अधिकारी सभ सेहो कार्यक्रम मे शामिल भेलाह।

विविध

प्रतिदिन कतेक प्रोटीन खेबाक चाही? उम्रक हिसाबे बुझू शरीरक आवश्यकता

प्रोटीनक बात अबैतहि लोक एकरा सीधा वजन घटेबा वा मांसपेशी बनेबाक संग जोड़ैत छथि, मुदा शरीर मे एकर कतेको महत्वपूर्ण भूमिका होइत अछि। जरूरी अछि जे अहां प्रतिदिन सही मात्रा मे प्रोटीन ग्रहण करी। एहि विषय मे पोषण विशेषज्ञक राय जानू। शरीर मे प्रोटीनक जरूरत पूरा करबाक मामिला मे लोक प्रायः लापरवाही करैत छथि। दरअसल, अधिकांश भारतीयक भोजन मे प्रोटीन कें बेसी महत्व तखन देल जाइत अछि, जखन ओ वजन घटेबाक वा मांसपेशी कें मजबूत बनेबाक प्रयास करैत छथि। मुदा शरीर कें एहि पोषक तत्वक जरूरत एहि सभ सं बेसी होइत अछि। एकरे संग लोक प्रोटीनक मात्रा लए सेहो असमंजस मे रहैत छथि। ई बुझब बहुत जरूरी अछि जे प्रोटीनक ग्राम सं आशय कोनो खाद्य पदार्थ मे मौजूद प्रोटीनक मात्रा सं होइत अछि, ने कि ओहि खाद्य पदार्थक कुल वजनसं। जेना, एकटा अंडाक वजन लगभग 60 ग्राम



भए सकैत अछि, मुदा एहि मे मात्र 6 सं 8 ग्राम प्रोटीन होइत अछि।

प्रोटीन हमर शरीर मे मांसपेशी बनेबाक अतिरिक्त आओर कोन-कोन काज लेल जरूरी होइत अछि? कोन उम्र मे ई शरीर लेल की काज करैत अछि? गर्भावस्था सं लए स्वस्थ वयस्क धरि सभ कें प्रतिदिन कतेक प्रोटीनक जरूरत होइत अछि आ प्रोटीनक आवश्यकता कोन-कोन कारक पर निर्भर करैत अछि?

पोषण विशेषज्ञ गीतिका चोपड़ा कहैत छथि जे प्रोटीन हमर शरीर लेल मात्र मांसपेशी बनाबय धरि सीमित नहि अछि, बल्कि ई मांसपेशीक मरम्मत, रोग प्रतिरोधक क्षमता, हार्मोन, एंजाइम आ समग्र विकास मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि। हुनकर कहब अछि जे ओ अपन ग्राहक सभ कें सदिखन बुझबैत छथि जे प्रत्येक उम्र मे प्रोटीनक जरूरत अलग-अलग होइत अछि। बच्चा सभ कें शारीरिक विकास आ बढ़ोत्तरी लेल, किशोर-किशोरी सभ कें यौवनावस्थाक दौरान मांसपेशी आ ऊतकक विकास लेल तथा वयस्क लोकनि कें मांसपेशी कें बनौने रखबाक संग शरीरक मरम्मत लेल प्रोटीनक आवश्यकता होइत अछि।

गीतिका चोपड़ा बतौलनि जे जं उम्रक हिसाबे प्रोटीनक सामान्य जरूरतक बात करी तं स्वस्थ वयस्क लोकनि कें शरीरक प्रति किलोग्राम वजन पर प्रतिदिन कम-सं-कम 0.8 ग्राम प्रोटीन ग्रहण करबाक चाही। एकरा एहि तरहें बुझल जा सकैत अछि जे जं कोनो वयस्क व्यक्तिक वजन 60 किलोग्राम अछि तं हुनका प्रतिदिन लगभग 48 ग्राम प्रोटीनक जरूरत होयतनि। बुजुर्ग लोकनि मे उम्र बढ़बाक संग मांसपेशी घटय लगैत अछि। एहि कारणें हुनका सभ कें शरीरक प्रति किलोग्राम वजन पर 1 सं 1.2 ग्राम प्रोटीनक जरूरत भए सकैत अछि। हालांकि, एहि लेल ई देखब जरूरी अछि जे गुर्दाक काज करबाक क्षमता केहन अछि आ हुनकर शरीर तथा स्वास्थ्यक स्थिति अनुसार एतेक प्रोटीन लेब उचित अछि वा नहि। एही तरहें गर्भवती आ स्तनपान कराबयवाली माय सभ कें प्रतिदिन लगभग 71 ग्राम प्रोटीनक जरूरत भए सकैत अछि। विशेषज्ञ कहैत छथि जे प्रोटीनक जरूरत मात्र उम्रक आधार पर तय नहि कयल जा सकैत अछि। एहि लेल शरीरक वजन, प्रतिदिन कयल जायवला शारीरिक गतिविधि, स्वास्थ्य संबंधी स्थिति आ जीवनशैली सेहो महत्वपूर्ण होइत अछि।

एम्स राजकोट मे आधुनिक कैंसर उपचार सुविधा शुरू, 1.54 करोड़ लोकनि होयताह लाभान्वित



एम्स राजकोट मे आधुनिक कैंसर उपचार सुविधा शुरू कयल गेल अछि। केंद्रीय मंत्री जे.पी. नड्डा उन्नत रेडियोथेरेपी सुविधा (एडवांस्ड रेडियोथेरेपी फैसिलिटी) के उद्घाटन कयलनि। एहि सुविधा सं करोड़ो लोकनि लाभान्वित होयताह।

केंद्रीय स्वास्थ्य मंत्री जे.पी. नड्डा गुजरात स्थित एम्स राजकोट मे उन्नत रेडियोथेरेपी सुविधा (एडवांस्ड रेडियोथेरेपी फैसिलिटी) के उद्घाटन कयलनि। एहि आधुनिक सुविधा सं क्षेत्रक कैंसर रोगी सभ कें नीक उपचार उपलब्ध भए सकतनि। स्वास्थ्य सेवा के मजबूत बनेबाक लेल कैंसर उपचार सं जुड़ल आधुनिक सुविधापर करीब 39 करोड़ रुपैया निवेश कयल गेल अछि। एहि सं प्रधानमंत्री स्वास्थ्य सुरक्षा योजना के अंतर्गत गंभीर बेमारी सभक उपचार सुविधा आओर मजबूत होयत। एम्स राजकोट मे शुरू कयल गेल एहि सुविधा सं करीब 1.54 करोड़ लोकनि लाभान्वित होयताह। एतय प्रतिवर्ष 500 सं 700 कैंसर रोगीक उपचार कयल जा सकतनि। आधुनिक रेडियोथेरेपी तकनीक सं कैंसर रोगी सभ कें नीक उपचार उपलब्ध करयबा मे सहायता भेटत। जे.पी. नड्डा एहि अवसर पर प्रत्येक नागरिक धरि नीक आ सुलभ कैंसर उपचार पहुंचयबाक प्रतिबद्धता दोहरौलनि।

37.7 करोड़ लोकक भए चुकल अछि मुंहक कैंसरक जांच

केंद्रीय स्वास्थ्य मंत्री एम्सक विस्तारक संग देशभरि कैंसरक शुरूआती पहचान लेल जांच अभियान के मजबूत बनेबाक आवश्यकता पर जोर देलनि। ओ बतौलनि जे एखन धरि देश मे 37.7 करोड़ लोकक मुंहक कैंसरक जांच कयल जा चुकल अछि। कैंसरक समय पर पहचान भेला सं रोगी सभ कें उचित समय पर उपचार उपलब्ध करयबा मे सहायता भेटि सकैत अछि।

आयुष्मान आरोग्य मंदिर सं मजबूत भए रहल स्वास्थ्य सेवा

केंद्रीय स्वास्थ्य सचिव पुण्या सलिला श्रीवास्तव राष्ट्रीय स्वास्थ्य नीति 2017 के अंतर्गत व्यापक स्वास्थ्य सेवा उपलब्ध करयबाक प्रयासक उल्लेख कयलनि। ओ बतौलनि जे देश मे 1.8 लाख सं बेसी आयुष्मान आरोग्य मंदिरक माध्यम सं लोक धरि स्वास्थ्य सेवा पहुंचाओल जा रहल अछि। एकर अतिरिक्त कैंसरक दवा किफायती बनेबाक लेल सेहो कतेको कदम उठाओल गेल अछि।

गुजरात सरकारक स्वास्थ्य राज्यमंत्री प्रफुल्ल पानशेरिया एम्स राजकोट मे आधुनिक रेडियोथेरेपी सुविधा शुरू होयबाक स्वागत कयलनि। ओ क्षेत्र मे स्वास्थ्य सेवा मजबूत बनेबाक प्रयास लेल प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी के प्रति आभार व्यक्त कयलनि।

आगा रुहुल्लाहक इस्तीफा आ अपनहि विधायक सभक रोष सं घेरला उमर अब्दुल्लाह







श्रीनगर, एजेंसी

जम्मू–कश्मीरक मुख्यमंत्री उमर अब्दुल्लाह अपनहि दल नेशनल कॉन्फ्रेंसक भीतर बढ़ैत असंतोष आ वरिष्ठ नेता तथा श्रीनगरक सांसद आगा सैयद रुहुल्लाहक इस्तीफा सं पैघ राजनीतिक संकट मे घेराइत देखाइत छथि। पार्टीक भीतर एक दिस 17 विधायक नेतृत्वक कार्यशैली पर सवाल उठबैत 15 दिनक समय देने छथि, तं दोसर दिस सांसद रुहुल्लाह पार्टी छोड़बाक निर्णय लैत नव राजनीतिक दल गठित करबाक संकेत देने छथि। समाचार एजेंसी पीटीआईक अनुसार, रुहुल्लाह कहलनि जे ओ सत्ता लेल अपन सम्मान सं समझौता नहि कए सकैत छथि। ओ पहिनहि 3 नवंबर कें पार्टी छोड़बाक घोषणा कयने छलाह। उल्लेखनीय अछि जे हुनकर पिता सैयद आगा मेहदी मुस्तफा 3 नवंबर 2000 के चरमपंथी सभक हाथे मारल गेल छलाह। 26 वर्ष बाद रुहुल्लाह एहि तिथिये नेशनल कॉन्फ्रेंस सं अलग होयबाक निर्णय लेलनि। उमर अब्दुल्लाह सरकार अपन कार्यकालक दू वर्ष पूरा कए चुकल अछि। मुदा हालक मंत्रिमंडल विस्तारक बाद पार्टीक भीतर असंतोष खुलि कए सोझां आयल। 27 अक्तूबर के मंत्रिमंडल मे अली मोहम्मद सागर, मीर सैफुल्लाह, शमीमा फिरदौस आ अल्ताफ अहमद वानी के शामिल कयल गेल। एकर बाद पार्टीक किछु विधायक आ वरिष्ठ नेता अपन उपेक्षा होयबाक आरोप लगौलनि। 30 अक्तूबर के पार्टीक 17 असंतुष्ट विधायक श्रीनगर मे करीब चारि घंटा धरि बैसार कयलनि। बैसारक बाद नेतृत्व के शिकायत दूर करबाक लेल 15 दिनक समय देलनि। विधायक सभक आरोप अछि जे पार्टी मे एकतरफा निर्णय लेल जा रहल अछि आ किछुए लोकक इच्छानुसार संगठन चलाओल जा रहल अछि। छह बेर विधायक रहल मुबारक गुल आ अनंतनाग पश्चिमक विधायक अब्दुल मजीद लारनी मंत्रिमंडल मे स्थान नहि भेटबाक लेल खुलि कए नाराजगी व्यक्त कयलनि। नव मंत्रिमंडल मे मुख्यमंत्री सहित सात मंत्री कश्मीर घाटी सं छथि, जखन कि जम्मू क्षेत्र सं दू मंत्री बनाओल गेल छथि। एहि मे उपमुख्यमंत्री सुरिंदर कुमार चौधरी सेहो शामिल छथि। पार्टी नेतृत्व विधायक सभक सार्वजनिक नाराजगी के अपन आंतरिक लोकतंत्रक उदाहरण बतौने अछि।

नेशनल कॉन्फ्रेंस मे गहरायल राजनीतिक संकट

चुनावी वादा सं पाछू हटबाक आरोप : श्रीनगरक सांसद रुहुल्लाह मुख्यमंत्री उमर अब्दुल्लाह पर 2024 विधानसभा चुनाव मे जनता सं कयल गेल वादा पूरा नहि करबाक आरोप लगौलनि। ओ कहलनि जे नेशनल कॉन्फ्रेंस जनादेशक भावना के पूरा करबा मे विफल रहल अछि। 2024क विधानसभा चुनाव मे नेशनल कॉन्फ्रेंस 42 सीट जीतने छल, जखन कि भाजपा 29 सीट जीतिकए दोसर स्थान पर रहल। भाजपा के सभ सीट जम्मू क्षेत्र सं भेटल छल। नेशनल कॉन्फ्रेंस अपन घोषणापत्र मे अनुच्छेद 370 आ जम्मू–कश्मीरक विशेष संवैधानिक अधिकार फेर बहाल करबाक लेल संघर्ष, बिजली परियोजना राज्य के हस्तांतरित करबाक, प्रत्येक घर के 200 यूनिट मुफ्त बिजली देबाक आ एक लाख युवा के रोजगार देबाक वादा कयने छल। मुदा एहि मे बेसी वादा एखन धरि पूरा नहि भए सकल अछि। उमर अब्दुल्लाह अपन सरकारक सीमित उपलब्धिक बचाव करैत कहने छथि जे केंद्रशासित प्रदेशक मुख्यमंत्री होयबाक कारण हुनका अधिकार सीमित अछि। पार्टीक एक विधायक नाम नहि प्रकाशित करबाक शर्त पर कहलनि जे आब मतदाता सभ अपनहि विधायक सभक मजाक उड़बैत छथि। जखन मुफ्त बिजली सन बुनियादी वादा पूरा करब संभव नहि भए' रहल अछि, तं पैघ वादा केना पूरा होयत?

नेतृत्वक कार्यशैली पर सवाल : सेंट्रल यूनिवर्सिटी ऑफ कश्मीरक सामाजिक विज्ञान विभागक पूर्व डीन प्रोफेसर नूर अहमद बाबा कहैत छथि जे नेशनल कॉन्फ्रेंस के कश्मीर मे भाजपा विरोधी जनभावनाक लाभ भेटल आ ओ सत्ता मे आयल। मुदा दू वर्षक भीतर पार्टी एहन स्थिति मे पहुंचि गेल अछि, जतय रुहुल्लाह चुनावी वादा सभक मुद्दा उठा रहल छथि आ पार्टी नेतृत्व हुनका सं दूरी बना रहल अछि। हुनका अनुसार, रुहुल्लाहक संग पार्टी नेतृत्वक व्यवहार उचित नहि रहल। एहि कारण संगठनक छवि घमंडी आ लापरवाह बनल अछि। ओ मानैत छथि जे पार्टीक भीतर बढ़ैत खींचतान सं कश्मीरक क्षेत्रीय दल सभ मे आओर टूट होयबाक आशंका अछि, जाहि सं भाजपा के लाभ भेटि सकैत अछि। पार्टीक एक अन्य विधायक आरोप लगौलनि जे मुख्यमंत्रीक चारू कात किछु खास नेता आ मित्रक घेरा बनि गेल अछि। एहि मे अधिकांश लोक चुनाव सेहो नहि जीतने छथि, मुदा पार्टीक निर्णय मे हुनकर प्रभाव बेसी अछि। जखन कि वर्षो धरि संगठन लेल काज करयवला वरिष्ठ नेता सभक उपेक्षा भए' रहल अछि।

सरकार पर तत्काल खतरा नहि, मुदा चुनौती गंभीर : जम्मू विश्वविद्यालयक राजनीति विज्ञान विभागक पूर्व प्रोफेसर रेखा चौधरीक मानब अछि जे फिलहाल उमर सरकार पर कोनो तत्काल खतरा नहि अछि। असंतुष्ट विधायक सभक पार्टी छोड़बाक संभावना सेहो कम अछि। मुदा हुनका अनुसार, नेशनल कॉन्फ्रेंसक इतिहास मे एतेक खुलि कए असंतोष व्यक्त होयब असामान्य अछि। ओ कहैत छथि जे एहि संकटक लाभ भाजपा संगहि पीडीपी के सेहो भेटि सकैत अछि। असंतुष्ट विधायक सभ मे मुबारक गुल आ वरिष्ठ नेता नजीर गुरेजी सेहो शामिल छथि। एहि नेता सभ 4 नवंबर के प्रेस कॉन्फ्रेंस करबाक घोषणा कयने छथि। एहि बीच नेशनल कॉन्फ्रेंस अध्यक्ष फारूक अब्दुल्लाह रुहुल्लाह के अपन निर्णय बदलबाक लेल मनाबय के सुझाव अस्वीकार कए देलनि। ओ हुनका अपन बल पर चुनाव लड़बाक चुनौती सेहो देलनि। मुख्यमंत्री उमर अब्दुल्लाह आ हुनकर पिता फारूक अब्दुल्लाह दुनू एहि विवाद पर अपन रुख स्पष्ट कए चुकल छथि। प्रोफेसर बाबा मानैत छथि जे पार्टीक भीतरक मतभेदक असरि आगू चलि कए कश्मीरक राजनीति पर पड़त। हुनकर अनुसार, बहुत किछु देशक राजनीति आ जम्मू–कश्मीर मे भरोसेमंद राजनीतिक विकल्पक उपलब्धता पर निर्भर करत। फिलहाल सवाल ई अछि जे उमर अब्दुल्लाह अपनहि दलक भीतर उठल असंतोष केना दूर करैत छथि आ चुनावी वादा पूरा करबाक दिशा मे कोन ठोस पहल करैत छथि। पार्टीक भीतर बढ़ैत नाराजगी हुनका लेल आगामी समय मे पैघ राजनीतिक चुनौती बनि सकैत अछि।

प्रदर्शन स्थल पर हमेशा कब्जा नहि कए सकैत अछि कोनो संगठन, किसान-मजदूर आ ट्रेड यूनियन कतय जेताह : सीजेआइ

अक्तूबर मे भेल प्रदर्शन सं जुड़ल याचिका सभ पर सीजेआइ केलनि सुनवाइ

नई दिल्ली, एजेंसी

सर्वोच्च न्यायालय मंगलदिन (3 नवंबर) स्पष्ट शब्द मे कहलनि जे कोनो संगठन, व्यक्ति अथवा प्रदर्शनकारी विरोध–प्रदर्शनक कोनो स्थल पर अनिश्चित काल धरि कब्जा नहि जमा सकैत अछि। एहन स्थल पर एकटा निश्चित समय धरि मात्र प्रदर्शन कयल जा सकैत अछि, जाहि सं दोसर समूह सभके सेहो अपन बात रखबाक अवसर भेटय। मुख्य न्यायाधीश (सीजेआइ) न्यायमूर्ति सूर्यकांत, न्यायमूर्ति जॉयमाल्या बागची आ न्यायमूर्ति वी. मोहनाक पीठ दिल्ली मे मुख्य निर्वाचन आयुक्त ज्ञानेश कुमारक विरुद्ध अक्तूबर मे भेल प्रदर्शन सं जुड़ल याचिका सभ पर सुनवाइ कए रहल छल। एहि दौरान पीठ प्रदर्शन स्थल पर सभक समान अधिकारक सवाल उठौलक। मुख्य न्यायाधीश कहलनि जे अहां कोनो खास स्थल पर अनिश्चित काल धरि कब्जा नहि कए सकैत छी, किएक तं दोसर प्रदर्शनकारी सेहो छथि। किसान कतय जेताह? मजदूर कतय जेताह? ट्रेड यूनियन कतय जेतै? बेघर लोक कतय जेताह? सभके विरोध करबाक अधिकार अछि।'



विरोधक अधिकार संग आजीविकाक अधिकार सेहो जरूरी : सुनवाईक दौरान सर्वोच्च न्यायालय प्रदर्शनक कारण दिहाड़ी मजदूर सभक आजीविका पर पड़ल असरि पर सेहो चिंता व्यक्त कयलक। न्यायमूर्ति सूर्यकांत कहलनि जे संविधान विरोध करबाक अधिकार देइत अछि, तहिना व्यापार आ जीविकोपार्जन करबाक अधिकार सेहो मान्यता प्राप्त अछि। व्यापारक अर्थ मात्र व्यावसायिक प्रतिष्ठान नहि, बल्कि दिहाड़ी मजदूर सभक रोजी–रोटी सेहो अछि। एहन मजदूर अपन परिवारक भरण–पोषण लेल कतय जेताह? ओ कहलनि जे अलग–अलग मुद्दा पर प्रदर्शन करयवला समूह सभक दाबी एक–दोसरा सं टकरा सकैत अछि। एकटा अथवा दूटा स्थल पर सभके विरोध करबाक अधिकार अछि। कोनो संगठन मात्र एहि आधार पर दोसर समूह के रोकि नहि सकैत अछि जे ओ पहिनहि ओहि स्थल पर कब्जा जमा लेने अछि।


व्यापारिक गतिविधि बाधित होयबाक शिकायत : दरअसल, पीठ किराना कमेटी दिल्ली सहित कतेको याचिका पर सुनवाइ क' रहल छल। याचिका मे रामलीला मैदान मे प्रदर्शनक कारण आसपासक व्यापारिक गतिविधि प्रभावित होयबाक आरोप लगाओल गेल अछि। व्यापारिक संगठनक अतिरिक्त सामूहिक हिरासत, पुलिसक कथित बर्बरता, मेट्रो स्टेशन बंद करबाक आ इंटरनेट सेवा पर रोक लगयबाक मामिला सेहो न्यायालयक विचाराधीन अछि। व्यापारी सभक पक्ष राखैत वरिष्ठ अधिवक्ता मुकुल रोहतगी कहलनि जे प्रदर्शन स्थल लगपासक क्षेत्र मे करीब 50 लाख लोक रहैत छथि। प्रदर्शनक दिन सभटा दोकान बंद रहल आ कनॉट प्लेस मे सन्नाटा पसरल छल। पीठ व्यापारिक संगठन सभके निर्देश देलक जे ओ अपन याचिका मे मुख्य निर्वाचन आयुक्तक विरुद्ध प्रदर्शन आयोजित करयवला संगठन सभके सेहो पक्षकार बनाबथि। न्यायालय कहलनि जे सभ संबंधित पक्ष के मामिला मे शामिल कयने बिना एहि विवाद पर निर्णय देब संभव नहि अछि। उल्लेखनीय अछि जे 15 अक्तूबर के एहि पीठ मतदाता सूची सं बड़का संख्या मे नाम हटेबाक आ विशेष गहन पुनरीक्षण (एसआइआर) मे अनियमितताक आरोप संबंधी राहुल गांधी आ 12 विपक्षी नेता सभक याचिका पर निर्वाचन आयोग सहित अन्य पक्ष सं जवाब मंगने छल। सर्वोच्च न्यायालयक एहि टिप्पणी सं स्पष्ट अछि जे लोकतंत्र मे विरोध–प्रदर्शनक अधिकार महत्वपूर्ण अछि, मुदा एकर प्रयोग दोसर नागरिकक आजीविका, व्यापार आ समान अधिकार के बाधित क' नहि कयल जा सकैत अछि।

नेपाल मे दू हेलीकॉप्टर आपस मे टकरायल

दुर्घटनाग्रस्त भेला दुनू विमान, एक भारतीयक मृत्यु

एवरेस्ट क्षेत्रक फेरचे मे लैंडिंगक दौरान भेल दुर्घटना, एक व्यक्ति घायल

काठमांडू, एजेंसी



नेपालक माउंट एवरेस्ट क्षेत्र मे मंगलदिन भोर एकटा पैघ हेलीकॉप्टर दुर्घटना भेल। सोलुखुंबू जिलाक फेरचे मे उतारबाक प्रयासक दौरान दूटा छोट हेलीकॉप्टर आपस मे टकरा गेल। एहि दुर्घटना मे एक भारतीय नागरिकक मृत्यु भए गेल, जखन कि एक अन्य व्यक्ति घायल भेल छथि। अधिकारी सभक अनुसार, ई दुर्घटना एवरेस्ट क्षेत्रक बफीर्ला इलाका मे भेल। पुलिस समाचार एजेंसी एएफपी कें बतौलक जे दुनू हेलीकॉप्टर एकहि समय उतारबाक प्रयास कए रहल छल, तखने आपस मे टकरा गेल आ दुर्घटनाग्रस्त भए गेल। टक्कर एतेक जोरदार छल जे दुनू हेलीकॉप्टरक परखच्ची उड़ि गेल। सोलुखुंबू जिला पुलिस प्रभारी नवीन राजा बुढाथोकी कहलनि जे एकटा विदेशी नागरिकक घटनास्थले मृत्यु भए' गेल अछि, जखन कि एक घायल व्यक्ति के अस्पताल पहुंचाओल गेल अछि। मृतक भारतीय नागरिक छथि।

वीडियो मे देखल गेल दुर्घटनाक भयावह दृश्य

दुर्घटनाक एकटा वीडियो सोशल मीडिया पर सेहो सामने आयल अछि। वीडियो मे किछु लोक हेलीकॉप्टरक उतारबाक प्रतीक्षा करैत देखाइत छथि। एही बीच अनचोके दूटा हेलीकॉप्टर ओतय पहुंचैत अछि आ दुनू आपस मे टकरा जाइत अछि। टक्कर होइतहि हेलीकॉप्टरक मलबा चारू कात बिखरि जाइत अछि आ दुनू जमीन पर खसि पड़ैत अछि। एहि घटना सं आसपास ठाढ़ लोक सभक बीच अफरातफरी मचि जाइत अछि।

एकहि समय लैंडिंगक प्रयास बनल दुर्घटनाक कारण

पुलिसक प्रारंभिक जानकारीक अनुसार, दुनू छोट हेलीकॉप्टर एक्के समय उतारबाक प्रयास कए रहल छल, जाहि दौरान ई दुर्घटना भेल। उल्लेखनीय अछि जे नेपाल मे पर्यटक, पर्वतारोही आ आवश्यक सामान पहुंचयबाक लेल छोट हेलीकॉप्टरक व्यापक उपयोग होइत अछि। आपातकालीन परिस्थिति मे सेहो हेलीकॉप्टर सेवा महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि। मुदा नेपालक दुर्गम पहाड़ी भूगोल, बफीर्ला क्षेत्र आ प्रतिकूल मौसिमक कारण एहन इलाका मे हेलीकॉप्टर उड़ेनाइ आ उतारब चुनौतीपूर्ण रहैत अछि। एहि दुर्घटना के बाद हेलीकॉप्टर परिचालनक सुरक्षा पर फेर सवाल उठल अछि।

सिंगापुर मे सजल मिथिलाक रंग, दीपावली पर मिथिला मिलन 2026 केर भव्य आयोजन

सिंगापुर, एजेंसी

दीपावलीक उल्लास आ मिथिलाक समृद्ध सांस्कृतिक विरासतक रंगक बीच मैथिली सोसायटी (सिंगापुर) द्वारा आयोजित मिथिला मिलन 2026 केर भव्य आ आत्मीय आयोजन संपन्न भेल। एहि अवसर पर 50 सं बेसी मैथिल परिवारक सहभागिता सं कार्यक्रम पैघ पारिवारिक मिलन समारोहक रूप लए' लेलक। सिंगापुरक विभिन्न क्षेत्र सं आयल मैथिल परिवार एक–दोसरा सं भेंट कयलनि आ अपन मातृभूमिक भाषा, संस्कृति, परंपरा आ खानपान सं जुड़ल स्मृति साझा कयलनि। कार्यक्रमक विशेष आकर्षण रहल सहभागी लोकनिक पारंपरिक मैथिली परिधान। पारंपरिक वेशभूषा, मैथिली भाषाक बातचीत आ आत्मीयतापूर्ण व्यवहार पूरा वातावरण के मिथिलामय बना देने छल। एना प्रतीत भए' रहल छल जे हजारो किलोमीटर दूर सिंगापुर मे मिथिलाक एकटा सांस्कृतिक संसार साकार भए' उठल हो।

50 सं बेसी मैथिल परिवारक सहभागिता, पारंपरिक परिधान मिथिलाक स्वादिष्ट व्यंजन आ सांस्कृतिक प्रस्तुति सं सिंगापुर मे बनल उत्सवी वातावरण

सोसायटीक उद्देश्य आ भावी योजनापर विमर्श : कार्यक्रमक दौरान मैथिली सोसायटीक मूल समिति आ उपस्थित मैथिल परिवारक बीच परिचय आ संवाद सत्र आयोजित कयल गेल। एकर शुरूआत सोसायटीक अध्यक्ष डॉ. सुमित कुमार सोनूक संबोधन सं भेल। ओ सोसायटीक स्थापना, मैथिली भाषा–संस्कृतिक संरक्षण आ सिंगापुरक मैथिल समुदाय के एक साझा मंच देबाक उद्देश्य पर प्रकाश देलनि। ओ कहलनि जे सोसायटीक उद्देश्य मात्र सांस्कृतिक कार्यक्रम आयोजित करब नहि, बल्कि सिंगापुर मे रहयवला सभ मैथिल परिवार के एक सशक्त मंच पर एकजुट करब अछि। मैथिली भाषा, साहित्य, कला, संस्कृति आ पारंपरिक विरासत के अगिला पीढ़ी धरि पहुंचेबाक लेल सोसायटी प्रतिबद्ध अछि। एहि क्रम मे सांस्कृतिक, शैक्षणिक, साहित्यिक आ सामाजिक गतिविधि नियमित रूप सं आयोजित कयल जायत। एकर बाद सचिव मनीषा मिश्रा आ कोषाध्यक्ष राजीव कुमार मिश्रा सहित मूल समितिक सदस्य सभ संगठनक कार्ययोजना आ आगामी पहल सभक जानकारी देलनि। उपस्थित परिवार सभ सं सोसायटीक सदस्यता ग्रहण क' उद्देश्य सभ के आगू बढ़ेबाक अपील कयल गेल।

गीत–संगीत आ मनोरंजक गतिविधि : सांस्कृतिक कार्यक्रम मे सताक्षी गौड़ मैथिली गीतक मधुर प्रस्तुति देलनि। हुनकर गायन उपस्थित लोकनि के अपन माटि आ संस्कृति सं जोड़ि देलक। मैथिली मुहावरा, कहबी आ पारंपरिक भाषाज्ञान पर आधारित रोचक प्रश्नोत्तरी सेहो आयोजित भेल, जाहि मे सहभागी सभ उत्साहपूर्वक भाग लेलनि। कार्यक्रमक संचालन पंकज रॉय आ बिंदु शेखर झा कयलनि। दुनूक आत्मीय आ मनोरंजक संचालन कार्यक्रम मे नव उत्साह भरने रहल। एहि गतिविधि सभक माध्यम सं मैथिली भाषाक मिठास आ लोकपरंपराक समृद्धि सेहो उभरि क' सोझां आयल।

मिथिलाक व्यंजन सं टटका भेल गाम–घरक स्मृति : कार्यक्रमक एकटा प्रमुख आकर्षण रहल मिथिलाक पारंपरिक खानपान। अतिथि सभक लेल दालपुरी, मखानक खीर, विभिन्न प्रकारक तरुआ–भजका आ अन्य पारंपरिक व्यंजन तैयार कयल गेल छल। मिथिलाक स्वाद आ स्नेहपूर्वक परोसल भोजन लोकनिके अपन गाम–घर आ पारिवारिक उत्सवक स्मरण करा देलक। विशेष रूप सं दालपुरी आ मखानक खीर सहभागी सभक बीच चर्चाक विषय बनल रहल।

नव पीढ़ी के संस्कृति सं जोड़बाक पहल : आयोजनक महत्वपूर्ण पक्ष रहल बच्चा आ युवा पीढ़ीक उत्साहपूर्ण सहभागिता। आयोजक सभक मानब अछि जे विदेश मे रहितो अगिला पीढ़ी के मातृभाषा, लोकगीत, पारंपरिक खानपान आ सांस्कृतिक मूल्य सं परिचित करायब आवश्यक अछि। एहन आयोजन बच्चा सभ मे अपन सांस्कृतिक पहचानक प्रति गर्व आ अपन जड़ि सं जुड़ल रहबाक भावना विकसित करैत अछि। मिथिला मिलन 2026 मात्र उत्सव आ सामूहिक भोज धरि सीमित नहि रहल, बल्कि सिंगापुरक मैथिल परिवार सभके एक साझा मंच पर अनबाक सार्थक प्रयास बनल। मैथिली सोसायटी आगू नियमित सांस्कृतिक, साहित्यिक, शैक्षणिक आ सामाजिक गतिविधिक माध्यम सं समुदाय के आओर संगठित करबाक दिशा मे काज करबाक संकल्प व्यक्त कयलक। कार्यक्रम एकटा महत्वपूर्ण संदेश देलक जे भौगोलिक दूरी अपन माटि आ संस्कृति सं जुड़ल लोकनिक हृदय के अलग नहि क' सकैत अछि। भाषा, संस्कृति आ अपनत्वक सूत्र मे बान्हल मैथिल परिवारक एहि मिलन सं सिंगापुर मे मिथिलाक सांस्कृतिक पहचान के नव आधार भेटल अछि।

सऊदी अरबक दम्माम हवाई अड्डा पर हमला

रियाद, एजेंसी

यमनक हूती विद्रोही सभ सऊदी अरबक पूर्वी प्रांत स्थित दम्माम हवाई अड्डा पर दूटा ड्रोन सं हमला करबाक दावा कयलनि अछि। हूती सैन्य प्रवक्ता याह्या सरीक बयानक अनुसार, ई हमला दू चरण मे कयल गेल। एकर उद्देश्य हवाई अड्डाक विमान परिचालन कें बाधित करब छल। समाचार एजेंसी रॉयटर्सक रिपोर्टक अनुसार, ईरान समर्थित एहि समूह दावा कयलक जे सऊदी अरबक दक्षिणी शहर जीजान मे चेतावनी देबयवला रडार के सेहो ड्रोन सं निशाना बनाओल गेल। एकर अतिरिक्त जीजान हवाई अड्डा पर ठाढ़ सैन्य मालवाहक विमान पर सेहो ड्रोन हमला कयल गेल। हूती विद्रोही सभ एहि हमला के सफल बतौने छथि। हालांकि, सऊदी अरब सरकार एखन धरि एहि दावा सभक आधिकारिक पुष्टि नहि कयने अछि आ ने कोनो बयान जारी कयने अछि। उल्लेखनीय अछि जे किछुए दिन पहिने दम्माम स्थित किंग फहद अंतरराष्ट्रीय हवाई अड्डा पर सेहो हमला भेल छल। ओहि घटना मे दू गोटे मारल गेल छलाह आ आठ गोटे घायल भेल छलाह। मृतक मे एक सऊदी आ एक भारतीय नागरिक शामिल छलाह। घायलक बीच सेहो भारतीय मूलक लोक छलाह।



हूती विद्रोहीक दावा- दू ड्रोन सं कयल गेल निशाना

सऊदी नागरिक उड्डयन प्राधिकरण एहि हमलाक पुष्टि कयने छल। हूती विद्रोही सभ ओहि हमलाक जिम्मेदारी सेहो लेने छलाह।

यमन युद्ध सं बढ़ल क्षेत्रीय तनाव

जनतब दी जे यमन मे दीर्घकाल सं चलि रहल गृहयुद्ध मे हूती विद्रोही सऊदी अरबक नेतृत्ववला गठबंधनक विरुद्ध संघर्ष कए रहल छथि। पछिला किछु सप्ताह सं दुनू पक्षक बीच तनाव बढ़ल अछि। हूती सभ सऊदी अरबक हवाई अड्डा, सैन्य ठिकाना आ तेल प्रतिष्ठान सभ पर मिसाइल आ ड्रोन हमला कए रहल छथि। दोसर दिस सऊदी अरब सेहो यमन मे हूती विद्रोही सभक ठिकाना पर हवाई हमला कए रहल अछि। एहि कारण क्षेत्र मे सैन्य तनाव लगातार बढ़ि रहल अछि।

एशियाई चैंपियंस ट्रॉफी : भारत लगातार पांचम जीत दर्ज कएलक लीग चरणक अंतिम मैच मे दक्षिण कोरिया कें 8-0 सं हरेलक



हीरो एशियाई चैंपियंस ट्रॉफी पंजाब 2026 मे सोमदिन भारतीय पुरुष हॉकी टीम लीग चरणक अपन आखिरी मैच मे दक्षिण कोरिया कें 8-0 सं पराजित कएलक। लगातार पांचम जीत दर्ज करैत मेजबान टीम लीग चरण मे अपराजित रहल। दिलप्रीत सिंह (8', 40') दू गोल कएलनि, जखनकि जुगराज सिंह (11'), हरमनप्रीत सिंह (15'), शिलानंद लकड़ा (33'), सुखजीत सिंह (34'), संजय (36') आ अंगद बीर सिंह (60') एक-एक गोल कएलनि। भारत अपन पांचू मोकाबला जीत अंक तालिका मे शीर्ष स्थान पर रहल। ओतहि, हारक बावजूद कोरिया 6 अंकक संग चारिम स्थान पर रहल आ सेमीफाइनल मे ओकर मोकाबला फेर भारत सं होयत। दोसर सेमीफाइनल मे जापान (दोसर स्थान) के मोकाबला मलेशिया (तेसर स्थान) सं होयत। सेमीफाइनल 4 नवंबर आ पदक मोकाबला 5 नवंबर कें खेलल जाएत।

सोमदिन जालंधरक ओलंपियन सुरजीत सिंह हॉकी स्टेडियम मे भारत आक्रामक शुरूआत कएलक। चारिम मिनट मे सुखजीत एकटा मौका बनौलनि, मुदा हुनकर बैकहैंड शॉट कें गोलकीपर किम जेह्योन रोकि लेलनि। आठम मिनट मे दिलप्रीत बैकहैंड शॉट सं गोल कए भारतक खाता खोललनि। एहि आक्रमणक शुरूआत जुगराजक एकटा एरियल पास सं भेल छल। 11म मिनट मे भारत पेनाल्टी कॉर्नरक माध्यम सं अपन बढ़त दोगुना कए लेलक। हरमनप्रीतक पहिल प्रयास रोकि देल गेल छल, मुदा रिबाउंड पर विष्णुकांत सिंह गेंद जुगराज लग पहुंचौलनि आ ओ गोल कए देलनि। 15म मिनट मे हरमनप्रीत एकटा आओर पेनाल्टी कॉर्नर कें गोल मे बदलि भारत कें पहिल ब्रेक तक 3-0 के बढ़त दियौलनि। आब ओ 9 गोलक संग सर्वाधिक गोल करय बला खेलाड़ि सभक सूची मे शीर्ष पर छथि। दोसर क्वार्टर मे दक्षिण कोरिया नीक खेल देखबैत कतेको पेनाल्टी कॉर्नर हासिल कएलक, मुदा भारतीय रक्षापंक्ति ओकरा सभ कें गोल करबा सं रोकने रहल। 27म मिनट मे पाठक अपन पैर आगू बढ़ा शानदार बचाव कएलनि आ आमने-सामने के स्थिति मे सोन डैन कें गोल करबा सं रोकि देलनि। भारत कें सेहो मौका भेटल, मुदा आदित्य अर्जुन लालागेक शॉट बाहर चलि गेल। एकटा आओर पेनाल्टी कॉर्नर भेटल, मुदा स्टिकक पछिला हिस्सा सं गेंद खेलबाक कारण ओकरा गोल नहि मानल गेल। मध्यांतर तक भारत 3 गोलक बढ़त बनौने रहल। मध्यांतरक बाद भारत खेलक गति तेज कएलक आ तेसर क्वार्टर मे चारि गोल दागलक। 33म मिनट मे पेनाल्टी कॉर्नरक एकटा विशेष रणनीति पर शिलानंद लकड़ा गोल कएलनि। हरमनप्रीतक पास जुगराज लग पहुंचल, जिनकर शॉट किम रोकि लेलनि, मुदा लकड़ा रिबाउंड पर गेंद कें गोल मे पहुंचा देलनि। एक मिनट बाद सुखजीत आदित्यक पास कें बेसलाइन लग सं गोलपोस्ट मे डिफ्लेक्ट कए स्कोर 5-0 कए देलनि। 36म मिनट मे संजय एकटा आओर गोल कएलनि। दिलप्रीतक शॉट रोकल गेलाक बाद संजय तेजी सं प्रतिक्रिया दैत गेंद कें गोल मे पहुंचा देलनि। भारतक सातम गोल 40म मिनट मे भेल, जखन संजय हरमनप्रीतक लंबा एरियल पास कें नियंत्रित कए गोल दिस शॉट लगौलनि आ दिलप्रीत गेंद कें हल्का स्पर्श दैत गोलकीपर कें पार पहुंचा देलनि। आखिरी क्वार्टर मे भारत खेलक गति किछु धीमा कए लेलक। एहि दौरान कोरिया किछु समय तक गेंद अपन नियंत्रण मे रखलक, मुदा ओ कोनो स्पष्ट मौका नहि बना सकल। दक्षिण कोरियाक आक्रमणक दौरान सूरज करकेरा बचाव कएलनि, जखनकि 58म मिनट मे भेटल पेनाल्टी कॉर्नर सं कोरिया कें कोनो लाभ नहि भेल।

वनडे रैंकिंग : अफगानिस्तान पहिल बेर छठम स्थान पर पहुंचल, इंग्लैंड आ श्रीलंका सेहो पिछड़ल



अफगानिस्तान पहिल बेर आईसीसी पुरुष वनडे टीम रैंकिंग मे छठम स्थान हासिल कए लेलक अछि। एहि छलांगक संग अफगानिस्तान श्रीलंका सं आगू निकलि गेल अछि। वर्ष 2009 मे अंतरराष्ट्रीय वनडे क्रिकेट मे पदार्पण करबाक बाद अफगानिस्तानी टीमक तीव्र प्रगति एकटा पैघ उपलब्धि अछि। टीम रैंकिंग मे बांग्लादेश, इंग्लैंड आ वेस्टइंडीज कें सेहो पछाड़ि देने अछि। रैंकिंग मे ई नव उपलब्धि वनडे प्रारूप मे अफगानिस्तानक लगातार नीक प्रदर्शन के दर्शबैत अछि। टीम अपन 191 मोकाबला मे 96 मैच जीतने अछि।

एकटा मजबूत टीमक रूप मे अफगानिस्तानक उभार प्रमुख अंतरराष्ट्रीय टूर्नामेंट मे स्पष्ट रूप सं देखाइ पड़ैत अछि। आईसीसी पुरुष क्रिकेट विश्व कप 2023 मे अफगानिस्तान पाकिस्तान आ श्रीलंका जेकां टीम सभक विरुद्ध ऐतिहासिक जीत दर्ज केने छल। एहि जीत सं साबित भेल जे अफगानिस्तान अंतरराष्ट्रीय स्तर पर बेसी अनुभवी टीम सभ कें सेहो कड़ी चुनौती देबाक क्षमता रखैत अछि। मात्र वनडे क्रिकेटे नहि, टीमक प्रगति सभ सं छोट प्रारूप मे सेहो देखय लेल भेटल, जतय ओ पहिल बेर आईसीसी पुरुष टी-20 विश्व कप 2024क सेमीफाइनल मे जगह बनौने छल। हालक परिणाम सेहो अफगानिस्तानक दावेदारी कें आओर मजबूत केने अछि। टीम आयरलैंडक विरुद्ध श्रृंखला मे 4-0 सं क्लीन स्वीप कएलक। एकर बाद जिंबाब्वे आ बांग्लादेशक संग त्रिकोणीय श्रृंखला मे अपराजित रहैत खिताब जीतलक। हालहि अफगानिस्तान जिंबाब्वेक विरुद्ध टी-20 श्रृंखला मे 3-0 सं क्लीन स्वीप केने अछि। आईसीसी वनडे रैंकिंग मे भारत 115 रेटिंग अंकक संग शीर्ष स्थान पर अछि, जखनकि न्यूजीलैंड 109 रेटिंग अंकक संग दोसर स्थान पर अछि। ओतहि, दक्षिण अफ्रीका (104 रेटिंग अंक), पाकिस्तान (104 रेटिंग अंक) आ ऑस्ट्रेलिया (102 रेटिंग अंक) क्रमशः तेसर, चारिम आ पांचम स्थान पर अछि।

एकर बाद अफगानिस्तान 94 रेटिंग अंकक संग छठम स्थान पर मौजूद अछि, जखनकि श्रीलंका (94 रेटिंग अंक) सातम स्थान पर अछि। इंग्लैंड (93 रेटिंग अंक), बांग्लादेश (81 रेटिंग अंक) आ वेस्टइंडीज (79 रेटिंग अंक) क्रमशः आठम, नवम आ दसवां स्थान पर अछि।

राइजिंग स्टार्स एशिया कप : तिलक वर्मा संभारतथि 'इंडिया ए' टीमक कमान, पाटीदार बनलाह उपकप्तान



भारतीय टी-20 टीमक उपकप्तान तिलक वर्मा कें एशियाई क्रिकेट परिषद (एसीसी) पुरुष राइजिंग स्टार्स एशिया कप लेल 'इंडिया ए' टीमक कप्तान नियुक्त कएल गेलनि अछि। पुरुष चयन समिति 15 सदस्यीय टीम मे आईपीएलक दू बेर विजेता कप्तान रजत पाटीदार कें उपकप्तान चुनलक अछि। ई टूर्नामेंट 19 सं 29 नवंबर तक कतरक दोहा मे खेलल जाएत। टीम मे प्रभसिमरन सिंह आ कुमार कुशाग्र विकेटकीपरक रूप मे शामिल छथि। एहि अतिरिक्त टीम मे अभिषेक शर्मा, वैभव सूर्यवंशी, रिंकू सिंह, प्रिंस यादव, सूर्यांश शेडगे, शाहबाज अहमद आ हर्ष दुबे सेहो छथि। तेज गेंदबाजी ऑलराउंडर हर्षित राणा सेहो एहि टीम मे शामिल छथि। हर्षित हैमस्ट्रिंग चोट सं उबरबाक लेल भारतीय क्रिकेट नियंत्रण बोर्ड (बीसीसीआई) सेंटर ऑफ एक्सीलेंस (सीओई) गेल छलाह, मुदा ओतय एकटा मैच सिमुलेशनक दौरान हुनकर जांघक मांसपेशी (रेक्टस फेमोरिस) मे खिंचाव आबि गेल छल। एखन ओ एहि चोट सं उबरि रहल छथि। टीमक शेष सदस्य मे तनुष कोटियन, विपराज निगम आ अरशद खान शामिल छथि। एकर अर्थ ई सेहो अछि जे ई खेलाड़ी अपन-अपन राज्य टीम दिस सं सैयद मुश्ताक अली ट्रॉफीक पैघ हिस्सा मे नहि खेल सकताह। इंडिया ए कें संयुक्त अरब अमीरात (यूएई), नेपाल आ पाकिस्तान ए संग ग्रुप बी मे राखल गेल अछि। ग्रुप ए मे बांग्लादेश ए, श्रीलंका ए, अफगानिस्तान ए आ हांगकांग, चीन शामिल अछि। भारतीय टीम अपन अभियानक शुरूआत 20 नवंबर कें वेस्ट एंड पार्क इंटरनेशनल स्टेडियम मे नेपालक विरुद्ध करत। टीम 22 नवंबर कें ओहि मैदान पर पाकिस्तान ए सं भिड़त आ तकर बाद 24 नवंबर कें यूनिवर्सिटी ऑफ दोहा फॉर साइंस एंड टेक्नोलॉजी मे यूएईक विरुद्ध अपन ग्रुप चरणक आखिरी मैच खेलत। प्रत्येक ग्रुपक शीर्ष दू टीम सेमीफाइनल मे पहुंचत, जे क्रमशः 26 आ 27 नवंबर कें खेलल जाएत। फाइनल मोकाबला 29 नवंबर कें आयोजित होयत।

इंडिया ए टीम

अभिषेक शर्मा, वैभव सूर्यवंशी, प्रभसिमरन सिंह (विकेटकीपर), तिलक वर्मा (कप्तान), रजत पाटीदार (उपकप्तान), रिंकू सिंह, कुमार कुशाग्र (विकेटकीपर), सूर्यांश शेडगे, शाहबाज अहमद, विपराज निगम, हर्ष दुबे, तनुष कोटियन, हर्षित राणा, प्रिंस यादव आ अरशद खान।

आईसीसी रैंकिंग : करियरक तेसर वनडे मैच मे 5 विकेट झटकलनि, वैष्णवी शर्मा 53 स्थानक छलांग लगौलनि



भारतीय महिला क्रिकेट टीमक युवा स्पिनर वैष्णवी शर्मा आईसीसी महिला वनडे रैंकिंग मे पैघ छलांग लगौलनि अछि। जिंबाब्वेक विरुद्ध तीन मैचक श्रृंखला मे शानदार प्रदर्शनक बाद वैष्णवी गेंदबाजी रैंकिंग मे 53 स्थान ऊपर चढ़ि 94म स्थान पर पहुंचि गेलीह। 20 वर्षीय स्पिनर तेसर आ आखिरी वनडे मे बेहतरीन प्रदर्शन कएलनि। एहि दौरान ओ अपन करियर मे पहिल बेर एक पारी मे 5 विकेट हासिल कएलनि। एहि प्रदर्शनक बदौलत ओ भारतीय खेलाड़ि सभ मे सब सं बेसी लाभ पाबय बला खेलाड़ि बनि गेलीह। दोसर वनडे मे चारि विकेट लेबाक बाद वैष्णवी श्रृंखलाक आखिरी मैच मे सेहो अपन शानदार प्रदर्शन जारी रखैत 39 रन दए 5 विकेट लेलनि। वनडे प्रारूप मे ई हुनकर तेसर मैच छल। दमदार प्रदर्शनक लेल हुनका 'प्लेयर ऑफ द मैच' चुनल गेलनि आ भारत श्रृंखला मे 3-0 सं क्लीन स्वीप कएलक। गेंदबाजी रैंकिंग मे वैष्णवीक अतिरिक्त सयाली सतघरे सेहो शानदार प्रगति केने छथि। जिंबाब्वेक विरुद्ध तेसर वनडे मैच मे सयाली 6 ओवर मे 11 रन दए 2 विकेट झटकलनि। एहि प्रदर्शनक बदौलत ओ 18 स्थान ऊपर चढ़ि 85म स्थान पर पहुंचि गेलीह। तेसर वनडे मे दू विकेट लेबाक बाद बामा हाथक स्पिनर क्रांति गौड़ एक स्थान ऊपर चढ़ि 24म स्थान पर पहुंचि गेलीह। जिंबाब्वेक दिस सं नोमवेलो सिबांडा गेंदबाजी रैंकिंग मे दू स्थान ऊपर चढ़ि 60म स्थान पर पहुंचि गेलीह। ओ भारतक विरुद्ध वनडे श्रृंखला मे कुल 3 विकेट झटकलनि। एहि सूची मे ऑस्ट्रेलियाक गेंदबाज अलाना किंग शीर्ष स्थान पर छथि। भारतीय खेलाड़ि सभ मे दीप्ति शर्मा (आठम स्थान) सब सं आगू छथि। बल्लेबाजी रैंकिंग मे भारतीय सलामी बल्लेबाज प्रतिका रावल जिंबाब्वेक विरुद्ध लगातार नीक प्रदर्शन करैत तीन स्थानक छलांग लगौलनि। आब ओ 18म स्थान पर पहुंचि गेलीह। प्रतिका रावल एहि श्रृंखला मे लगातार तेसर बेर अर्धशतक लगबैत अपन शानदार फॉर्म कायम रखलनि। 51 रनक तेजतर्रार पारी खेलनिहार सलामी बल्लेबाज शेफाली वर्मा आठ स्थान ऊपर चढ़ि 65म स्थान पर पहुंचि गेलीह। जिंबाब्वेक मोडेस्टर मुपाचिकवा आखिरी वनडे मे 37 रन बना तीन स्थानक छलांग लगबैत 36म स्थान पर पहुंचि गेलीह। ओतहि, जिंबाब्वेक कप्तान जोसेफीन एनाकेमोो बल्लेबाजी रैंकिंग मे दू स्थान ऊपर चढ़ि 49म स्थान पर पहुंचि गेलीह। दक्षिण अफ्रीकाक लौरा वोल्वाड्र्ट शीर्ष स्थान पर बनल छथि, जखनकि भारतीय कप्तान स्मृति मंधाना दोसर स्थान पर छथि।

यशस्वी जायसवाल आ यश राठौड़क शतक, इंडिया ए आ न्यूजीलैंड ए बीच दोसर अनाधिकारिक टेस्ट ड्रॉ



भारतीय सलामी बल्लेबाज यशस्वी जायसवाल फॉर्म मे वापस लौटि एलाह। न्यूजीलैंड ए विरुद्ध दोसर अनाधिकारिक टेस्टक दोसर पारी मे शानदार शतक लगबैत जायसवाल ने मात्र अपन फॉर्म वापस नहि पाओल, बल्कि मैच ड्रॉ करय मे महत्वपूर्ण भूमिका सेहो निभौलनि। पिछला तीन पारी मे बेहद निराशाजनक प्रदर्शन करय बला जायसवाल एहि पारी मे आक्रामक नजरि एलाह। बामा हाथक एहि सलामी बल्लेबाज मात्र 162 गेंद पर 5 छक्का आ 15 चौकाक मदति सं नाबाद 155 रन बनौलनि। चारिम नंबर पर बल्लेबाजी करय एल यश राठौड़ हुनका नीक साथ देलनि। राठौड़ सेहो शतक लगबैत 122 गेंद पर 9 चौकाक मदति सं 100 रन बनौलनि। जायसवाल आ राठौड़क बीच नाबाद 247 रनक साझेदारी भेल। भारत ए अपन दोसर पारी मे 2 विकेट पर 282 रन बनौने छल। टेस्टक आखिरी दिन (मंगल) चाय काल मैच ड्रॉ घोषित कए देल गेल। इंडिया ए अपन पहिल पारी मे कप्तान ध्रुव जुरेलक 105, देवदत्त पडिक्कलक 80 आ आकाशदीपक 68 रनक बदौलत 346 रन बनौने छल। न्यूजीलैंड अपन पहिल पारी मे 424 रन बनाकए इंडिया ए पर 78 रनक महत्वपूर्ण बढ़त लेने छल। दोसर पारी मे इंडिया ए जायसवाल आ राठौड़क शतकीय पारीक बदौलत 52.4 ओवर मे 2 विकेट पर 282 रन बनौलक आ मैच ड्रॉ घोषित कए देल गेल। दूनू टीमक बीच खेलल गेल पहिल अनाधिकारिक टेस्ट सेहो ड्रॉ रहल छल। तेसर अनाधिकारिक टेस्ट 7 नवंबर सं खेलल जाएत। यशस्वी जायसवालक फॉर्म मे वापसी भारतीय टीम लेल दोसर अनाधिकारिक टेस्टक सभ सं पैघ उपलब्धि रहल।



वर्ष 17, अंक 55 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेडः** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053